84(5Qar)
G S-94



ALPÍSBAY SULTANOV

# ARAL BOYÍNDAǴÍ AWÍL

UOK 821.512.121-053.2
KBK 5 Qar
S — 93

**Alpısbay Sultanov. Aral boyındağı awıl.** *(Kinoqıssa, novellalar, gúrrińler, ańızlar, ápsanalar)* «Bilim» baspası, 2018-jıl, 128 bet.

**UOK 821.512.121-053.2**
**KBK 5 Qar**
**S — 93**

Alpısbay Sultanov Qaraqalpaq balalar ádebiyatınıń kórnekli wákillerinin biri. Ádebiy laqabı Alp Sultan bolǵan avtor kishkene kitap oqıwshılarına «Bolar bala bes jasınan», «Nazıbayǵúl», «Besinshi awıl balaları», «Qara pıshıq penen qara kúshiktiń qılwaları», «Ákem haqqında áńgimeler» atlı gúrrińlerin inám etti.

Balalarǵa tán til menen, qızıqlı waqıyalardı jámlep jazılǵan bul toplam sizlerdiń kewilińizden shıǵatuǵınlıǵına gúman keltirmeymiz.

Pikir bildiriwshiler:

**Beknazar Ernazarov** — *Ózbekstan hám Qaraqalpaqstan jazıwshılar awqamınıń aǵzası, «Qarlıǵash» jurnalınıń Bas redaktorı;*
**Sársenbay Qazaqbaev** — *filologiya ilimleriniń kandidatı.*

RESPUBLIKALI'Q
MA'LIMLEME-RESURSLI'Q
WORAYI'
INV № 89886

ISBN 978-9943-4446-9-0

© A. Sultanov, 2018
© «Bilim» baspası, 2018

# *«BESINSHI AWİL BALALARİ» DÚRKINİNEN*

## ARAL BOYİNDAGİ AWİL

*(Kinoqıssa)*

*Ekinshi jer júzilik urıs jıllarınıń balalarına baǵıshlayman.*

***Avtor***

### 1. MÁTEKENİŃ MASHİNİ

— Marqabay! Júr, júr! Tez bola ǵoy!

— He-e, ne bunsha haplıǵıp!

— Máteke mashının aydayın dep atır! Balalardı shaqırıp kel, xodlaǵannan keyin mingizemen, — dedi.

— Yaq, men barmayman. Ol keshegidey taǵı da aldap ketedi.

— Bugin aldamaydı.

— Sen onı qaydan bileseń?

— Bilemen. Maǵan ayttı aldamayman, dep.

— Yaq, men bara almayman, qolım tiymeydi. Mal qoranı tazalawım kerek.

— Júre qoysa endi, Marqabay. Kelgennen soń tazalaysań ǵoy. Men de kómeklesemen.

— Yaq, házir tazalamasam apam baqıradı.

— Endi qalay boldı! Ekewimiz de barmasaq Máteke mashının «xodlay» almaydı ǵoy.

— O nege? «Xodlaydı». Kolxozdıń ógizlerine tarttırsın.

— Endi oǵan ógiz bermeydi ǵoy, óziń bileseń...

Temir jabanı tasladım da, Muratbektiń sózin qıymay onıń keynine erdim. Mátekege endi ógiz bermeytuǵını ıras edi. Óytkeni, ol qısta mashınımdı ógizge tarttırıp xodlayman dep kolxozdıń eki ógizin mayıp etti. Bul quraqım ógizler pıshaqqa ilindi: deńgene etip góshin úlestirgende xalıq jep túwese almap edi.

Sonnan berli Mátekeniń bizlerden basqa qáwenderi joq. Úlkenler onıń aytqanın qılmaydı, hayallar «basıp ketedi», dep qorqıp mashinasınan qashadı. Mátekeniń mashınına heshkim isenbeydi. Ol «min» dep jalınsa da, hayallar minbey atızǵa jayaw baradı.

Awıldaǵı erkek atawlınıń hámmesi armiyaǵa alınǵanda, usı Mátekeniń ne ushın alınbay qalǵanına bizler biraz kúnge shekem bas qatırıp júrdik. Sonda Amanbay: «ol urısqa barıp kelgen, onıń ayaǵınıń astında mina jarılıp, ol essiz qalǵan, betindegi esap-sansız oyıqlardı kórmeyseń be, solar urıstıń salǵan tańbaları», dep bizlerdi isendirmekshi boldı.

Sadamız ǵoy, bizler oǵan dáslep isendik te, biraq jalǵız Temirbek ǵana onıń bul gáplerine inanbaǵan edi.

— Máteke patron oqlap atırǵanda jamı kóship ketip, beti usınday bolǵan,— dedi ol.

— Sonda betindegi oyıqlar pıtıranıń tiygen jerleri me?— dep onıń awzına úńildik bizler.

— Yaq, dárininiń kúydirgeni, — dep isenimli juwap berdi Temirbek. Máteke tuwralı bizlerdiń esitken-bilgenlerimizdiń usı bolǵanı edi.

Bizler kelsek, Mátekeniń mashınınıń qasına balalar álleqashan jıynalıp qalǵan eken. Ol mashınınıń astınan betleri kúye-kúye bolıp shıqtı.

— Áy, ottı qansha jaqsań da paydası az, bunı iyterip «Xodlawdan» basqa ilaj joq, júretuǵın mashındı urıstan qaldırama sirá, — dep tońqıldadı Máteke.

— Qáne, iyterip jiberiń, jigitler!

Ol iyterer waqıtta bizlerdi mudamı «jigitler» dep maqtawımızdı jetkeredi, soǵan marapatlanıp ókpemizdiń óshkenin bilmeymiz.

Máteke «Uralzis»tiń kabinasına otıradı, bizler bar kúshimizdi salıp artınan iytere basladıq.

— Mashınnıń aldınan, qaptalınan ketińler, — dep táshwishlendi ol. Onıki de durıs. Kolxozdıń ógizlerindey etip basıp ketse, juwap beredi ǵoy, aqırı.

Óldim azarda, shala ókpe bolıp Mátekeniń mashının xodladıq. Ol bul ret te bizlerdi aldadı. Xodlanǵannan keyin mashın bizlerge jetkizbesten bádár ketti. Bizlerdiń sharshap, appaq shańǵa batqanımız qaldı tek te.

— Áne, aldadı ǵoy taǵı, — dep jekirindim men Muratbekke.

— Haw, mashın bir júrip ketse toqtay almaydı dá!— dedi Muratbek.
— O nege toqtay almaydı?
— Toqtasa óship qaladı. Sonnan keyin tağı iyteriwimiz kerek.
— Sonda ne, bunı zavodtan usı jerge shekem iyterip kelgen be?
— Múmkin...
— Áy, gáp bolğanıńa,— dedi bizlerden góre estiyarlaw Temirbek.
— Biziń Jiyenbay ájağam armiyağa ketpesten burın onı áp-ánedey etip aydaytuğın edi ğo!
— Al Máteke nege sonday etip ayday almaydı? Onı nege armiyağa almağan?
— Ol shofyorlıqta oqımağan.
— Sonda nege oğan kolxozdıń mashının aydawğa berip qoyıptı?
— Basqa aydaytuğın erkek adam bolmasa ne qıladı?
Muratbektiń sorawı hámmeni oylandırıp tasladı. Biziń awılda Mátekeden basqa eresek erkek adamnıń joqlığı yadıma tústi meniń. Hátte, biziń kolxozdıń baslığı da hayal adam edi. Balalar ákesin oyladı bilemen, túnerip hámme jer sızıp qaldıq...

## 2. BALDAQLÍ ADAM

— Anaw kiyatırğan kim?
— Haw, haw?!
— Kim eken-áy?
— Bir ayağı joq ğoy!
— Qoltığındağı ne?
— Tayaq ğoy!
— Tıq... tıq... tıq!...
Baldaqlı adam bizlerge qaray júrip kiyatır.
— Way-iy, «nemis!» Saqalı ósip ketken, qarayğoy!
Bizler haplığısıp awılğa qaray juwıra basladıq. Izde qalğanlar qorıqqanınan ókirip jılap kiyatır.
— Podojdite... Rebyata!
Men juwırıp baratırıp artıma qaradım. Baldaqlı kisi albırağannan ayağı shalısıp, orpań shańğa jığılıp qaldı.
— Ol orısshalap sóylep atır, — dedim men balalarğa.
— Áy júdá, — dep tańlandı Temirbek.
— Qoy, isenbeń oğan, «nemisler» de orıssha biledi deydi.

Aldı-artına qaramastan Muratbek ele juwırıp baratır.

— «Rebyata» deydi ǵoy. Bizlershe balalar degeni. Demek, ol orıs saldatı.

Bizler Temirbek ekewimiz irkildik.

— Hey, sizler nege toqtap qaldıńlar? Qolında quralı bolıp, ol atsa ne qılasız? — dep dawısladı Muratbek.

— Qorıqsań keteber.

Bizler endi ekewimiz baldaqlı adamǵa qaray jaqınladıq. Ol tik ayaǵına tura almay, topıraqta awnap atır edi.

— Rebyata, ne boytes... ya russkiy... sovetskiy soldat... — dedi ol ústindegi jawıngerlik kiyimlerin, bes juldızın kórsetip.

— Russkiy, sovetskiy! — dep qaytaladım men.

Balalar endi bizler betke qaray juwırdı. Temirbek ekewimiz onı súyep túrgeltip, ústiniń shańın qaqtıq. Onıń kókiregindegi orden — bes juldız qıp-qızıl bolıp kún nurına shaǵlısıp ketti.

— Kupriyakovlardıń úyi qaysısı? — dedi ol.

— Anaw shettegi jay.

— Hayal-bala-shaǵası bar ma úyinde?

— Kóship ketti ǵoy. Kúyewi armiyada edi. Anaw kúni «qara xat» keldi. Sonda hayalı biyshara tınbastan kóp jıladı. Soń awılda amangeri bolmaǵanlıqtan kóship ketti aǵayinlerinikine.

Baldaqlı adam eki qollap basın uslap edi, teńsalmaqlılıqtı saqlay almay taǵı tentireklep ketti.

— Ol bizlerdiń gápimizge túsinbedi,— dedi Temirbek.

— Sonda nege basın usladı? — dedim men.

— Basına burın oq tiygen bolıwı itimal, jańa jıǵılǵanda lárzem bergen shıǵar. Onıń ústine bizlerdiń gápimizge túsinbegen soń ne islerin bilmey turǵanı, biysharanıń.

Temirbek estiyarlaw bolǵanlıqtan bizlerge qaraǵanda ádewir aqıllı edi. Kórdiń be, gáplerinin saldamlısın.

Baldaqlı adam Kupriyanovtıń úyine qaray júre basladı. Bizler de shubırısıp, onıń sońınan erip kiyatırmız.

— Vı russkiy yazık izuchali,— dedi ol bizlerdiń betimizge tigilip.

— Da, malo-malo...— dedi Temirbek.

Ishimizde «bilgish» dep júrgen ol da aytajaǵın tolıq orıssha ayta almay irkilip qaldı. Bolmasa onıń ne demekshi bolǵanın bizler bilip-aq turmız. Ol «rus tili muǵallimimiz armiyaǵa ketti, endi oqıtatuǵın adam joq» dep ádepki gápin jalǵastırmaqshı.

Bizler Kupriyakovtıń úyine keldik.

— Gde oni? — dep tańlandı ol.

Oǵan orısshalap túsindiriw bizlerdiń hesh birimizdiń qolımızdan kelmedi.

— Kupriyakovtıń úyine baldaqlı adamnıń kelgenin baslıqqa bildireyik, — dedi bir waqıtta Temirbek.

— Sóytiw kerek, — dep kelisim berdi hámme balalar.

Kolxoz baslıǵı Zabiyra apanıń úyine Muratbek juwırıp ketti. Kúndiz kolxoz baslıǵı úyinde bolar ma, sirá.

— Atız bette qusaydı, — dep keldi ol.

Sonıń arasında soldattıń kelgenin esitip Kupriyakovtıń jayına awıldıń barlıq kempirleri jıynaldı. Olardıń hár qaysısı óziniń jigerbenti — balasın sorap atır. Oǵan túsinetuǵın soldat joq. Kempirlerdi jubatpaqshı bolıp bir nárselerdi aytadı. Om Temirbekten basqa heshkim «túsinbeydi». Íraslı-ótirikli ol bizlerge dilmashlıq etip otır. Basqanı bilmeymen, meniń ózim sonda Temirbek qusap az da bolsa qalada oqımaǵanıma ne degen ókindim deyseń. «Bilgishligi» ushın Temirbekti burınǵıdan da beter jaqsı kórip kettim.

— Bunı úybetlerge aparayıq, — dedi Altıngúl kempir.

Bul usınıs hámmege maqul tústi.

— Soldatqa ayt, balam, — dedi Altıngúl sheshem Temirbekke, úy betlerge barıp shay-suw ishsin.

— Poydem, — dedi Temirbek soldatqa.

— Kuda, kuda? — dedi ol.

Temirbek bul saparı orıssha taba almadı ma, bilmeymen, oǵan awıl betti nusqadı.

Bizler Temirbektiń úyine kelgende ımırt úyirilip qalǵan edi. Altıngúl sheshem qumandı otqa basıp, shay qaynatıp berdi, aldına sarı may qoyıp, jambaslaw ushın qoltıǵına eki kópshik usındı.

— Spat ne xochu,— dedi soldat.

— Ol ne degeni,— dep hámme Temirbektiń awzına úńildi.

Uyqılaǵım kelmeydi, dep atır, — dedi Temirbek.

Hámme duw kúlisti. Soldat buǵan qapa bolayın dedi. Soń Temirbek basın isletip, astaxtanı stol etip jayıp, oǵan shay berdi.

Atızdan hayallar kelgennen keyin bayaǵı jılaw-jılaw ma, boldı bir ulı-shuw, bay-bay. Qullası, sol kúni baslıq Zabiyra apay ǵarrılar menen hayallarǵa táselle berip toqtatıp, tún jarpında soldatqa krovatqa tósek salıp berip jatqızdı.

Soldat urısqa shekem onınshı klastı pitkerip, traktorshı bolǵan qusaydı, atı Yakov eken. Kempirler onı «Yaqıp» dep atap ketti.

## 3. TEMIRBEK SHOFYOR BOLDÍ

Ádettegishe hár kúni awıl hayalları sıyırların sawıp bolıp, mallardı padaǵa qosıp, jumısqa shıǵatuǵın waqıtta Máteke mashının shuqlawǵa otıratuǵın edi. Búgin ol Yaqıp aǵadan tartındı ma, bizlerdi de qasına shaqırmastan iske jedelli kirisip ketti. Mashınnıń qası ala tútin, mayǵa basqan shobıt tútep janıp atır. Buǵan Yaqıp aǵa ań-tań boldı.

— Ol ne islep atır! — dedi ol orısshalap Temirbekke.

— Mashinanı xodlamaqshı, — dedi Temirbek.

— Olay bolsa mashındı órtewdiń ne keregi bar!

— Óytpese xodlanbaydı ǵoy. Házir bir maydannan Máteke bizlerdi mashının iyteriwge shaqıradı, — dedim men.

— He-e, akkumlyatorı otırıp qalǵan ba?

— Yaq, zaryadkadan jaqında shıǵardı.

— Onda házir xodlaymız.

— Bereket tabıń, xodlań, Yaqıp aǵa. Biziń apamlar qula qırdaǵı atızǵa jayawdan-jayaw barıp júr. Alıp baratuǵın mashınnıń mınaw turısı.

Temirbek penen Yaqıp aǵa Mátekeniń mashınına qaray júrip ketti. «Qalay ońlar eken», dep qızıqsınıp, bizler sońında shojıp júrmiz.

— Assalawma áleykum, — dep Mátekege qolın sozdı Yaqıp aǵa. Ol biraz qaraqalpaqsha sózlerdi úyrenip alǵan edi.

Máteke Yaqıp aǵaǵa bejireyip bir qaradı da, oktyabr-oktyabr qolların qoltıǵına sıpırıp sálemlesken boldı.

— Buǵan ne kerek? — dedi ol Temirbekke qarap.

— Sizge járdemge keldik, Máteke aǵa.

Temirbektiń gápi Mátekege unamadı.

— Sizlerdiń járdemińizge zárúr emespen, maǵan járdemniń keregi joq, — dep isine aynalıstı Máteke.

— Haw, Máteke aǵa, esheyinde mashınıńızdı iyteriwge shaqıratuǵın edińiz. Endi...

— He-e, endi aspannıń astı qapılıp aqsaq adamǵa mashın iyteriw qalıppedi maǵan. Ákelgen adamına qara bunıń. Meni masqara etpekshimiseń? Bar jolıńdı tap! Úyińde nanıń kóp bolsa taǵı bir-eki ay baq, soń kemis ayaǵı ósip jetilisip keter, — dedi Máteke kózine qan tolıp.

— Máteke aǵa, siz nege olay deysiz? Ol siziń menen bizdi fashistlerden qorǵap júrip ayaǵınan ayrılǵan ǵoy.

Fashist degen sózdi esitip Yaqıp aǵa gápke aralastı.

— Men fashist emes, men — rus! — dedi ol.

— Kórip turman. Orıs bolsa eline sıymay ne qılıp júr bunda?

— Haw, Máteke aǵa, Sovetler awqamı hámmemizdiń elimiz emes pe? Sen Rossiyaǵa barsań, seni ket, dep quwıp jibermeydi ǵoy!

— Hey, muǵallimińniń aytqan gápin qaytalama maǵan, bereket tap. Men saǵan oqıwshı emespen. Orısiyat jaqqa barayın dep atırǵan joqpan men. Barmayman da!

— Nege barmaysız? El qorǵaw siziń wazıypańız emes pe?

— Hey, bala, tart tilińdi! Maǵan aqıl úyretpe! Men kolxozǵa kerekpen. Meni urıstan kolxoz alıp qaldı.

— Alıp qalıp nadurıs islegen eken. Siziń ya kolxozǵa, ya frontqa tiygizip atırǵan paydańız joq. Qısı jazı mashinańızdı órtew menen háleksiz.

— Hey, atańa nálet, keteseń be armaǵan, yaki mennen qorlıq kórgiń kelip tur ma? — Máteke ruchkanı alıp Temirbekke qaray topıldı.

— Uyat emes pe! — dep ortaǵa tústi Yaqıp aǵa, — Shawqımsız sheshiwge bolmas pa edi?

— Boladı, — dedi Temirbek hám Yaqıp aǵanı kolxozdıń keńsesine qaray eritip alıp ketti.

Bizler awıl balaları Temirbek penen urısqanı ushın Mátekege ókpelep, onıń mashinasın iyterispedik. Sol kúni túste baslıq Zabiyra apay atız basında jıynalıs ashıp, Mátekeni shofyorlıqtan shıǵarıp tasladı. Yaqıp aǵa «shofyorlıqtı Temirbekke úyretemen» dep kópshiliktiń aldında wáde beripti.

Yaqıp aǵa óz sózinen shıqtı. Bir aydıń ishinde Temirbek ortań qolday shofyor bolıp shıǵa keldi. Dáslepki kúnleri mashınnıń qaptalına Yaqıp aǵanı mingizip aydap júrdi, keyin jalǵız ózi-aq ayday alatuǵın boldı. Bizler ıńqa-ıńq mashın iyteriwden qutıldıq.

Temirbek mashınnıń kabinasına miniwden Máteke órtep qara küye bolǵan «Uralzis» «gúrr» etedi. Awıl balaları bolıp jámlesip bir kún mashındı juwıp edik, tap-taza bolıp shıǵa keldi. Sonnan baslap Yaqıp aǵa kolxozdıń temirshi ustası, al Temirbek shofyorı atandı.

## 4. BIYTANÍS ATLÍ, YAMASA «DAWLEN TEREK»TEGI TÚN

Mátekeniń esiginiń aldına biytanıs adam minip kelgen qızıl at baylanǵanda kún batıp, padadan kelgen mallar móńiresip, buzawları menen tabısıp atırǵan payıt edi. Shofyorlıqtan shıqqalı berli jumıssız jatqan Mátekeniń úyine kelgen bul atlı meni qızıqtıra basladı.

«Kim eken bul adam? Mátekeniń tuwısqanı ma eken? Usınday alasapıranlı kúnlerde at minip, mańqıyıp ne qılıp júr? Nege urısqa barmaydı?»

Bul oylar maǵan tınım taptırmadı. Úyden jartı zaǵaranı aldım da, «Temirbektiń úyine barıp kelemen» dep ketip, tıń-tıńlaw ushın Mátekeniń úy betine jol aldım.

Qara úyge jaqınlaǵanımda ol úydiń Aqtırnaǵı shabalanıp shıqtı. Qorıqqanımnan terektiń basına órmelep kettim. Urıstan burın pútkil awıl balaları átkónshek tebetuǵın orın edi bul. Mátekeniń úyi kóship kelgeli «Dáwlen terek» dep atı keshken bul terekke adam jolamaydı. Dúnyadan biyperzent ótken Dáwlen atamnan qalǵan jalǵız miyras edi. Mine endi onıń túbin Aqtırnaq iyelep jatır.

Ses-semirsiz otırsam da, iyt úrgenin qoymadı. Aqır sońında oǵan qolımdaǵı zaǵaramdı berip qutıldım, onıń únine suw quyıldı. Bári bir meniń tómenge túsiwim múshkil edi. Tússem iyt sıyraǵımnan alatuǵının sezip turman. Az da bolsa eki saattay waqıttı terektiń basında ótkerdim. Kem-kem uyqım da kele basladı. Ara tura múlgip, jerge jıǵılıp kete jazlayman. Állen waqıtta Máteke menen qonaq kisi dalaǵa maydanlawǵa shıqtı.

— Jiyenim, — dedi ol qonaq kisige sál dawısın páseytip. — Saǵan aytajaq bir gápim bar. Isensem bola ma. Seni shaqırtqandaǵı maqsetim sonı aytıw edi...

— Ayt, ayta ber.

— Awılǵa Yaqıp degen bir aqsaq kelip, meni pútkil xalıq aldında masqara etti. Atańa nálet, temir-tirsekke maman aq eken. Men aydap kelistire almay júrgen laqsendeni áp-ánedey etip dúzetip shıqtı. Onıń menen turmay, mashın aydawdı ana Altıngúl kempirdiń aqlıǵı Temirbek degen jer jutqırǵa úyretip, meni jep otırǵan nanımnan ayırdı, endi sol júwernemek zırlatıp aydap júr mashındı. Solardan meniń óshimdi alıp bermeseń, bináy ómirimde ırza emespen. Eger isti bárjay etseń,

sarpayıńdı moldan jabaman, jiyenim. Bul gáplerdi bala-shaǵa esitpesin, dep sırtqa shıǵarıp aytıp atırǵanım...

Máteke biytanıs adamnıń jawırnınan qaǵıp qoydı.

— Óziń nege gúmin shekpeyseń olardıń?

Men aralassam sezip qoyadı, kópke sozbay óziń olardı bir jaqlı etiwiń kerek. Jańaǵı Temirbek degen júwernemek «urısqa nege ketpediń» dep izime túsip júr. Bir kún bolmasa bir kún sır ashılıp qalar...

— Haw, awzın japqan joqpediń armiyaǵa jiberetuǵınlardıń?

— Neǵılǵan? Barlıǵınıń birden awzın jabıwǵa dúnya mal qayda? Mennen bir buzawlı sıyırdı paraǵa alǵan Turdımurat awıl keńestiń ózin de qıstıń kúni armiyaǵa alıp ketti. Bolmasa ol «kolxozǵa da qol kúshi kerek» dep bir shawqımdı basıp edi.

— Qoy, endi uzaq gápti qoyayıq, «tamnıń da qulaǵı bar degen». Birew bolmasa birew esitip qoyar.

— Onda kelistik erteń kúni boyı sen tóleden shıqpay jasırınıp jatasań, awqattı izińnen ózim aparıp beremen.

— Búgingi tún qolaylı emes pe?

— Yaq, Yaqıpqa pıshaq urılǵan payıtta men kolxoz baslıǵınıń úyine jumıs sorap barǵan adam bolıp otırıwım kerek. Sen ustaxanaǵa kópirdi buzıp bolıp barasań. Sonda Temirbek japtıń arǵı jaǵında qaladı. Sen dáslep Yaqıptı, soń ketip baratırıp jol-jónekey Temirbektiń janın jáhánnemge jibereseń. Hár kúni túnde kolxoz baslıǵı ustaxanada tayarlanıp atırǵan qural-saymanlardıń jaǵdayın kórmey jatpaydı. Sonda eki ólikti kórip onıń kózine qan quyılsın...

Olar Mátekeniń úyine kirip ketti. Men kórgen-bilgenlerimdi Yaqıp penen Temirbekke, kolxoz baslıǵı Zabiyra apaǵa jetkiziwge asıqtım...

Biraq terektiń túbinde jatırǵan Aqtırnaq joqarıdan túsken meni saw-salamat jibere me? Ol kúni menen meni ańlıp jatır ǵoy. Baǵana jartı zaǵaranı birden berip qoyǵanımdı aytsań-o! Qaltamdı qarasam, qorǵasın quyılǵan jalǵız asıqtan basqa heshteńe joq eken. Sonı ılaqtırsam, iyt iytligin etip quwıp ketpey me? «Qoy, quwmas, kewip qalǵan súyekti ne qılsın?»

Aqır sońında oylana-oylana bir sheshimge keldim: gózlep turıp asıqtı iytayaqtıń qasında jatırǵan lágenge qaray zıńǵıttım. Lágenniń sıńǵırlısın esitken iyt áwpildewi menen sol jaqqa qaray juwırıp ketti. Men terekten sıpırılıp tústim de, ayaǵım-ayaǵıma tiymey zıtıp otırdım...

Úydiń qasına kelip biraz irkilip turdım. «Úyge kirsem be eken, yaki Temirbek penen Yaqıp aǵaǵa aytıp kelgenim maqul ma? Kolxoz baslıǵı Zabiyra apaǵa aytsam she? Ol meniń gápime isene me? Yaqıp aǵaǵa aytayın. Haw, oǵan túsindire almayman ǵoy? Temirbekke aytıwım kerek. Ol maǵan isenedi hám tıńlaydı!»

Temirbektiń esigin qaqtım. «Kimseń?» dep Altıngúl sheshem esikke keldi.

— Marqabayman, Temirbekte jumısım bar edi, — dep dawısladım men.

— Amanlıq pa? Tún ishinde neǵıp júrseń, balam-aw? Qorıqpaysań ba? Dala bolsa tastay qarańǵı, — dep sóylenip júrip kempir esikti ashtı.

Temirbek jańa ǵana jatqan eken.

— Al, ayta ber, — dedi ol kópshikten basın kóterip. — Erteń mashinanıń kabinasına mingiz demekshimiseń?

— Yaq, yaq... basqa nárse...

— Ne nárse? Ayta ber.

— Aytpayman, bul jerde.

— Onda qáyerde aytasań!

— Dalaǵa shıqsań, aytaman!

— Boladı.

Ol shalbarın kiyip, kóylegin qolına alıwı menen sırtqa shıqtı.

— Bermanıraq júr, — dedim men oǵan mal qora betti nusqap. Bul meniń «úy ishinedegiler gápimizdi esitip qoyar» dep qáweterlengenim edi. Temirbek keynime erdi.

— Temirbek, — dedim men ókpemdi basa almay. — Sen óziń ıqtıyat bolıwıń kerek, Yaqıp aǵa da solay...

— He-e, ne bolıp qaldı?

— Máteke sizlerdi óltirmekshi!

— Pay, gáp bolǵanına. Ne aytadı eken desem.

«Demek Temirbek te úlkeyip ketken. Endi bizler menen oynamaydı. Meniń gápime inanbaydı» degen oy basıma sap ete qaldı.

— He-e, nege oylanıp qaldıń? — dedi de Temirbek shápkimniń mańlayın basıp, kózime túsirip jiberdi: — Qáne, ayt, tıńlayman.

Men Temirbekke azıraq ókpeleyin dedim. Solay bolsa da aytpasam bolmaydı ǵoy. Janına zaqım keliwi múmkin olardıń.

— Temirbek, búgin keshte Mátekeniń úyine biytanıs bir atlı keldi. Ol Mátekeniń jiyeni eken. Máteke oǵan: «Yaqıp penen Temirbekti

óltirip bermeseń, bináy ómirimde ırza emespen» — dedi. Seniń Máteke tuwralı boljawıń durıs eken. Ol Turdımurat awıl keńeske bir buzawlı sıyır berip armiyadan qalǵan eken. Onı da ayttı jiyenine. Adamlardıń ózinen gúmanlanbawı ushın Máteke erteń keshte jumıs sorap baslıqtıń úyine baradı. Sol waqıtta qanxor dáslep Yaqıpqa, soń saǵan birme-bir pıshaq uradı. Olardıń dúzgen jobası mine, usınday.

Ólim degen ańsat emes-aw, meniń gápim Temirbektiń eki kózin tas tóbesine shıǵardı. Biraz waqıttan keyin ol ózine kelip:

— Sen bunı qaydan esittiń? — dedi.

— Men kún batqalı «Dáwlen terek»tiń tóbesinde ańlıp otırdım. Qonaq asın jep bolǵannan keyin Máteke menen biytanıs kisi pishen úydiniń qasına kelip, jańaǵı gáplerdi aytıstı. Terektiń tóbesinde otırǵan meni olar ańlamadı...

— Yaqshı. Endi barlıǵı túsinikli boldı. Júr Yaqıptıń úyine barayıq. Ol kolxozǵa eń kerekli adam, onı qorǵawımız tiyis, — dedi Temirbek. — Sen qorıqpaysań ba? Úyiń joyıtpay ma seni?

Keshe ǵana bizler menen top-qalaq oynap júrgen Temirbektiń mına gápleri meni hayran etti. Ol mennen ózin eki-úsh jas emes, al onlaǵan jas úlken sanap turǵan edi.

— Qorıqpayman, — dedim men.

Yaqıp aǵa Kupriyakovlardıń jayında turatuǵın edi. Bizler onıń terezesin qaqtıq. Ol esikti biraz waqıttan keyin ashtı. Onıń aǵash ayaǵın «kiyip» búlinip qalǵanın bizler bólmege kirgennen keyin ǵana bildik. Haqıyqatınan da, dizesinen tómeni joq ayaqtı aǵash ayaq menen shandıp bolıw ádewir waqıttı aladı eken. Yaqıp aǵaǵa waqıyanı birme-bir orısshalap, túsindirip ayttı Temirbek. Sóziniń sońında ol:

— Júr, Yaqıp aǵa, kolxoz baslıǵı Zabiyra apanıń úyine barayıq, jay-jaǵdaydı xabarlayıq, — dep edi, Yaqıp aǵa buǵan kelisim bermedi.

— Fashistten qorıqpaǵan Yaqıp, qashqınnıń aybatınan seskenbeydi, — dedi hám: «sizler, jigitler, buǵan qáweterlenbey aq qoyıń, olardıń ózleri áshkara boladı» — dep nıqlap sóyledi, ólimnen qorqatuǵın túri joq sirá.

Yaqıp aǵa menen xoshlasıp úyge qayttıq. Kiyatırsın Temirbek menen ekewimiz oylasıq qurdıq.

— Esitip-bilip turıp, kolxoz baslıǵına dushpan adamdı aytıp bermegenimiz qalay boladı, — dedim men.

— Qoy, Yaqıp ağanıń aytqanı durıs meninshe. Adamnıń gúnası moynına qoymay, qurı gáp penen ayıplawğa bolmaydı ğoy, — ded Temirbek.

Temirbek úyiniń tusında qaldı. Kelsem, úydiń ishi meni izlep úyme-úy kirip shığıptı.

— Endi biymezgil júretuğın bolsań, tabanıńa átóshkirdi qızdırıp basaman, bala! — dep kiylikti kempir apam.

Meniń túni menen uyqım kelmedi. «Mátekeniń jiyeni Yaqıp ağ menen Temirbekti óltirip qoysa qáytemen». Oylana-oylana tań aldınd zorğa kózim ilindi.

## 5. QANXOR QOLĞA TÚSTI

Azanda uyqılap qalıppan. Áteshtanda turğan shayğa da qara mastan kolxozdıń keńsesi betke qaray juwırdım. Adamlar Temirbekti mashınına minip atırğan eken. Men jetemen degenshe mashina júrip ketti. Onıń kabinasında Zabiyra apa bar edi. Temirbek Zabira apağ Mátekeniń islemekshi bolğan qıyaneti haqqında aytatuğın shığar, de oyladım men hám Yaqıp ağanıń ustaxanası betke qaray bağdar aldım

Ol jumıstı álleqashan baslap jibergen eken. Meniń kirip kelgen imdi sirá bilmeydi. Otqa taplanğan qıp-qızıl temirdiń ústine balğası dóndirip bolıp-ótip atır. Shıp-shıp terge túsipti. Men oylanıp turı qaldım: «Mátekeniń jiyeni usındaydıń ústine kelse, túnde túwe kúndi aq janına zaqım keltiriwi múmkin ğoy».

Shókkishtiń astınan shıqqan oraqtı Yaqıp ağa atıp jibergeni, meni ayağımdı orıp kete jazladı. Men sekirip tústim.

— He-e, Marqabay, járdemge keldiń be? — dedi Yaqıp ağa je menen mańlayındağı terin súrtip atırıp.

— Awa...

— Biyday oraqtıń waqtı da kelip qaldı. Jawın-shashınğa qaldırma egindi orıp alıw kerek. Oraq jetispeydi eken. Azanda baslıq «júz ora kerek» dep ótinish etip ketti. Sonı búgin-erteń islep beriwim kerek Jumıstı yarım saat ta irkiwge bolmaydı. Gewgim túskennen keyi Temirbek te járdemge keledi, — dedi Yaqıp ağa.

— Qáne, men ne isleyin?

— Otın menen támiyinlep tur. Kómirdiń joqlığın aytpaysań b — dep ınjıldı Yaqıp ağa.

Men otındı jetkizip turdım. Yaqıp aǵa dúp-dúziw temirdi qozǵa qalap qoydı da, shetinen alıp iymeytip, oraq etip shıǵara berdi. Gewgim túsemen degenshe otızlaǵan oraq islendi.

Mátekeniń jiyeni keletuǵın waqıt kem-kem jaqınlap kiyatır. Keletuǵın Temirbek joq. Aqır sońında shıdamım tawsıldı.

— Yaqıp aǵa, keshegi meniń aytqanımdı Zabiyra apaǵa ayttıńız ba?

— Ne aytıp ediń sen?

— Mátekeniń qıyanet etpekshi ekenligi tuwralı aytıp edim ǵo.

— Wáy, ne eken desem...

Oraqqa tis shıǵarıp atırǵan Yaqıp aǵa shegip turǵan trubkasınıń tútinin burqıratıp kúldi.

Men onıń gápimdi heshkimge de tis jarıp áńgime etpegenin bile qoydım. Adam da sonday kem sózli hám parasatlı boladı eken.

— Yaqıp aǵa, — dedim men, — biziń úyde bir jaqsı egew bar edi, alıp keleyin be?

— Ákel, ákel, — dedi Yaqıp aǵa, — biraq keshegi gápińdi heshkimge aytpay aq qoy, erkektiń nashardan járdem soraǵanı uyat boladı.

«Ol meniń oylaǵınımdı qalay bile qoydı-áy?» Hayran boldım. Shınında egew degenniń biziń úyde úlgisi de joq edi. Aǵamnan «qara qaǵaz» kelgennen keyin kempir apam temir-tersektiń barlıǵın «balamnıń kózindey kórip jumsa» dep qońsı-qobaǵa úlestirip jibergen edi. Biraq nede bolsa sırtqa shıqpasam bolmaytuǵın boldı.

Men esikti jawıp dalaǵa shıqtım. Sırtta tońqıldap baratırǵan eki hayaldıń dawısı esitildi:

— «Kópirdi buzǵanı ne? Kimniń qılıp júrgeni eken? Bárinen de ana Altıngúl sheshemniń aqlıǵına qıyın boldı aw. «Mashındı taslap ketpeymen» dep qarshaday bala qula dúzde bir ózi qaldı.

Atızdan jayaw qaytqan hayallardıń bunnan keyingi sózlerin esitiwge shamam jetpedi. Jalǵız ózim qay jaǵına bolarımdı bilmey albıradım. Sol waqıtta Temirbektiń gápi yadıma tústi: «ol kolxoz ushın bárimizden de beter kerek adam!»

Demek men ólimnen eń dáslep Yaqıptı qutqarıwım tiyis, degen oy keldi basıma. Máteke de: «eń dáslep pıshaqtı Yaqıpqa urasań, soń Temirbekke» dep edi ǵo. Yaqıp aǵa ólimnen qutqarılsa, onıń pıshaǵı Temirbekke jetpeydi, solay emes pe?

Taslandılardıń arasınan eki sım taptım da, ustaxanaǵa kirer jerge duzaq qurmaqshı boldım. Ustaxananıń ishiniń qarańǵılıǵına qaramastan Yaqıp aǵa oshaqtaǵı ottıń jarıǵında balǵasın ele toqıldatıp otır.

— He-e, Marqabay, keldiń be? — dedi ol meniń pısıldımdı esitip
— Qáne egewiń!

Jumıs penen qansha bánt bolsa da, ol sergek eken.

— Mına jerge túsip kete qoydı. Házir tawıp alaman.

Men sımdı tarta basladım. Mátekeniń jiyeni buǵan súrnigiwi kerek dep gúbirlenip júrmen ishimnen. Qollarımdı qızıl-qara qan etip sımd zorǵa tartıp boldım..

— Otın ákel-ós, ottıń qızıwı qayttı, — dedi Yaqıp aǵa.

Men ózim tartqan sımımnan abaylap óttim de, sırtqa kettim Endi men ishke kirmewim kerek edi. Sebebi Yaqıp penen menii otırǵanımdı kórse, Mátekeniń jiyeni ishke kirmewi múmkin ǵoy. A jınayat ústinde uslamasań olarǵa ayıp taǵıw qıyın.

Men otınxananıń esiginen sıǵalıp, ustaxana betten kózimdi almay bir qısım bolıp otırman. Birazdan keyin áwdiygen bir adamnıń súlde kórindi. Júregim xanasına sıymay ketti. Ol ustaxananıń aynasına suqlanıp ishke qaradı. Soń ayaq ushında júriwi menen esikke bardı

Men ásten ornımnan turdım. Sonıń arasında «dúrs» etip qulaǵan soń «way-way»lap shıńǵırǵan dawıs esitildi. Men ustaxananıń esigine ishke qaray atlıqtım hám ózim tartqan sımǵa súrnigip, jerge jalp ettim Mátekeniń jiyeni Yaqıp aǵanıń astında essiz jatır edi. Onıń pısha uslaǵan qolına Yaqıp aǵa otta turǵan qıp-qızıl temirdi basqan eken Balǵa menen basına urıp óltirip qoymaǵanın ayta ber ele.

— Yaqıp aǵa, — dedim men haplıǵıp. — Men Temirbekke járdem barayın.

— He-e, oǵan ne bolıptı?

— Mına jawız kópirdi buzıp kelgen. Qula dúzde onıń bir ózi qalǵan qusaydı.

Men aytıp awzımdı jaba almay atırıp esikten Zabiyra apa mene Máteke kirdi.

— Zabiyra apa, abaylań, kese tartılǵan sım bar! — dep shırr ettin men.

— Bul kimge qurıp qoyǵan duzaǵıń? — dep dawısın kóterdi Mátek

— Jiyeniń menen saǵan!

Jerde sozılıp jatırǵan jiyenin kórip, Mátekeniń túri bozarıp kett

— Bul ne! Bul qanday jawızlıq! Joldas baslıq, joq etiń bunı! Fash ist ǵoy mına temirshiń!

— Qısqart gápti! — dedi Zabiyra apa. — Endi barlıǵı da belgili bold

Túngi shawqımnan adamlar demde aq ustaxanağa jıynalıp qaldı. Sol jerde Mátekeniń qolı artına baylandı. Ol barıp turğan qorqaq, jaramas eken. Qasarısqan da joq.

— Keshiriń meni, keshiriń, óltirmeń! — dep hárkimniń ayağına jığılıw menen boldı.

Azanda organnan kelgen naganlı eki jigit olardı aydap alıp ketti. Biziń awıldan endi ipláslıq dumanı serpilgendey boldı.

## 6. YAKOV KIM?

Mátekeni aydap ketkennen keyin kolxozdıń jumısı bir jónge túsken edi. Biraq hayallar tınısh júre me, kóp uzamay awılğa «Yaqıp nemis eken» degen gáp taradı. Men buğan isenbedim.

— «Yaqıp ağanıń nemis bolıwı múmkin emes. Ol orıssha sóyledi ğoy!»

— Nemisler de orıssha biletuğın qusaydı!

Yadıma Yaqıp ağanı eń dáslep ushıratqan waqıttağı balalardıń arasındağı tartıs tústi.

— «Qoy, sonda Yaqıp ağanıń ózi: «ya russkiy, sovetskiy soldat» dep edi ğoy!

— «Shpionlar óz milletin jasıratuğın qusaydı. Bolmasa olardı bilip qoyıp, tez kúnde atıp óltiredi-mish...».

— «Sonda Yaqıp ağa shpion bolğanı ma? Biziń awılda shpionğa zárúrli ne nárse bar eken?»

Oyların álle qaylarğa ılağıp baratır. Qoy, tilim kesilsin meniń! Bul gáplerdi tiri bende esitpegey.

— «Yaqıp ağa tuwralı Temirbek qanday oyda eken?» Awılğa demde taralıp ketken bul gápti ol da esitti ğoy.

Ókpem óshkenshe Temirbektiń úyine qaray juwırdım. Onıń atız bette ekenligi bosağadan atlağannan keyin ğana yadıma tústi.

— Amanlıq pa? — dep peshtiń quwısında otırğan ornınan túrgeldi Altıngúl sheshem. — Sharshap qalıpsań ğoy!

— Temirbekke kelip edim...

Men oğan oyımdağı gáplerdi aytpadım.

— Temirbek adamlardı tiyep, azanda atızğa ketti ğoy. Mına Mátekeniń mashını da onıń basına bále boldı. Ákesinen qalğan jalğız tuyaq edi, bir bálege ushıramay tiri júrgey, dep azannan keshke shekem tilegin tilep otırğanım.



RESPUBLIKALI'Q
MA'LIMLEME-RESURSLI'Q
WORAYI'
INV № 89886

— Hesh gáp bolmaydı, sheshe. Temirbek mashındı bir adamday meńgerip aldı. Buzılsa Yaqıp aǵa ortań qolday etip ońlap beredi.

Kempir Yaqıptı aytqannan keyin únsiz qaldı. Maǵan ekileniwshilik penen ele qarap tur. Bir nárse deyjaq, biraq balasınıp aytpaydı. «Tawdı-tastı jel buzar, adamzattı sóz buzar» dey beretuǵın edi biziń kempir apam. Kórdiń be, Altıngúl sheshemniń de eki oylı bolıp turǵanın.

Men kempir sóylemesten burın ketiwge háreket qıldım: qamshı tiygen attay zıtqıp, Altıngúl sheshemnen alısladım. Yaqıp aǵa haqqında jaman sóz esitkim kelmedi. Biraq qashanǵa shekem esitpeymen, eki adam bas qossa sonı gáp etetuǵın bolǵanlıqtan birde bolmasa birde esitiwge tuwra keledi.

Jayawdan jayaw atızǵa qaray tarttım. Bar maqsetim Temirbekten Yaqıp aǵa haqqında anıǵıraq soraw edi. Temirbek meniń kiyatırǵanımdı uzaqtan kórip turǵan eken.

— Áy, jumıssız, ne qılıp júrseń? Azanda júr degende, Yaqıp aǵaǵa járdemlesemen, dep mashinaǵa minbey atırǵan ediń goy. Yaqıp aǵa ne islep atır?

— Bilmeymen.

— Bilmegeni qalay, ustaxanaǵa barmadıń ba?

— Barmadım.

— Nege barmadıń?

— Hámme «Yakov nemis» deydi, sonnan keyin barmadım.

— He-e, óltiredi dep qorqasań ba?

Men oylanıp qaldım. Shınında da búgin ne ushın ustaxanaǵa barmaǵanımdı ózim de bilmeytuǵın edim.

— Men onıń kim ekenligin bilip alıwım kerek!

— Ol qıyın emes goy!

— Qıyın bolmasa ayt, Temirbek, ol kim?

— Ol haqıyqat márt adam.

— Onı sorap turǵan joqpan. Adamlardıń onı «nemis» dep atırǵanı ıras pa!

— İras bolǵanda ne boptı? Nemisler de adam emes pe?

— Yaq, olar — dushpan!

— Barlıǵı birden dushpan emes goy. Tek gitlershilleri bizlerge dushpan, al olardıń ápiwayı xalqı tap bizlerdey azap shegip atır.

— Saǵan bulay dep kim ayttı, ya ózińniń oylap tapqan ertegiń be?

— Yaq. Keshegi kolxoz jıynalısında Yaqıp aǵanıń óz awzınan esittim. Barlıq kolxozshılar onıń gápine tań qalıstı. Rayonda ótkerilgen

óndiris basshılarınıń jıynalısında da usı mazmundaǵı gápler aytılǵan eken, Zabiyra apa solay dedi.

Temirbektiń gápleri inanımlı edi. Men kúni keshe bizler menen asıq oynap júrgen onıń eseyip qalǵanlıǵın seze basladım. Tezirek Temirbektey bolǵım keldi: «oǵan qanday jaqsı, udayı úlkenler menen júredi, kolxozdıń barlıq jıynalıslarına qatnasadı».

Temirbek meni mashinanıń qasına taslap atız betke ketpekshi boldı, lekin men onıń bileginen tartıp toqtattım.

— Sen meniń sorawıma ele juwap bermediń ǵoy. Yaqıp aǵanıń milleti ne? Nemis pe, ya orıs pa?

— Onı bilmeymen. Ol jaǵı meni qızıqtırmaydı, — dedi Temirbek.

Ashılısıp sóylespegeni ushın men Temirbekke ókpeleyin dedim. Qolımdı bir siltedim de, kelgen izim menen keyin qaray juwırıp kettim.

Yaqıp aǵa tuwralı oy báribir yadımnan shıqpay aq qoydı. Temirbektiń gápine isengenim menen «nemisler de jaqsı adamlar» degen túsinik meniń aqılıma uǵras kelmedi.

Keshte apam atızdan kelip úy jumıslarına aralastı. Biraq men onıń menen sóylesiwdiń utırın tappay, onıń qası-qabaǵın baǵıp uzaq júrdim. Atızdan sharshap kelgenlikten be, bası dastıqqa tiyiwden apam uyqılap qalatuǵın edi. Sonlıqtan awqat payıtında onnan ózim bilmekshi bolǵan nárseni sorap qalıwǵa asıqtım.

— Apa, adamlar Yaqıp aǵanı «nemis eken» dep júr ǵoy, onıń kim ekenligin sen bileseń be?

— Haw, balam-aw, kúni boyı janında júrip sen bilmegende, men qaydan bileyin. Kim bolıwına qaramastan ol jaqsı adam! Mayıp halına, mayıp emeslerden kóp járdem tiygizip atır kolxozǵa. Adamnıń adamgershiligi onıń isi menen belgilenedi.

Men endi Yaqıp aǵanıń jaqsı adam ekenligine gúman keltirmedim. Awılda men jaqsı kóretuǵın úsh adam: apam, Temirbek, Zabiyra apa jaqsı dese, meniń ushın áńgimeniń bolǵanı edi.

— Yaqıp aǵanı saǵan «nemis» dep kim ayttı? — dedim apama tósek salıp atırǵanda.

— Altıngúl sheshem.

— Altıngúl sheshem deyseń be? Qoy, múmkin emes! Bayaǵıda Yaqıp aǵanı úyine ákelip, eń birinshi oǵan shay-suw bergen ózi edi ǵoy! Oǵan kim aytıptı bulay dep!

— Ol jaǵın bilmedim.

— Apa, sen isenesen̈ be, onın̈ nemis ekenligine?

— Isenerimdi de, isenbesimdi de bilmeymen.

— O ne degenin̈ apa? Yaqıp jaqsı adam deysen̈, tağı «nemis» deysen̈? Menin̈ pámimshe jaqsı adam nemis bolmawı kerek edi.

— Olay dewimnin̈ sebebi, balam, Kupriyakovtın̈ hayalı nemis edi. Familiyası Braynenger edi onın̈. Bizler áken̈ barda mına úydegi ayaq mashındı solardan satıp aldıq. Apam tórgi jayda turğan «Zinger» atlı mashındı nusqadı.

Menin̈ oylarım shıl-párshe boldı. «Ákem bolsa frontta nemistin̈ oğınan ólip ketti, al bizin̈ úydin̈ tórinde nemistin̈ buyımı turğanı qalay?»

— Apa, — dedim men júregim xanama sıymay, — bul mashındı búginnen qaldırmay joq eteyik. Suwğa taslayıq, ya bolmasa jerdin̈ astına kómeyik.

— Joq, heshten̈e qılmaymız. Qáne, ornın̈a barıp jat! Bar, jat, deymen sağan!

Men ilajsız kórpenin̈ astına kirdim. Biraq uyqım kelmedi. Mashınğa jinim túsip, burınğıdan da beter kegim qaynadı. Birazdan keyin apam uyqığa ketti. Gijinip, kúni menen oyaw jatırğan men esik bette jatırğan baltanı aldım da, ayaq mashınnın̈ nemisshe «Zinger» dep jazılğan jerine qulashımdı jayıp berip qaldım. Nağız shoyın eken, jarq etip ot shıqtı, jazıw saw etip jerge tústi. Apam shorshıp oyandı. Qolımnan baltanı alıp, jelkeme jeti qoydı.

— Júwernemek, — dedi ol, — pútkil awıldın̈ kúnine jarap turğan mashındı bul ne qılğanın̈? Senin̈ ne «kospiramın̈» (qalada kiyim tigetuğın jerdi bizin̈ awıldın̈ adamları usılay ataytuğın edi) tur ma? Jinin̈e tiye qaldı ğoy senin̈ usı mashın. Bar, shığıp joq bol, úyden! Qarańdı kórsetpe, mağan!

Apam mashındı sındırıp qoyar dedi me, jelkemnen uslap meni dalağa shığarıp jiberdi. Sırtta suwıqqa ton̈ıp biraz turdım, son̈ awıldın̈ shetindegi Kupriyakovlardın̈ úyine qaray kettim. Mázi júrip baratırğanım bolmasa, nege buyaqqa kiyatırğanımdı ózim de bilmes edim. Yaqıp ağa esiktin̈ aldındağı ağash sıpada mağorkasın tartıp otır eken.

— Kel, kel, Marqabay, — dedi ol meni qasına shaqırıp. — Búgin nege ustaxanağa kelmedin̈?

Men úndemedim.

— Qáne, júr, kartoshka pisirip atırman, birge jeymiz. Taza kartoshka, júdá mazalı, Keshe baslıq Temirbekten berip jibergen eken. Zúráát oǵırı zor deydi ǵoy, bıyıl. Biyday da orıwǵa kelip qalıptı...

Ishke kirip Yaqıp aǵa menen kartoshka jedik. Kartoshkanı qabıǵı menen qazanǵa sala qoyıptı. Suwdan shıqqannan keyin qabıǵı ap-ańsat alınadı eken. Duzǵa basıp jeseń, map-mazalı. Biziń apamlar búytip pisiriwdi bilmeydi. Qazanǵa qırshıp saladı, qıyqanlıq etseń, bir-ekewin otqa kómip beredi.

— Al, endi qayta ǵoy, — dedi Yaqıp aǵa bir-bir stakannan shay ishkennen keyin, — apań izlep júrer.

— Izlemeydi, siziń úyge barıp qonaman, — dep apama aytıp kettim.

Men ótirik sóyledim. Óytpegende apam menen urısqanımdı oǵan qalay aytayın.

— Yaqshı, — dedi Yaqıp aǵa, — házir tósek salamız.

Meniń uyqım keler emes. Ne bále bolǵan ózi maǵan? Aqır sońında bilgen orısshamdı aytıp, Yaqıp aǵa menen sóylesken boldım. Yaqıp aǵa qaraqalpaqshaǵa da nedewir túsinetuǵın bolıp qalıptı.

— Yaqıp aǵa, siz nemissiz be!

Ol tubalap qaldı.

— Óy dep kim ayttı!

— Mayda balalar.

Yaqıp aǵa únsiz oy teńizine shókti. Adamǵa isenbewden qıyın nárse joq bul dúnyada.

— Jalǵan gáp, — dedi állen waqıtta Yaqıp aǵa bozarıp. — Men dáslep kórgende aq aytıp edim ǵo sizlerge, orıspan, dep.

— Awa, ayttıńız. Biraq keshegide «nemisler jaqsı» depsiz ǵoy jıynalısta!

— Hey... — dep kúldi Yaqıp aǵa, — túsinbepti-aw, adamlar maǵan. Men «nemislerdiń ishinde de jaqsı, jamanı bar» dep aytıp edim ǵo. Máselen, bizlerdiń ishimizde de bar edi ǵoy, jaman adam, Máteke sıyaqlı...

— Awa, awa.

Men Yaqıp aǵanıń muǵallim sıyaqlı túsindiriwge sheberligine ırza boldım. «Temirbek usınday etip túsindirgende men bunday qıyın awhalǵa túspegen bolar edim», dep ishley gúbirlendim. Biraq bir nárseniń anıǵına jetkenime quwandım: Yaqıp aǵa nemis emes, orıs eken.

«Bálkim Kupriyakov nemis shıǵar! Nemisti «Kupriyakov» degen
niliya bola ma? Bolıwı múmkin! Soni sorap kóriwim kerek».
— Yaqıp aǵa, siziń aǵayınıńız Kupriyakov nemis pe edi?
— Yaq, orıs ǵoy. Meniń anamnıń eń kishkene inisi ol. Hayalı
mis edi onıń, burınnan Rossiyada otırǵan nemislerdiń tuqımı...
Men ózimdi qıynaǵan nárselerdiń barlıǵın bilip aldım da, uyqıǵa
tim. Azanda Yaqıp aǵa menen ustaxanaǵa barsam, apam túni menen
ni izlep, tintpegen tesigi qalmaptı, pútkil awıldı basına kóteripti.
eni kórip, quwanǵanınan jılap qoya berdi.

## 7. JALAXOR JAZASÍN TARTTÍ

1944-jıldıń sentyabri edi. Birli-yarım muǵallimlerimiz urıstan
adar bolıp kelip, mektebimizde oqıw basladı. Bar kiyimimizdi
imizge ildirip mektepke bardıq. Tórt jılǵa shekem mektep kórmey,
tipsiz bolıp ketippiz. Sóylemey bir ornımızda otıra almaymız.
ass ishindegi tınıshlıqtı saqlaw ushın muǵallim partaǵa bir bala
qızdan otırǵıza basladı.
— Sen Haytbiyke menen otırasań, — dedi maǵan muǵallim.
Haytbiyke degeni Mátekeniń qızı edi.
— Onıń menen otırmayman, — dep ornımnan ushıp turdım men.
— Nege otırmaysań, birinshi klasstan berli onıń menen otıratuǵın
iń ǵoy?
— Endi otırmayman, burın bilmey otırıp júrgen edim. Endi
mmesi málim boldı.
— Ne nárse málim boldı? Haytbiyke sabaǵınan jaqsı oqıydı, mudamı
-taza bolıp kiyinip júredi...
— Onıń ákesi qashqın.
— Qashqın? Ol ne armiyada emes pe? Bizler menen birge shaqırtılıp
i ǵo?
— Yaq, yaq! — dep shawqımlastı klasslaǵılar. — Yaqıp aǵanı
irmekshi bolǵanı ushın Mátekeni eki nағanlı soldat aydap ketti.
— Yaqshı, yaqshı. Qoyıń, shawqımdı, tınıshlanıń! — dep qońsı
ıldan qatnaytuǵın muǵallim bizlerge qaradı. — Ózlerińiz bilesiz,
niń fronttan kelgenim jaqında.
Ol biziń awılda júz bergen waqıyalardı ele esitip úlgermegen eken.
Men ele qaqayıp turıp edim, muǵallim maǵan qaray jekirindi:

— Otır deymen sağan!

— Otırmayman.

— Men seni onıń ákesi menen otırğızıp atırğan joqpan, hárkim qılğan isine ózi juwap beredi, qáne, bar ornıńa!

Sheńgeldiń ústine otırğanday tánepiske shekem zorğa shıdadım. Burın jaqsı kóretuğın Haytbiykeni endi iyttiń etinen beter jek kóre basladım.

— Men seniń menen báribir otırmayman, — dedim muğallim klasstan shığıwdan Haytbiykege.

— Otırmasań teris otır, meniń de qanım qatıp turğan joq. Bar ana ustaxanańa, nemis ağań menen birge otırarsań!

Ol Yaqıp ağanı aytıp atırğan edi.

— O tili ashshı shayan! Ne dediń sen? Qashqınnıń qızı! Bilseń ol seniń ómirińdi qorğap qaldı! Seniń ákeń onıń ağash ayağına da turmaydı!...

Ol tas dáwet penen betime berip ketti. Tiygen jeri ońbağanday boldı, sıyası tógilip ústilerimdi wayranladı. Men onıń keyninen quwdım. Partalardıń arasınan tezlik penen ótip, mağan jetkerejaq emes. Men partanıń ústine minip alıp, qos burımına jańa asılğanım, sırttan muğallim kirip keldi. Haytbiyke aybaraqtı salıp atır.

Muğallim bizlerdi ayırdı.

— Qız balağa óytip azap beriwge bolmaydı!

— Sonda nege tınıshına júrmeydi? Yaqıp ağanı «nemis» dep awıl arasına sıpsıń gáp tarqatqan da usılar eken! Qashanğa shekem olar aldaydı adamlardı?

— Ózińdi bas, hár nárseniń anığına jetiw kerek! Sonnan soń ayıplawğa boladı... — dep muğallim meni tınıshlandırdı.

Sabaqtan shığıw boyıma Altıngúl sheshemniń úyine bardım.

— Sheshe, — dedim men, — sizden bir nárseni soramaqshıman. Yaqıp ağanı «nemis» dep sizge kim ayttı?

— Mátekeniń hayalı aytıp edi. He-e, ol haqıyqattan da nemis pe eken? — dep hawlıqtı Altıngúl sheshem.

— Nemis emes, orıs ol, haqıyqat hadal, márt adam! — dedim men.

Bunnan keyin kóp uzamay ulıwma kolxoz jıynalısı bolıp, jaramas isleri ushın Mátekeniń úyi awıldan kóshirip jiberildi.

## 8. AYAQ PA, KÓSEW TAYAQ PA?

Bul kúndi men yadımnan hasla shığara almayman. Tariyx muğallimimizdiń oqıwshılarğa bergen sorawı hám artqı orınlıqlardıń birinde otırğan meniń «men juwap bereyin» dep ortağa shıqqanım ele esimde. Taxtanıń aldında turıp endi sóyley bergenim, muğallim:

— Toqta, toqta, bul ne, ayaq pa, ya kósew tayaq pa? — dep qolındağı kórsetkish tayağı menen ayağımdı túrtti.

Oqıwshılardıń ishek silesi qatıp, ishin uslap kúlip atır. Dáslep balashılıqqa salıp qosıla kúlgen men, endi arlanayın dedim.

— Bar, ayaq kiyimińdi kiyip qayt! — dedi muğallim.

Men esikke qaray ketip baratır edim, ol meniń qulağımnan usladı da, ornıma qaray súyredi.

— Jiber qulağımdı! Oqıtpasań qoy!

Arlanğanım sonshelli, ızağa shıdamay ókirip jılap jiberdim.

— Haw, nege jılaysań? Taxta aldına ayaq kiyimińdi kiyip shıq desem, nege dalağa ketip baratırsań?

— Meniń ayaq kiyimim joq, mektepke jalań ayaq keldim.

Muğallim ań-tań boldı. Ol meniń gápime isenbey partanıń astına úńilip qaradı. Tórt jılğa shekem awılda bolmağan ol xojalıqlardıń qanday jağdayğa túsip qalğanın bilmeydi eken.

— Balalar, keshiriń meni... — dedi ol por uslağan shep qolı dirildep. (onıń oń qolı joq edi). — Qáne, neshewińizde ayaq kiyim joq, ortağa shığıń.

Meniń menen altı bala ortağa shıqtı. Qalğan balalar meyli jırtıq bolsın, bizler qusap jalań ayaq jer basıp júrgen joq eken.

— Hámmeńiz úyińizge kete beriń, — dedi muğallim. — Sizler ayaq kiyimli bolmağansha men heshkimdi oqıtpayman.

Úyge qapa bolıp kiyatırsam, arba jolda aldımnan Yaqıp ağa shıqtı.

— He-e, mektepten nege erte qayttıń? — dedi ol meni toqtatıp.

— Muğallim qaytarıp jiberdi.

— Tek seni me!

— Yaq, altawımızdıń jalań ayaq mektepke barğanımız ushın hámmemizdi qaytardı, pátińki kiyip barmasaq oqıtpaytuğın qusaydı.

Yaqıp ağa basın shayqadı:

— Shınında da, mektepke jalań ayaq barıwğa bolmaydı. Endi gúz túsip, kún suwıtıp, kiyatır.

— Óziñiz qayda shıqtıñız, Yaqıp aǵa?
— Moynaqqa baratırman.
— He-e, jaysha ma?
— Jaysha, jalǵızlıq janıma tiyip tur.
Yaqıp aǵanı bir adamday ayap kettim. Sol zamatta oǵan bala bolıp ketkim keldi. Biraq apamdı ne qılaman. Men de bir úydiñ jalǵızıman ǵoy.
— Yaqıp aǵa, ketpeñ biziñ awıldan. Siz ketseñiz hámmege qıyın boladı. Qáleseñiz apamnan ruqsat sorap men siziñ úyde bola turayın.
— Yaqshı, onıñ iláji bolar. Sen apañdı qapa etpe, ádepli bala bol!
— Yaqshı, Yaqıp aǵa. Siz rayonǵa barıp, kelesiz ǵoy, ya?
— Awa, kelemen. Álbette, kelemen, Marqabay!
Ol qolındaǵı eki aǵashına súyenip ketip baratır. Aǵash ayaq penen atqan adım óner me sirá? Aqsaq bolıw sholaq bolıwdan da mashaqatlıraq qusaydı. Onıñ kúni biziñ tariyx muǵallimniñ kúninen de qıyınıraq kórindi maǵan.

## 9. YAQÍPTÍŃ BALASÍ

Ayaq kiyimimniñ joqlıǵına arlanıp úsh kún udayına úyden shıqpay jattım. «Nege hámme teñdey emes, birewlerdiñ ayaq kiyimi bar, al birewlerdiñ ayaq kiyimi joq, bunnan úsh jıl burın tozıp qalǵan. Táǵdir ne ushın hámmege teñdey emes? Hátteki qashqın Mátekeniñ qızınıñ da ayaq kiyimi bar edi-aw!»
Oylanıp oy túbine jete almay otır edim, apam sırttan qıyqıwladı:
— Marqabay, sırtqa shıq, Yaqıp aǵanlar kiyatır!
— Qasında kim bar? — dep esikke barıp aq qaldım.
Temirbek penen kiyatırǵan shıǵar, dep oylap edim.
— Janında bir bala bar, tap seniñdey. Biraq shashları sap-sarı, — dedi apam.
Ayaq kiyimimniñ joq ekenligi yadıma túsip, kempir apamnıñ gewishi esikte jatsa da, onı súyretip dalaǵa juwırıp shıǵa qoymadım.
— Marqabay? — dep úyge sóylenip kirip keldi Yaqıp aǵa. — Neǵıp otırıpsañ, pıshıqtay peshtiñ quwısında?
Túrgelip, onıñ qolınan aldım. Apam tórge tósek saldı.
— Tanısıp qoy, bul — Misha, — meniñ balam, — dedi ol.

— Meniń atım da Misha, Marqabay degendi ornashalasań Misha boladı ǵoy Yaqıp aǵa, solay emes pe? — dep men sarı balaǵa qolımdı ozdım.

— Durıs, solay boladı! Qáne, Marqabay, ayaǵıńdı alıp kel, mınaw bolar ma eken saǵan?

Yaqıp aǵa tap-taza tufliydi ayaǵıma kiygizdi.

— Bul kimdiki? — dedim men.

— Seniki, saǵan arnap aldım!

Men bul tufliy Mishaniki emes pe eken, dep onıń ayaǵına qaradım. Onıń ayaǵındaǵı botinka menikinen de taza hám sulıw edi. Meniń óbem kókke jetti.

Yaqıp aǵa biziń úyde kóp otırmadı. Bir-bir keseden qatıq ishti de, balası menen birge úyine ketti. Men taza tufliyimdi ayaǵıma kiyip, maqtanarǵa adam taba almay tursam, mashinasın quyınday ushırıp Temirbek kiyatır. (Ol oqıwdı qoyıp, ataqlı shofyor bolıp ketken edi). Qolımdı kóterip edim, «shúyik» ettirip, qasıma kelip toqtadı.

— Abaylasań-o, meniń ayaǵımdı basıp keteyin dep ediń-ǵo! — dep shirendim men.

Meniń taza tufliyimdi kórsin, dep atırǵanım edi bul.

— Qutlı bolsın tufliyiń, endi onıń menen jer basıwǵa bolmaydı. Qáne, min kabinaǵa, baratuǵın jerińa aparıp taslayın ózim!

Men kabinaǵa mindim.

— Bileseń be, Temirbek, — dedim otırar otırmastan, — mına tufliydi maǵan Moynaqtan Yaqıp aǵa ákelip berdi. Onıń meniń menen jas balası bar eken, biziń úyge ertip keldi, — dedim awzım awzıma juqpay.

— Ótirik aytasań, onıń balası da, hayalı da joq. Bayaǵı aytqanı yadıńda qalmadı da, «úyge bomba túsip bala-shaǵam qırılıp ketken» dep edi ǵo.

— Al ertip júrgeni kimniń balası sonda?

Temirbek te oylanıp qaldı.

— He-e, he-e, taptım, — dedi ol álleн waqıtta, — Yaqıp aǵa ol balanı balalar úyinen alǵan shıǵar. Jalǵızlıq janıma tiydi, dep júrip edi. Ata-anası urısta qurban bolǵan balalar házir balalar úyinde oǵada kóp deydi.

— Ol balalar óz ákesin tanımay ma?

— Qaydan tanısın, aradan tórt jıl ótti ǵoy. Ele bizler de óz ákemizdi ózimiz tanımay qalamız.

— Olar kiyatır ma óytip!
— Kelgennen keyingisin aytaman dá!
— Biziń aǵam kelmeydi, ol «óldi» dep qara qaǵaz keldi ǵoy úyge. Meniń kózime jas aylanıp ketti.
Keyninen qara qaǵaz kelgenler de kelip atır ǵoy.
— Awa...
Temirbek mashinasın tezlikke qoydı.
— Qayaqqa, Temirbek?
— Yaqıp aǵanıń úyine baramız. Sen, biraq jańaǵı gápti tisińnen shıǵarıwshı bolma. Ákem, dep úlken úmit penen kelgen bala ketip qalıwı múmkin. Onıń ústine Yaqıp aǵa qapa bolıp qaladı.
Men «yaqshı» dep basımdı iyzedim.
Meniń Temirbek penen barǵanıma Yaqıp aǵa ábden más bolıp qaldı. Balalayka shertip, orıssha qosıq ta aytıp berdi bizlerge...
Yaqıp aǵanıń balası Mishanı mashinaǵa mingizip qıdırtıp, qas qarayǵanda úyge qayttıq.

## 10. TEMIRSHINIŃ QOŃÍRAWÍ

1945-jıldıń báhári erte keldi. Biziń kolxoz egindi tez kún ishinde sapalı egip boldı. Fronttan jaradarlar kelip, bilek ádewir kóbeyip qalǵan edi. Muǵallimimizdiń kolxoz baslıǵı Zabiyra apayǵa balalarǵa ayaq kiyim tawıp beriw haqqındaǵı ótinishi orınlanıp, mektepte oqıw baslandı.
Awılımızda rus mektebi bolmaǵanlıqtan Yaqıp aǵamıń balası Misha biziń klassqa kelgen edi. Onıń menen partalas bolǵanıma men oǵada quwanıp qaldım.
Mine búgin de mektepten Misha menen birge qaytıp kiyatırmız. Ol kelgeli berli biraz orıssha úyrenip aldım.
— Úyińde adam joq shıǵar, júr bizikine, — dedim men úydiń tusına kelgende Mishaǵa.
— Yaq, ustaxanaǵa baraman. Soń aǵam ekewimiz úyge qaytamız. Sen biziń aǵamnıń ustaxanasın kórdiń be? — dedi Misha.
— Haw, kórmey ne, mektepte oqıw baslanbastan burın ómirim sol jerde ótetuǵın edi ǵoy!
— Endi nege barmaysań?
Shınında da meniki ántek bolǵan eken. Esaplap qarasam, ustaxananıń esigin ashpaǵanıma da demde úsh ay bolıp qalıptı.

— Baraman, tap búgin baraman.

— Júr, onda.

— Yaqshı, papkimdi qoyıp keleyin.

Dasturqannan bir bólek nan alıp juwırıp baratır edim, kempir apam artımnan qıyqıwladı:

— Marqabay, há Marqabay! Ana haramı qatqırdı suwǵarıp qayt, qashshan edi ańqırıp turǵanı. Shólden silesi qatqan qusaydı, ábden.

Men qoradan eshekti ersiz minip shıqtım.

— Kel, artıma otır, — dedim men Mishaǵa.

Eshekke bináy ómirinde minip kórmegen ol óldim azarda artıma zorǵa mingesti.

— Asılıp otır, biziń eshek ayǵır, jıǵıp ketiwi múmkin, — dep taǵı eskertip qoydım men Mishaǵa.

Aytıp awzımdı jumǵanım da sol edi, eshek dáslep soqalap, keyin qos ayaq atqanda Misha artınan túsip qalıptı. May topıraqqa bılǵanıp, ańırap jılap atır.

Óńkelep, Mishanı jıqqanı ushın eshektiń táwir aq sazayın berdim. Biraq ornına kele me, óltirip taslasań da bolar is boldı. Mishanıń tap-taza kostyum shalbarı may topıraqqa bılǵandı da qaldı...

Eshekti bir ózim suwǵarıp qayttım. Soń qoraǵa baylap, ustaxanaǵa barsam, Misha úyine ketip qalıptı. Yaqıp aǵa toqıldatıp bir nárseni soǵıp otır.

— Assalawma-áleykúm, Yaqıp aǵa!

— Kel, kel, Marqabay, otır balam! Sońǵı waqıtları hesh kelmeytuǵın bolıp kettiń ǵoy?

— Oqıwdan qol tiymey atır, Yaqıp aǵa. Jańa Misha menen kiyatırǵan edik, eshekli... Keshiriń meni, Yaqıp aǵa, men siziń balańızdı jıǵıp qoydım...

— Oy, azamat! — dep kúldi Yaqıp aǵa. — Sen jıqtıń ba, yaki eshek ıqtı ma?

— Eshek shapqılap ketti, ol meniń belimnen bekkem uslamay otırǵan eken...

— Hesh gáp, sondaydan shınıǵadı. At minbegen jigit, jigit emes! — dedi Yaqıp aǵa jumısın toqtatpastan.

— Islep atırǵanıńız ne nárse, Yaqıp aǵa!

— Nege usaydı!

— Qońırawǵa.

— Demek, qońıraw bolǵanı.

— Biziń mektepke soǵıp bermekshimisiz? Bunı qaǵıwǵa heshkimniń kúshi jetpeydi ǵoy! Úp-úlken etipsiz...

— Awa... úlken waqıyanı xabarlaytuǵın qońıraw úlken bolıwı kerek! — dedi Yaqıp aǵa.

Erteńgi sabaqlarımdı tayarlawım kerekligi yadıma túsip, Yaqıp aǵadan ruqsat soradım da, úyge qaray zıttım...

***

Armiyaǵa ketkenler kelip, biziń awılda toy kóbeydi. Kúni keshe keyninen «qara qaǵaz» kelgen Muratbektiń ákesi kelip, balasın joqlap otırǵan biraz kempirlerde úmit otın qayta tutandırdı.

— Meniń de ákem keledi, — dep toyda gúrtikke awzın toltırıp, shapqılap júrdi balalar.

— Bizler de uslaytip, duyım-jurtqa toy beremiz, — dep maqtandım men de, alaqanımnan aqqan sorpa shıǵanaǵımnan sorǵalap.

Aytarın aytsam da, ákemdi Muratbektiń ákesindey bası loqıldaǵan pishinde emes, ketkenindegidey saw-salamat halında kórgim keler edi.

— Ǵań! ... ǵań! ... Ǵań! ...ǵań! ... Ǵań! ...ǵań! ...

Úzliksiz shıǵıp atırǵan bul qońıraw sesti toydan shıqqanlardı sam-saz etti.

— Haw, bul neniń atı edi? Amanlıq bolǵay dá? — dep tańlanıstı kempir-ǵarrılar.

— Keńse betten shıǵıp atır!

— Yaq! Yaqıptıń ustaxanası betten esitiledi!

— Qoy, Yaqıp házir ǵana usı jerde edi ǵo!

— Balası qayda onıń?

— Marqabay, Mishanı kórdiń be?

Bizler menen tabaqlas bolıp otırǵan Misha ákesiniń atı atalıwdan ustaxana betke qaray juwırıp ketti. Men de onıń keyninen qalmay baratırman.

Ekewimiz kele ustaxananıń esigin ashtıq: adam joq. Ańlamappız, sırtqa shıqsaq, Yaqıp aǵa tamnıń basında júr. Qońırawdı qaǵıp turǵan ózi.

— Xalayıq, JEŃIS, POBEDA, JEŃIS! Radio xabarladı! — dep jar salıp tur ol.

Hámme qalpaǵın aspanǵa ılaqtırıp atır! Onıń jalǵız ayaq penen tamnıń tóbesine qalay shıǵıp ketkenin aqıl tárezisine salatuǵın heshkim joq. Quwanısh degen usı dá!

Yaqıp aǵanı eki adam qoltıǵınan súyep, jerge zorǵa túsirdi. Onıń kózlerinen jas sorǵalap tur. Bul quwanısh jasları, álbette!

Ol tómen túsip te, adamlar menen birme-bir qushaqlasıp, kórisip shıqtı. Onıń quwanǵanlıǵı sonshelli, ol qolındaǵı baldaǵınıń barı-joǵın da, hasla sezbeytuǵın edi...

*May, 1978-jıl.*

## TEŃIZ TUWLAYDÍ

*Hárdayım balıqshı ákemdi kútip alıw ushın teńiz boyına kelgenimde, men murnı pushıqlawdan kelgen aq shashlı hayaldıń teńiz tolqınlarına ánsiz úńilip, hásiret shegip turǵanın kóretuǵın edim.*

*Bul shıǵarmam sol hayal aytıp bergen, onıń ayanıshlı ómiriniń bir bólegi dep bilgeyseń, ádiwli oqıwshım.*

***Avtor.***

Ol ómir boyı jaqtı dúnyanı kórmey ósti. Sonlıqtan da, bul dúnyanıń jaqtı nurın ózinen qızǵanǵan qatal tábiyat penen ayqasıwda hasla harıp-sharshamadı.

Ol ingálap jerge túskende-aq bolasınlı bala edi.

— Anasınıń qarınında ósip ketken ǵoy, mınanı qara, anaw-mınaw bir jasar baladay salmaqlı! — dep sóylendi tuwdırǵan aq jawlıqlı kempir balanı uzaq kóterip tura almay qolları qaltırap.

— Tuwılmay atırıp anasın jalmaǵan bul júwernemek tiri bolsa bir jerden shıǵar, ya shaǵına jetpey óler! — desti hayallar gá balaǵa, gá jansız jatırǵan anaǵa qarap.

Usılayınsha onıń tuwılǵanına heshkim quwanǵan joq. Hátte ákesi de, qırqına shekem hayalın azalap, bunıń menen isi bolmadı. «Júrimi bolsa júrer, júrimi bolmasa óler» deytuǵın edi ol.

Biraq balanıń júrimi bar eken. «Zayıbınan ayrılǵan ákesine es bolsın» dep kempirler onıń atın Esbol qoyıp edi, ol ákesine es bolıp ta jarımadı. Tuwılǵalı bala qusap anaw-mınawǵa talpınıp ta kórgen

emes. Jatqızsa-jata beredi, jılaw menen de isi joq. Otırǵızsań-otırǵanı, bir qaraǵan jerinen kózin almay.

«Bunıń aqılı kemis shıǵar» dep júrdi kempirler. Biraq óy degeniniń barlıǵı da tiykarsız boljawlar bolıp qaldı. Haqıyqatında, balanıń aqıl-esi dúziw, deni saw edi dá, átteń ol «kózli» edi.

Bumsın eń dáslep ákesi sezdi. Bir kúni táǵdirdiń isine qayıl bolǵan ol táwbege kelip, Esboldı qolına kóterip, «áwkishtlep» kúldirmekshi boldı. Biraq ákesi ıqlaslanıp qansha kúldirmekshi bolǵanı menen bala kúlmedi. Sebebi bala ákesiniń kúldiriw ushın islep atırǵan qılıqların hasla kórmeytuǵın edi.

Sol saparı tańlanǵan ákesi tuńǵısh mártebe balasınıń kózine dıqqat penen úńilip qaradı. Onıń kózleri haqıyqattan da háreketsiz hám nursız edi.

Ekige shıqqansha Esboldı balası eki aylıǵında ólip qalǵan qońsı úydiń hayalı emizdi. Kem-kem ol qolları jabaday balıqshınıń ákesi ekenligin sezip, onıń dawısın tanıytuǵın boldı.

Bala oǵada kesh júrdi. Balasınıń júrgenine ákesi dáslep quwanǵanı menen, sońınan ishinen ókine basladı. Apıl-tapıl adım atqan kózsiz balanıń aldında ne nárseniń barlıǵın bilmey, dus kelgen zatqa soqlıǵısa beriwi ákeni ádewir ashındırdı. Sonlıqtan, ol nabada balası júriwge talpınsa, onı ózi jetelep júretuǵın boldı.

Ol talay mártebe ólimnen de qaldı. Ózi menen ózi oynap otırıp, bir saparı sırtta bir hayal menen sóylesip turǵan ákesiniń dawısın esitti.

— Haw, apam ǵoy! (Apam degeni onı jaslayınan emizgen qońsı hayal edi). Aǵam menen sóylesip tur! Nege meni kele qushaqlamaydı? Meniń qayda ekenligimdi bilip-aq tur ǵoy, — dep hawlıqtı bala.

Ol aldına dus kelgen nársege súrnigip, jıǵılsa-turıp, alǵa-dawıs shıqqan tárepke qaray juwıra berdi. Bir waqıtta salmaǵa «shomp» etti. Ne ekenligin ózi de bilmey, tıpırshıladı.Ústi-ústine suw jutıp, mantıǵıp atır. Állenemirde, jabaday qollar onı suwdan shıǵarıp aldı.

— Úyden shıǵıp ne qılayın dep ediń? Dalada ne bar edi saǵan? — dep atır «anası».

Ol usı saparı tuńǵısh mártebe úydiń hám dalanıń parqına bardı «úy degeni ishinde ot janatuǵın oshaqtıń qası, dala degeni adamdı mantıqtıratuǵın-suw!».

Bala kún sanap óse berdi, «ońın-shebin» tanıytuǵın boldı. Kúnnen-kúnge tolıstı, bilegine kúsh jıynadı.

— Nege bizler tar úyde turamız, suwı bar dala kep-keń edi ǵoy! — dedi ákesine bir kúni bala.

Ákesi endi balasına jaqtı dúnyanıń ándiyshesin túsindirmewge bolmaytuǵının bildi. Ol tariyxtı uzaqtan qozǵadı. Aspanda ay, kún bolatuǵının, onıń pútkil álemge jaqtı sebetuǵının ayttı. Al balası ushın jaqtı dúnya qaranǵı ekenligin, onıń bir múshesi kemis bolıp anadan tuwılǵanlıǵın, anasınıń qaytıs bolǵanın hám qońsı hayaldıń emizgenligin ayttı.

— Ol nege bayaǵıday biziń úyge kelmeydi? — dep soradı bala.

— Sen úlkeydiń, al onıń házir emiziwli balası bar.

— Emizbese de, kelsin biziń úyge, bola ma! — dedi bala sadalıq penen.

Bunnan keyin balanıń ákesiniń ótinishi boyınsha qońsı hayal bulardıń úyine eki ret kelip ketti.

— Aǵa, sen meni taslap qayaqqa keteseń? — dedi bir kúni bala.

— Bayǵa kúnlikshilik etemen, jumıs isleymen, keshte digirman tartaman, sóytip nan jabaman, — dedi ákesi.

— Onı men de islesem bola ma?

— Boladı.

...Úy menen digirmanxana ortasındaǵı jol onsha alıs emes edi. Sol kúnnen baslap bala ákesinen digirman tartıwdı úyrene basladı. Ap-awır taslardı aylandırıw baladan ádewir kúshti talap etetuǵın edi. Biraq bala bum awırsınǵan joq. Ol digirmannıń baqalaǵın sıypalap júrip dán salıp, tınımsız tartqanınıń arqasında ulpa qarday appaq hám mayda un alatuǵın edi...

— Balam, — dedi bir kúni ákesi, — qudayǵa shúkir, bıyıl onıńdı toltırdıń, sennen basqa oylasatuǵın adamım joq meniń, bir nársege men táwekel eteyin dep turman. Ózi ǵárip, kúni bay esiginde shorılıq etiw menen ótken, saǵan megzes, murnı pushıqlawdan kelgen bir hayal bar, sonı úyge ákelsem qalay bolar eken! Sennen tartınıp ta turman. Eger seni qaǵıp-saǵatuǵın bolsa, onıń maǵan keregi joq...

— Ákele ǵoy, aǵa, eń bolmasa tapqan-tergenimizge iyelik etip, awqatımızdı asıp berer.

— Júdá maqul, balam, sennen usı sózdi kútip edim, — dedi ákesi.

Xojalıǵına nashar adam kelgeli olardıń úyinde awqat jeytuǵın jan kóbeydi. Burınǵıdan kóbirek nan jelinetuǵın boldı. Bala gey kúnleri azannan keshke shekem digirman tartıp, pútkil awıl hayallarınıń jumısın bir ózi isleytuǵın edi. Hárkim bir uwıstan berse de kóbeye beredi eken, hár kúni keshke ol úyine bir shekiyne un ákelip júrdi. Lekin buǵan ákesiniń arı keldi.

— Balam, — dedi ol, — sen endi digirmanxanaǵa barmay-aq qoy, námnaǵan jigit boldıń, uyattı. Jumıs islegiń kelse, meniń menen birge júr. Teńizge shıǵasań, eskek esip, tayaw basıwdı úyrenesen, balıqshılardan qızıqlı áńgimeler esitesen..

Bala quwanıp qoya berdi, «hayallardıń ekew-ara sıpsıń gáplerinen ákem aytıp turǵan jumıs anaǵurlım jaqsı shıǵar» dep oyladı ol.

Erteńine olar tań azannan turıp, ákesi menen birge jetelesip teńizge ketti. Balıqshılıq tek soqırlar ushın oylap tabılǵan talaptay kórindi sonda oǵan. Qayıqtan túspeyseń. Ushan teńiz, heshteńege dúkpeyseń. Tabandı tirep eskek tartsań, qayıq alǵa qaray júre beredi, bolǵanı. Al aw salıw, onı qaraw she! Onı kózi bar ákesi isleydi.

...Ákesi bunı teńizge ertip kelgen kúni balıqshılar arasında ádewir gáp boldı. Birewler ákesiniki «durıs» dese, ekinshi birewler «durıs emes» dep taptı. Biraq balanıń ákesi olardıń heshqaysısinikine de qulaq qoymadı. Sebebi awır qayǵı, qara miynet onı qartaytıp, qasına Esboldı ertiwge májbúr etken edi.

...Awları ót qaqpaǵan balıqshılar keshki awqatı múshkil bolıp, qosta uzaq oylasıq qurdı.

— Atamannıń awın qarayıq, eń bolmasa qazan balıq alıp qaytarmız, — dedi állen waqıtta bir balıqshı.

Bul usınıs kópshilikke maqul tústi. Tek te balanıń ákesi «illá» dep awzın ashqan joq. Biraq qasındaǵılardan bólinip qalıw qolaysız edi oǵan.

— Qoy, urlıq etkenimiz uyat bolmay ma? Ashtan ólsek te, kisiniń awın qaramayıq, — dep shırladı bala.

Biraq onıń gápin heshkim itibarǵa almadı.

Atamannıń awın qarap, hárkim bes-altı shabaq alǵan boldı. Sonıń arasında mator gúrildisi esitildi.

— Atamannıń adamları kiyatır! Qurıp qaldıq! — dep balanıń ákesiniń shır-pırı shıqtı.

Adamlar awdı taslap tım-tıraqay qashtı.

— Atamannıń adamları! Tuta qoysa Filchev bizdi ońǵılıq qılmaydı! Qáne, kólge qashıń! — dedi bir balıqshı.

— Áne, endi qıyın boldı, balam. Kemeniń basına barıp, buǵıp jat, ústińe meniń shapammdı jamıl. Bizlerdi tutıp alsa, ońdırmaydı, — dep awır gúrsindi ǵarrı.

— Onda ózim eskek eseyin, bálkim jetkermespiz.

— Yaq, sen jat...olar báribir izimizden quwıp, jetip aladı. Astında matorı bar. Sen sestińdi shıǵarıwshı bolma! — dedi ǵarrı.

— Atamannıń adamları há degende gúrlep kelip qaldı.

— Qáne, toqtańlar!

Balıqshılar irkilmedi. Olardıń aldı jekenlikke kirip úlgergen edi. Sol waqıtta bes atardıń atılǵan sesti ústi-ústine shıqtı.

— Ah-h! — dedi eskek esip baratırǵan ǵarrı ıńıranıp.

— Ne boldı, aǵa?

— Ja-at! Sestińdi shıǵarma!

Mator qayıq olardıń ústine dónip keldi.

— Heh-heh-heh! — dep ǵarqıldap kúldi iri dawıslı kisi. — Aqmaq ǵarrı, tórt shabaq ushın ólip kettiń, jaqsı boldı ma?

Esbol únsiz jata berdi. Óytpegende ne qıladı. Olar menen tóbelesiwge qarar kózi joq. Qolına tússe kórer edi qudaydıń ne salǵanın!

— Aǵa! — dedi ol ásten olardıń dawısı semgennen keyin.

Ǵarrı juwap bermedi. Tek te awır ıńırsıw esitildi onıń qulaǵına. Bala ornınan ushıp turdı.

— Jawızlar! Meniń aǵama ne qıldıńlar?

Uzaqlap ketken mator taǵı aylanıp, bunıń tusına keldi.

— Meniń aǵama ne qıldıńlar?

Bala súrnigip, qayıqtıń ultanına quladı. Keme awdańlap, muzday suw ernekten ishke quyıldı.

— Ol soqır! Tiymey-aq qoyıń oǵan. Báribir teńizge batıp óledi!

Qaraqalpaqshalap sóylegen bul adamnıń tili ózge, ǵayrı din adamlarınıń ishinde júrgenine bala hayran boldı. Biraq onıń ismi-sháripin soraǵan joq, óz qayǵısı ózine basım edi onıń.

Mator bulardan alıslap ketti. Bala sıypalanıp júrip, qayıqtıń ultanında jansız jatqan ákesin zorǵa tawıp aldı.

— Áke, áke, ákejanım! ne qılıp atırsań, sen? Tursa, tura qoysa! Qayıqtıń basın dúzep otır eń bolmasa...Ózim eskek eseyin...

Ǵarrı únsiz jata berdi.

— Hey, adamlar, bizlerdi alıp ketińler!...

Balanıń dawısın esitse de, heshkim qayıqqa jaqın kelmedi. Bul waqıtlarda balıqshılardıń oq tiygenleri ólip, oqtan aman qalǵanları tıshqan tesigi mıń teńge bolıp, jekenlikte jasırınıp jatırǵan edi.

Bala eskekti qolına alıp, jaǵaǵa jeteyin degen niyette, tabandı tirep onı tarttı. Biraq ol eskekti esken sayın, keme tawday tolqınlarǵa

duslasıp, burıngıdan da beter awdańlay basladı. Ol jaǵaǵa emes, ushan teńizdiń ortasına qaray eskek esip baratırǵan edi.

«Demek, jaǵa keyin bette eken ǵoy» dep oyladı ol hám qayıqtıń basın burmaqshı boldı. Sol waqıtta giddiman bir tolqın qıyalaǵan qayıqqa kelip urdı da, onı awdarıp ketti.

— Áke, ákejan! — dedi bala ákesinen ayrılıp qalǵısı kelmey. — Qurıp qaldıq ǵoy!...

Ol endi óziniń de óletuǵınına kózi jetti. Sonda da «ekewimizdiń de denemiz bir jerde qalsın» degen niyette qarmalanıp, ákesiniń denesin izley basladı.

Állen waqıtta tawday bolıp kelgen bir tolqın onı ákesi menen tabıstırdı. Ol endi qanshama mantıqsa da, onnan ayrılmaw ushın qolların taraqlap alıp, ákesiniń belinen qushaqlap jibermedi.

Aqırǵı deminde ol tiri qalǵan balıqshılarǵa qaray dawıslamaqshı edi. Biraq awzı-murnına tolǵan suw onı sóyletpedi. Bala da únsiz qaldı. Eki jansız dene jubın jazbastan kógildir kók teńizdiń túbine shúmip ketti...

Mine, sonnan berli barlıq hásiretli sırdı ishine búkken dolı teńiz tınımsız tuwlaydı!..

*Moynaq, 1976-jıl.*

## TÁǴDIRIM

*(Novella)*

Keńsesinde xatker qızdan basqa heshkim joq eken.

— Baslıq qayda! — dep xabarlastım men oǵan.

— Bóribay degen ańshı qaytıs bolıp soǵan ketti, — dedi ol.

— Boribay! Bóribay deysiz be? — dedim gápimdi qaytalap.

— Awa, Bóribay, he-e, jaqın adamıńız ba edi?

— Jezdem edi, — dedim men, haqıyqatın aytsam «jezde» degen sózdi oǵan múnásip kórmedim.

— Jaqın arada jezdeńizden xabar almaǵansız ǵoy, shaması?

— Awa, durıs, kórmegenime de kóp waqıtlar boldı ...

***

... Anamnıń awırıp jatqanına biraz kúnler bolǵan edi. Keshke jaqın onıń ıńqıldısı ábden kúsheydi. Ol sóylesiwdi de qoyıp, kerek

nársesin ım menen túsindiriwge qaradı. Soń názeri peshtiń quwısında bala pıshıq penen oynap otırǵan maǵan tústi.

Apam ernin qıymıldattı. Men onıń bir nársege zárúr bolıp atırǵanlıǵın dárhal uqtım. Biraq qasına kelip otırǵan maǵan ol hesh nárse buyırǵan joq. Tek basımdı sıypap, mańlayıma erinlerin tiygizdi. Soń iyegin kemseńletip, únsiz jıladı. Ol bul saparı awırıwınıń qattı batqanlıǵınan emes, al meniń keleshegimdi oylap jıladı ma deymen.

Sonıń arasında dúzdegi jumısınan aǵam keldi. Ol meni áste aqırın shaqırıp aldı da, Jumagúl ájapam ekewimizdi «oynap keleǵoyıń» dep Marqabaydıń úyine jiberdi.

Bir nársenin boların sezgendey jol júriwge tabanım tartpadı.. Úyge qaytqım kele berdi, eki kózim keynimde boldı. Bizler Marqabaydıń úyine jetpey-aq adamlardıń «way-way»ı esitildi. Dárhal úyge qaray juwırdım. «Anajanım, anajamm» deymen eki kózim jasqa tolıp. Esikten kire bergen jerde meni Elmurat dayım irkti. Ol meni qushaqlawı menen tez adım atıp, ájapam ekewimizdi úyine ákelip tasladı.

... Adamlardıń dawısı túni menen sembedi. Jer bawırlap jatıp bizler ájapam ekewimiz de jıladıq. Biraq kisiniń úyinde «way-way» salmadıq. Ekewimizdiń kóz jaslarımızdan basımızdaǵı dastıq suwǵa malıp alǵanday boldı... Azanda úyge kiyatırsaq digirmanxana bette aǵamnıń inisi Qudaybergen usta tabıt soǵıp atırǵan eken.

— Islep atırǵanıń ne nárse, ata? — dedim men kózimnen úzliksiz aǵıp turǵan jas tamshıların súrtiwge shamam kelmey.

— Om ne qılayın dep ediń? — dep bejireydi usta atam.

— Apam menen men de ketemen...

Hásiretke shıdamay men ókirip jılap jiberdim. Dawısım shennen tıs qattı shıqtı.

— Há, tili kesilgir, joǵal bulmannan! — dep usta atam maǵan qaray dápindi. Soń sózim qattı tiyer dedi me, qolı menen kóz jaslarımdı súrtip, qolıma bawırsaq uslattı.

... Apamdı «Toqpaq ata»ǵa jerledi. Aǵam paqır da azıp tozıp qaldı. Bir úydiń mashqalası jalǵız basına tústi. Sońǵı waqıtları awırıwı asqınlap, jatısı kóbeyip ketti...

— Keńesbay, ústińe kiyimlerińdi kiy, — dedi aǵam azanǵı shaydı iship bolǵannan keyin.

— Qayda baramız, aǵa?

— Keńsege.

— Nege!
— Sıyırdı aparıp tapsıramız.
— Jalǵız sıyırdı ma? — dep tańlanıp soradı Jumagúl ájapam.
— Awa.
— Onda hesh bolmasa buzawın alıp qalayıq.
— Yaq, ekewin de tapsıramız. Bári bir biziń úyde bunı sawıp qádirine jetetuǵın adam joq. Bersek biz jámáátlik shólkemge bereyik dep atırmız. Jámááttiń malı óz malımız ǵoy, balam, — dedi de aǵam esikke qaray adım attı.
— Keyin bizlerge sıyırımızdı qaytarıp bere me?
Aǵam úndemedi.
— Sonda nege basqalar tapsırmaydı? — dedim men.
— Ele hámme tapsıradı. Jańa zamannıń siyasatına tolıq túsinbey atırǵan ǵoy.
Aǵam sıyırdı jeteledi, men buzawdı súyredim. Sóytip keńsege keldik. Ol ele jabıq eken, baslıq kelmepti.
— Aǵa, meniń atımdı nege Keńesbay qoydıń? — dedim men.
— Jańa dúziminiń húrmetine solay atadıq.
— Bul dúzimniń tusında burınǵıday jarlı degen bolmaydı, hámme teńdey, jaqsı jasaydı, — dep ediń, sonda mal-múlki, baylıǵı bolmasa adamlar qalay jaqsı jasaydı, — dep taǵı da soradım men.
Aǵam oylanıp qaldı. Birazdan soń:
— Baylıq hámmege ortaq boladı, — dedi.
Sonıń arasında sırttan baslıq Kamal aǵanıń dawısı esitildi.
— Assalawma áleykúm, Artıq aǵa!
— Wáleykum assalam!
— Haw, azan menen ne qılıp júrsiz? Mına buzawlı sıyır kimdiki?
Ol telegraf baǵanasına baylanǵan biziń sıyırdı kórsetti.
— Ózimizdiki. Jámáátke tapsırıwǵa ákeldik.
— Júdá jaqsı, Artıq aǵa. Úyde basqası bar ma edi?
— Yaq. — Onda qalay bolǵanı, biz sizge túsindirip aytıp edik ǵoy, Artıq aǵa, ekewden artıq bolmasa, jámáát heshkimge «malıńdı ber» dep zorlamaydı.
— Bilemen, bilemen...
Aǵam baslıqtıń sózin dawam ettirmedi.
— Kamal inim, — dedi ol, — qálem-qaǵazıńdı al, sıyırdı meniń atıma, buzawdı balamnıń atına jaz!

Aǵam baslıqqa aytqanın isletpey qoymadı. Sıyırdıń bas jibin alıp, buzaw ekewin jámááttiń mal qorasına aydap jiberdik. Bizlerge úyrenisip qalǵan jániwar kóp waqıtqa shekem bizlerden alıslap ketkisi kelmey turdı. Ásirese buzaw kelip meniń qolımdı jalay berdi.

— Keńesbay, balam, — dedi sonda Kamal aǵa meniń qulaǵıma sıbırlap, — úyde basqa sawınıńız bar ma edi?

— Bir eshki bar, — dedim men.

— Eshki qara mal emes ǵoy!

Aǵam meni baslıq penen bunnan artıq sóylestirmedi, qolımnan jetelep úyge alıp ketti. Sol kúnniń ózinde awıl arasına duw-duw gáp taradı. «Artıq jalǵız sıyırın buzawı menen qosa jámáátke aparıp beripti» degenge isenbegenler qoranı óz kózi menen kelip kórip ketti. Aǵamnıń is háreketi biraz qurǵın xojalıqlarǵa jaqpadı.

— Jámáátke birinshi bolıp kirip edi, mine endi jalǵız buzawlı sıyırın berip atır. Bunı sirá jámáát degen jin urǵan shıǵar, — desti olar.

Biraq túni menen jámááttiń mal qorasın qarawıllaytuǵın biziń aǵamnıń buǵan párwayı pálek edi. Gúzdiń keliwi menen awılda mektep ashıldı, bizler endi oqıwǵa qońsı awılǵa qatnamaytuǵın boldıq. Bul mekteptiń bir qızıq jeri onda bólek-bólek klass joq edi, balalardıń úlken-kishisi bir jaydıń ishinde oqıydı.

Mektepke biziń Jumagúl ájapam da qatnadı. Onıń mennen úlkenligi eki jas aq edi. Sonlıqtan ba, esapqa kelgende úyge tapsırmanı men onnan kóshiretuǵın edim.

Bir kúni arifmetika sabaǵınıń waqtında biziń klasstıń esigin birew kelip qaqtı. Ásámatdin muǵallim sırtqa shıǵıp ketti. Klassqa kirgennen keyin ol maǵan hám Jumagúl ájapama úyge ketiwge ruqsat berdi.

Artıma qaray-qaray klasstan shıqtım. Jumagúlge jetkermew ushın soqpaqqa túsip, ókpem óshkenshe juwırdım. Úydiń aldına adamlar jıynalıp qalıptı. Esheklerinen túsken ǵarrılar búyirlerin tayanıp, «way-way» dı basladı. Men de jılawım menen úyge kirdim. Qara úydiń ońqaptalında aǵam ses-semirsiz jatır eken: qarawıllıqta turǵan jerinde onıń is-háreketlerin jaqtırmaǵan dushpanları buwındırıp óltirip ketipti. Kókiregine basımdı qoyıp uzaq jıladım, ol «oyanbadı».

Qápelimde qora betten ılaqtıń mańıraǵan dawısı esitildi. «Bul jániwarǵa ne boldı eken?» dep qora betke barsam, qazıqta onıń jalǵız ózi tur. Úydegi jalǵız eshkini adamlar álleqashan soyıp taslaptı. Buzawlı

sıyırdı alğan jámáát ağamnıń as-abatın tarqatıwğa soyğanday baspaq ta bermepti. Demek, jámáátke berilgen zat qaytpas eken dá!

Jıyın tarqalğannan keyin Ayshagúl apam (ol biziń ağamnıń qarındası edi) Jumagúl ájapam ekewimizdi qasına shaqırıp aldı hám bizlerdi «Alan awıl»ğa alıp ketetuğının ayttı. Ağamnıń qarındasınıń úyi sol awılda edi.

Iyelerinen ayrılğan biziń úydiń esigi ashılıwı menen artta qaldı. Úy átirapın tolıq tınıshlıq biylegen edi. Tek te digirmanxana aldında bir top shımshıqlar jonılıp taslanğan ağash jonqaları arasınan jerge tógilgen birli-yarım dánlerdi terip jep, bir ushıp bir qonıp júrdi. Jumagúl ájapam ekewimiz ağamnıń qarındasınıń jetegine erip, artımızğa qaray-qaray júrip kettik, bizlerdiń qayğımızdı bóliskendey ákemniń kózin kórgen qara tal shaqaları muńlı ırğalısıp sońımızda qaldı...

Aradan kúnler ótti. Ayshagúl apam bizlerdi qanshama qásterlemekshi bolğanı menen ol úy biziń ushın kisi esigi edi. Jıladıq-sıqladıq. Iláj qansha? Jezdem shurt minez, ańshılıq penen atı shıqqan adam edi. Sol asharshılıq jıllarınıń ózinde olar onlağan iyt saqladı. Oğan bizlerden góre iyti qádirlirek boldı, ekewimizdiń sebebimizden Ayshagúl apam onnan talay tayaq jedi.

Bir kúni Jumagúl ájapam menen peshtiń quwısında «áwelemen-dúwelemen» oynap otır edik, jayğa qabağınan qar jawıp, jezdem kirip keldi.

— Hey, jetimekler, úydegi otın tawsılıptı ğoy, bar jıńğıl shawıp keliń, iyt quraqım paydası joq náletiyler! — dedi ol bizlerge ğázebi qaynap.

Eshekti jetelep, Jumagúl ájapam ekewimiz toğayğa kettik. Shabıwın shapsaq ta, jıńğıldı eshekke tiyew qıyın boldı. Haram qatqır eshek bir ornında turmadı. Bizlerdiń kúshimiz jetpey qıynaldıq. Bir waqıtta temir qazıqtı suwırıp, ayağın tusawlayın, dep eńkeyie bergenim, eshek burıla berip sáddelep jiberdi me deyseń, mańlayımnıń aldı jarq ete qaldı. Betimdi ıssı qan juwıp ketti. Eshek úyge qaray shapqılay jóneldi. Jumagúl ájapam ekewimiz qansha quwsaq ta, jete almadıq. Eshek bizlerden burın úyge keldi.

Sol kúni kórgen aqıretimizdi adamnıń basına salmağay. Haljağdayımızdı Ayshagúl apamnan esitken jámáát baslığı Kamal ağa kóp uzamay bizlerdi qalada ashılğan internatqa ákelip tapsırdı. Mine sonnan berli neshshe jıllar dizbegi ótti...

***

... Bizler barsaq adamlar sharbaqtıń ishinde shoq-shoq bolıp turǵan eken. Ǵarrılar «áwmiyn» aytqannan keyin bes-altı adam bara tabıttı kóterdi.

— Haw, Keńesbay, tabıttıń bir jaǵın kóterseń-o, jezdeń ǵoy seniń, — dedi meniń art betimde turǵan birew.

Men úndegen joqpan. Degen menen jańaǵı bir adamnıń ızǵarlı gápi ótmishti taǵı da bir mártebe meniń yadıma saldı. Qápelimde kúni menengi qapırıqtı serpip taslap, salqın samal esti. Tabıt tiyelgen arba ornınan qozǵalǵan waqıtta «Keńesbayjan-aw, usınday boldı ǵoy» dep jılaǵan kempirdiń dawısı esitildi. Bul Ayshagúl ájapam edi. Meniń de kózlerime jas keldi. Biraq men Bóribaydı qayǵırıp emes, al awır táǵdirimdi, ótken mashaqatlı kúnlerimdi eslep jıladım...

*1977-jıl.*

## AQ ATLİ, YAMASA ATAMDİ KÓRGEN ADAM

*(Novella)*

Hár saparı jaydıń aldındaǵı kún shuwaqqa shıǵıp, «aqsaq ǵarǵa» oynap atırsam, úydiń qasınan ótip baratırǵan aq atlı kisi tusımda irkilip:

— Hey, pushıq qız, úlkeydiń be? — deydi.

— Úlkeygen joqpan, ele kishkentayman,— deymen men.

— Ójetligiń seniń ele qalmaptı, arbadan túsip qalǵan qız, ol waqıyalardı bilmeytuǵın da shıǵarsań?— deydi ol.

— Túsip qalıp men zat emespen, adamman, — dep taǵı gejirlenemen men.

— Áne sen sol waqıyalardı bilmeyseń, apańnan sorap kór, aytıp beredi. Seni saydıń ishinen men tawıp alǵanman, — deydi aq atlı kisi.

— Yaq, meni apam tuwdı, — dep ójetlesip, onıń menen urısaman hám ókpelep, teppegimdi qolıma alıp úyge ketip qalaman. Kele sala apama «aq atlı kisi meni qoymaydı» dep onnan esitkenlerimdi aytıp shaǵım etemen.

— Awa, onıń aytqanları durıs, — deydi apam.

— Onda maǵan bul gáplerdiń mánisin túsindirip ber, — dep onıń keynine túsip alaman men.

Apam bul ándiysheni aytıp beriwge waqıt taba almaydı. Endi bilsem, waqıt taba almaydı emes, meniń kewlimdi qabartpayın, dep aytpaydı eken. Men báribir oǵan ol waqıyalardı aytqızıp tındım.

... — Ákeńniń jumısına bola bizler awıldan qalaǵa kóship keldik, — dep basladı sózin apam. — Atam menen enem awıldaǵı sonsha dáskeni, úydi-jaydı taslap, biziń keynimizge eriwge qayılshılıq bermedi, baǵ-háremge iyelik etip, eski qonısta qaldı. Sen bizlerdiń tuńǵıshımız ediń. «Bizlerge aldanısh bolsın» dep olar seni alıp qaldı. Sen ele tolıq emshekten de shıqpaǵan ediń. Bir jasarıńnan baslap, enem paqır baqtı seni. Keyin ol biyshara tosattan awırıp qaytıs boldı. Ol úyde atam menen sen qaldıń. Ákeń menen ekewimiz «atam endi qolımızǵa keler» dep oyladıq. Biraq ol biziń qolımızǵa kelmedi, eki jastı toltırıp úshke qaraǵan seni de bizlerge qaytıp bermedi.

Ol qaladaǵı biziń úyge arbalı háptesine bir mártebe kelip turatuǵın edi. Bir kúni atam, ózi arbanıń altaqtasında, uyqılap qalǵan seni artqa, kórpeshege orap jatqızıp, arba jol menen ıńıldap qosıq aytıp kiyatırǵan eken, saydıń ishine túsip, keyin biyikke kóterilgen waqıtta sen arbadan túsip qalıpsań. Uyqıńnıń qattılıǵı sonsha, oyanbaǵansań, jılamaǵansań da. Sonlıqtan atam bunı sirá sezbepti.

Keshegidey ele yadımda, atań úydiń qasına kelip, arbadan túsip atırıp edi, keyninen bir atlı kisi kelip tur.

— Bazarshıdan túsip qalǵan balanıń atı kim? — deydi ol atama, qolında kórpeshege oralǵan sen barsań.

Ań-tań bolǵan atam apalaqlap, arman-berman juwırıp júr.

— Bala emes, bul qız ǵoy, meniń aqlıǵım. Atı — Bazargúl, atı — Bazargúl! — deydi ol haplıǵıp.

— Awa dá, bazarshıdan túsip qalǵan qız Bazargúl boladı, — dedi ol kúlip.

— Qay jerde túsip qalıptı, inim-aw? Bereket tapqır, seniń tap bolǵanıńdı aytsań-o!

Atam atlı kisini qoyarda qoymay, mirát etip úyge kirgizip, úlken adamgershilik pazıyletleri ushın awqat berip, sıylap jiberdi. Sol-sol eken, atam qaytıp arbaǵa minbeytuǵın boldı, seni de arbaǵa hasla otırǵızbadı. Úyge keletuǵın bolsa kók eshekke minip, aldına seni alıp júretuǵın edi.

Bir kúni atam seni mingizip, eshekli jolǵa shıqqan eken, yarım jolda pesin namazdıń waqtı bolıptı. Atam «namazdı qaza etpeyin»

dep eshekti baylap, seni qaptalına qoyıp, namazın oqıptı. Keyin qáne seni aldına ala alsa. Eshekke seni mingizse, ózi mine almaydı, ózi minse, seni aldına ala almaydı, haram qatqır kók eshek shıbjıńlap bir jerde turmaytuğın qusaydı. Sóytip, sergizdan-sebil bolıp júrgende bayağı atlı tağı da dus bolıptı. Keyin atamnıń múshkili jeńillesken eken. Áne sonnan berli ol seni qızıq kórip, oynay beredi, balam. Kishkentay gezlerińde «pushtanay» dep murnıńnan shımshıp ketetuğın edi ol brigad bala, endi sen úlkeygennen keyin ótmishti eslep gáp etip, seni mazaqlaytuğın boldı. Sen oğan qapa bolma, qızım, onı húrmetle, ol biziń qádirdanımız, seniń atańdı kórgen adam...

Apamnıń bul gápleri atam haqqındağı tağı bir waqıyanı meniń yadıma saldı. Bes jasımdı toltırıp, altığa qarağan gezlerim edi. Qaladağı házir ózim jasap atırğan úyge atam menen qıdırıp kelgenim ele esimde. Apam menen ağam, meni atama berip qoysa da, men tuńğıshı bolğanlıqtan ba, kózleri qıymay, jaqsı kóretuğın qusaydı-aw. Mağan bastan-ayaq bir qatar kiyim alıp qoyğan eken. Keliwden ústime ildirdi, balalıq ğoy, júregim sháwkildep juwırıp júrmen. Qońsı-qobalar payğazı berip atır. Men buğan onnan sayın másiremen.

Birazdan keyin qaytatuğın waqıt boldı. Atam kók eshegin ertlep, «júr balam, keteyik» dep meni shaqırdı.

— Yaq, barmayman, seniń áperetuğın kiyimiń joq, — dedim men.

— Áperemen, balam, bunnan da jaqsısın áperemen, — dep jalınıp-jalpayıp atır ol.

— Yaq, kerek emes, barmayman!

— Qáne, min eshekke! — dep dápindi sonda ağam.

Men shaqqanlıq penen úydiń aldındağı terektiń shaqasına órmelep kettim de, usha basına shığıp, «barmayman» dep qıshqırdım.

Atam eshektiń ústinde ne qıların bilmey, gibirtiklep tur.

— Qáne, tús terekten! — dep jekirindi tağı ağam.

— Túspeymen! — dep eregisip, tóbede turıp aldım men. Ağam endi terekke órmeley basladı. Onıń salmağın kótere almay birli yarım shaqalar sınıp ta qaldı.

Bir waqıtta ol men otırğan jerge jetti de, búrkittey pánjesi menen meniń jelkemnen búrip aldı da, shaqqanlıq penen jerge alıp tústi.

— Min, qáne, eshekke!

Ol qattı ashıwǵa minip, shappat penen meniń shekeme aldırıp-aldırıp jiberdi.

Mushtan qorıqqan men jılamsırıp, eshekke bir miniwge mindim de, keyin sekirip túsip, qula dalaǵa qashıp ótá kettim.

— Barmayman, meni endi uslay almaysız!

Atam kók eshegin jipá-jeksiz qamshılap úyden alısladı. Kórip turman, apam menen aǵamnıń bergen túyinshiklerin de, ol aldılarına atıp urıp, taslap ketti.

Dalada qańǵırıp júrip, qas qarayǵanda úyge keldim. Baǵanaǵı tayaq tayaq pa, aqırettiń úlkenin kelgennen keyin kórdim. Aǵam usı ret meni ayamay urdı. Arashaǵa túsken apam biysharanıń jegen tayaǵı óz aldına. Onıń jawırının qamshı qalay bolsa solay tilip ketti.

— Nám-naǵan adam kóz jas tókti. Soǵan sen ayıplısań. Tazadan kiyim ápermegende jalańash júrmedi ol? — dep apamdı sókti de, aǵam esikti «tars» ettirip jawıp, sırtqa shıqtı.

... Aradan kúnler ótti. Atam eki hápte qatarına úyimizge izep basqan joq. On besinshi kúni «ǵarrıń qattı awırıp qaldı» dep xabar aytıp, aq atlı kisi úyge keldi. Aǵam menen apam janma-jan awılǵa atlandı. Atam olardı ırzalasıwǵa shaqırǵan eken. Esikten kiriwden ol meni soraptı. Sonda nege alıp ketpedi eken meni? «Barmayman» dep qıyqańlıq etip, jılaydı degen ǵoy.

Balalıqta ne bolmaydı. Kóp qáteshilikler isleyseń. Olardıń kóbisi umıtılıp ketedi. Al men bul qáteshiligimdi hárgiz umıta almayman. Geyde islegen jaramas qılıǵımdı eslep, ózimdi ózim náletlep otıraman. Biraq bunnan ne payda? Ótken iske salawat degen. Endi qátelik islemewge urınaman. Óytkeni eseyip, men keshirim soramaqshı bolǵan, mennen kewli qabarǵan atam álleqashan qaytıs bolǵan...

Endi úydiń tusınan aq atlı ótse, dárhal juwırıp shıǵaman, oǵan sálem beremen, «shóllep kiyatırǵan bolsańız sarqum menen suw ákelip bereyin, yaki otırıp shay ishesiz be?» deymen. Geyde ol meniń kewlim ushın shóllemese de, aparǵan suwımdı ishedi.

Atamdı kórgen adam... Ol ne degen qádirdan, ne degen miyirman, ne degen jaqsı...

Al biziń atam onnan da jaqsı edi.

*Qońırat, 1985-jıl.*

## AQ TAL AYİPLİ MA?

*(Tuńgısh muhabbat báhári)*

Shıǵıwǵa qońıraw qaǵılǵanda átiraptı álleqashan qarańǵılıq qaplaǵan edi.

— Klass ishi mintazday taza bolsın, azanda bul klassta sizlerdiń úkelerińiz oqıydı, — dep eskertti de, muǵallim pitkeriwshi klass oqıwshılarına qaytıwǵa ruqsat etti.

Edendi juwıp, klass ishin tazalap qoyıw gezegi Perizat penen Jańabaydiki edi. Oqıwshılar klasstı bosatqannan keyin olar shelek, sipse hám látteni alıp, jumısqa qumbıl kirisip ketti. Jańabay partalardı biriniń ústine birin mingizip, múyeshke jıynay basladı. Periyzat edendi sıpırdı.

— Shańǵıtıp ketti ǵoy, terezeni ashayıq, — dedi Jańabay.

— Ózim ashaman, sen partalardı jıynastıra ber.

Perizat ayna aldına qustay qondı da, fortochkanı ashtı, soń moynın sırtqa sozıp:

— Átirap ne degen gózzal! — dep tańlandı.

— Abayla, jıǵılıp ketерseń, ekinshi qabatta turǵanıńnan xabarıń bar ma?

Jańabay Perizattıń qasına qalay juwırıp barǵanın ózi de sezbey qaldı.

— Jıǵılıp men kishkentay emespen!

Qız edenge sekirip tústi.

— Jańabay! — dedi ol. — Sen maǵan ana úlken partam qoyıp ber, ya?

— Hár kúni otırıp júrgen partań she?!

— Oǵan ayaǵım sıymaytuǵın bolıp qaldı. Usı kúnleri ósip kettik pe deymen?

— Múmkin...

Jańabay Perizattıń turqına taǵı da bir mártebe kóz juwırttı. Ol usı ret tuńǵısh mártebe burıńǵı ilenázik Perizattıń boy jetip, tolısıp qalǵanın sezdi. Birinshi klastıń esigin ashqanda ustazı «sizler ekewińiz klastaǵı ballardıń eń kishkentayısız, artta otırsańız taxtanı kóre almaysız» dep olardı aldıńǵı partaǵa otırǵızǵan edi. Kórdiń be, waqıttıń demde ótiwin. Mine endi sol parta Perizatqa kishilik etedi.

— Jańabay!

Perizattıń gápine ol selk ete qaldı.

— Qorqıp kettiń ǵoy?
— Yaǵ-aw, ózim oylamp turıp edim.
— Neni oyladıń?
— Birinshi klasta aldıńǵı partada kip-kishkentay bolıp otırǵan kúnlerimizdi.
Qız uyalıp qaldı.
— Perizat, seniń shashıńnan taslamaytuǵın aq bantigiń qayda?
— Endi ne keregi bar onıń?!
Qız sıńq etip kúldi.
— Onnansha bir shelek suw alıp kel!
Perizat onıń qolına shelekti uslattı da, tanıs namaǵa ıńılday basladı:

Aq bantigim talǵa ilinip qalıp,
Suw boyında tursam oylarǵa talıp,
... ... ... ... ... ... ... ... ...
Maǵan qushaq ashar on segiz báhár.

Jańabay shelekti alıp klastan shıqtı. Pútkil álemge átir sewip qoyǵan sıyaqlı, gúllerdiń xosh iyisi ańqıydı. Sáwirdiń samalı esip tur. «Jarqılıq báhár! Seniń káramatıń ǵoy bul!» dep sıbırlandı Jańabay. Soń jeti jasqa úsh ayı jetpey birinshi klasqa ilinbey qalǵan Perizat ekewiniń bul onsegizinshi báhári ekenligin esledi...
Qápelimde onı álleqanday bir qıyallar biylep aldı. Onıń yadına sanawlı kúnlerden keyin mektep penen xoshlasatuǵınlıǵı tústi. «Sonda bir klasta oqıǵan ontoǵız oqıwshınıń hár qaysısı hár jaqqa kete me?! Al Perizat she?! Kásip tańlaw keshesinde medicinalıq institutqa tapsıraman, vrach bolaman, dep edi. Sonda traktorshı bolıp awılda bir ózim qalaman ba?! Al soń she? Soń barlıǵı umıt bola ma?! Yaq, umıtılmawı kerek!»
Ol paxta terimde qızlarǵa qawın jarıp beretuǵın shaqqısın qolına aldı. Átirap tıp-tınısh. Kógildir aspanda kóship baratırǵan birli-yarım bultlar todasınan basqa buǵan qarap turǵan jan joq. Tek te anda-sanda báhár samalı menen aq tal japıraqları sıtırlasadı.
Jańabay shaqqısı menen aq talǵa bir nárselerdi oyıp jaza basladı. Sonıń arasında mektep tárepten sıńǵırlaǵan qız dawısı esitildi.
— Neǵıp atırsań, Jańabay?! Shelegińdi suwǵa túsirip aldlıń ba?
Jańabay úndemedi. Perizat juwırıwı menen onıń qasına keldi.
— Tártipsiz! Muǵállimge aytaman! — dedi qız.

— Yaq, men tártipsiz emespen, — dedi Jańabay.

— Ne dep jazdıń onda? Qáne, kórset!...

Jańabay aq taldan alaqanın aldı: P+J= ol dawamın jazıp úlgermegen edi.

— Uyatsız!

Perizat bul gápti ashıwlanıp ayttı.

Qápelimde Jańabaydıń jaǵı ot jandı. Qız juwırıwı menen mektepke kirip ketti. Bir shelek suwdı alıp birazdan soń Jańabay da onıń keyninen klasqa keldi.

— Ol terekti men túnde kelip shawıp taslayman!— dedi Perizat látteni sıǵıp atırıp.

— Nege?! Aq tal ayıplı emes... — dep shıja-pıja boldı Jańabay.

Qız úndegen joq. Sol úndemewi menen ol bir klastıń edenin juwıp shıqtı. Úylerine ketip baratırıp ta, sóylespedi olar.

Aqsham Jańabay birazǵa shekem uyqılay almadı. Tap házir Perizat qolına ótkir baltanı alıp, qudıqtıń túbindegi jazıqsız aq taldı shawıp atırǵan sıyaqlı.

«Aq tal nege shabıldı?» dep pútkil mektep muǵallimleri qarawıldı sorawǵa tutpay ma? Sonda ol direktordan jipá-jeksiz sógis esitkisi kelmey, Perizattı aytıp beredi. Al Perizat bunıń barlıǵına meniń sebepshi ekenligimdi bildiredi. Soń onbirinshi klastı pitkereyin dep turǵan meni direktor mektepten quwıp jiberedi!..»

...Azap penen tań attı. «Ne boları boldı» dep oyladı ol. Biraq tústen keyin mektepke kiyatırǵan Jańabay aq taldı kórip quwanıp qoya berdi. Ol shabılmaǵan edi. Aqırına deyin jazılmaǵan jazıw sol pitpewi menen formulaǵa aylanǵan ashıqlıq dástanınday uzaqtan onıń kózine taslandı...

*1974-jıl.*

## «NAZÍBAYGÚL» DÚRKININEN

## NAZÍBAYGÚL

Mektepte sabaq tamamlanǵannan keyin klasslas doslarıńdı úyge ertip kel, qızım! — dedi maǵan apam.

Onıń ne ushın bulay degenin mańlayımnan qayta-qayta súygeninenaq dárhal bile qoydım. Búgin meniń tuwılǵan kúnim edi. Apam onı meniń doslarımdı shaqırıp belgilemekshi.

Oqıw tamamlanıwdan klasslaslarımdı ertip úyge keldim. Asxana betten mazalı awqattıń iysi shıqtı. Bizler úlken stoldı dógerekledik. Stoldıń dál ortasında turǵan vazaǵa jańa ǵana úzilgen gúl dásteleri qoyılǵan edi. Olar sulıwlıǵı hám xosh iysi menen ayrıqsha lázzet baǵıshlap tur.

— Mına murındı jarıp baratırǵan xosh iyis qaysı gúldiki ekenáy?! — dep tańlandı sonda Gúlbáhár.

— Rozaniki! — dedi onıń bir dostı.

— Yaq, gladiolustiki! — dedi ekinshisi.

— Meninshe, bul kann gúliniń iysi! — dedi úshinshi birewi.

Hárkim óz bilgen gúlin atay basladı. Shınında da, gúllerdi kórip, onı tanıw múmkin dá, lekin iysine qaray olardı ayırıw qıyın edi.

Bizlerdiń shawqım-súrenimizdi esitip apam keldi:

— Nege tartısıp atırsız, qızlarım?! — dedi ol.

Bizler sheshe almaǵan sorawlarımızdı aqır sońında apama ayttıq. Apam asıqpastan oylanıp turıp, parasat penen juwap berdi:

— Qızıqqanıńız jaqsı, qızlarım, lekin sızler jarqın túsli, sulıw gúllerdi ǵana atap atırsız, ayrıqsha sulıw bolıp kórinbese de, iysi júdá ájayıp bir gúl bar — bul nazıbaygúl, bólme ishine xoshirey iysi menen tań qalarlıq lázzet baǵıshlap turǵan sol gúl ǵoy, — dedi apam.

— Haw, ol mına gúllerdiń qaysısı?! — dep jabırlastıq bizler.

— Qáne, ózlerińiz izlep tawıp alıń!

Bizler ar-sar bolıp qaldıq. Írasında da, basqa gúllerdi bir-birinen ayırsaq ta, nazıbaygúldi ajırata almaydı ekenbiz. Apam bizlerge basqa gúller ishinde qórenishlew bolıp kórinip turǵan, kók shópke megzes bir ósimlikti kórsetti hám onı iyiskilep kóriń, — dedi.

— Ápiwayı, biraq ne degen xosh iyisli! — dep hámme tańlanıstı.

— Qızlarım, sizler de nazıbaygúldey ápiwayı bolıń, biraq baǵıshlaytuǵın lázzetińiz kóp bolsın! — dep apam aldımızǵa badıya tabaqta puwı burqıraǵan palawdı ákelip qoydı.

*1975-jıl*

# TAW TÓBESINDEGI JALĠIZ JAY

*Orta Aziyaġa kelgen dáslepki rus ilimpazlarına arnayman.*

***Avtor***

— Ho-o, anaw tawdıń tóbesindegi jalġız jayda kim jasaydı?

Meniń gápime esiktiń aldındaġı sıpada kúni menen múlgip otırġan atam selk ete qaldı.

— Ne dediń, balam?

Men dáslepki gápimdi qaytaladım.

— He-e, — dedi atam kózin quyash nurınan kólegeylep. — Onda bir alım ġarrı jasaydı, balam.

Atam qaltaların qarmalap, nasıbay shaqshasın izley basladı.

— Onıń atı kim degen? Familiyası sabaqlıqta bar ma?

Meniń gápim juwapsız qaldı. Biziń atamnıń ájayıp bir qásiyeti nasıbay atıp otırıp ol adam menen hárgiz sóylespeydi. Túpirigine aralasqan nasıbaydı kisiniń betine shashıratıp, kópirip otırıwdı ol qálemeydi.

— Atı Ivan Kuzmich degen. Meniń eski doslarımnıń biri, — dedi atam nasıbayın túkirip bolıp.

— Ábiw Rayxan Beruniy, Ál-Xorazmiy, Ábiw Nasr Farabiy, Mırza Uluġbek... Joq, joq... kitapta men onday ilimpazdıń atın kórmedim.

Meniń juwabıma atam narazı boldı.

— Áy, balam-áy, — dedi ol ornınan turıp atırıp. — Ismi kitapqa jazılmaġan alımlar qansha deyseń bul dúnyada! Qalada tórt qabattıń tóbesinde otıra bermey, oqıwdan dem alıs berse uslaytip sırtqa shıġıp turıw kerek. «Mıń mártebe esitkennen, bir mártebe kórgen abzal» degen. Júr, onnan da seni sol kisiniń úyine alıp barayın, shákirt etip alsa keleshekte ilimpaz bolıp shıġarsań...

Bizler atam ekewimiz kishkene tóte soqpaq penen tawdıń tóbesindegi jalġız úyge qaray qádem qoydıq. Átirap sonıńday ájayıp edi. Qalada bunday jerlerdi ushırata almaysań. «Bálkim, biziń atamnıń qalanı jaqtırmaytuġını da sonnan shıġar? Biziń úylerge kele qoysa, bir qonadı da, qorjının arqalap awılına hayt qoyadı...»

Bizler ádewir jol júrdik... Atamnıń mańlayınan ter shıġayın dedi. Endi men shennen tıs qushtarlıġım menen onı jipá-jeksiz qıynaġanıma ókine basladım. Birazdan keyin atam:

— Azı-kem dem alayıq, balam, — dedi.

Bizler tóte soqpaqtıń shetindegi úlken qara tasqa otırdıq. Men shólley basladım. Kúni menengi meni qızıqtırǵan tawdıń tóbesindegi tas jay da, ol jayda jalǵız ózi turatuǵın alım ǵarrı da, meniń ushın bir sarqum suwǵa turmaytuǵın bolıp qaldı.

— Úyge qaytayıq, ata, — dep qıńırlıq ete basladım men.

— Sál-pál shıda, balam. Bir isti baslap, soń taslap ketiwge bolmaydı, — dedi atam. — Endi bir shaqırım jol júrsek bulaqqa jetemiz. Sonnan qanıp suw ishherseń.

Men atamnıń sońına erdim. Bulaq basındaǵı kórinis meniń de, atamnıń da húreyin ushırıp jiberdi. Suw tamıp turǵan qıyırshıq qara tasqa awzın basıp, aq saqallı ǵarrı ses-semirsiz jatır edi. Kózine kiygen ildirgishi joq, lekin shınjırı bar dóńgelek kóz áynegi de túsip qalıptı. Suw shelegi saydıń tómenine domalap ketken.

— Áy, biyshara-áy, júregim shanshadı, júregim shanshadı, dep júrip, seniń de bul dúnyadan ketkeniń... — dedi atam onıń gewdesin kóterip atırıp.

«Birew óltirip ketken» dep gúmanlanıwǵa onıń denesi jaraqatlanbaǵan edi. Tawdıń ústine shıǵıw ańsat pa, atam ekewimiz ókpemiz óship, ǵarrını úyine zorǵa apardıq. Biziń mekteptiń fizika kabinetine megzes, biraq qarańǵı jaydıń ishinde ǵarrını jatqaratuǵın jalǵız krovattan basqa orın da joq edi.

— Bul ne degen qarańǵılıq! Aynanı ash! — dedi atam.

Jaydıń terezeleri pátikte, korabldiń aynaları sıyaqlı dóńgelek hám sırtı temir qapı menen muqıyat etip jabılǵan edi. Men bar kúshimdi salıp olardı zorǵa degende ashtım. Soń atamnıń buyırıwı boyınsha adamlarǵa ǵarrınıń qaytıs bolǵanın xabarlaw ushın juwırıp kettim. Awılǵa jetemen degenshe, átiraptı qarańǵılıq qapladı, ǵarrınıń xabar bergendey bul átirapta aǵayin-tuwǵanı da joq eken. Erteńine azanda ǵarrını biziń atamnıń qáwenderligi menen bir jan soyıp, as-abatın berip, sol ózi jasaǵan tawdıń basına jerledi.

Kún tas tóbege kóterilgen túski payıt edi. «Kók shaydı ashshılaw etip demley gór, kempir» dep atam kópshikke basın qoyıp, burınǵı ádeti boyınsha múlgip almaqshı boldı. Men sóylesetuǵın qasımda heshkim bolmaǵanlıqtan tamnıń tóbesine minip, alımnıń jumbaq jayı tárepke qarawdı maqul kórdim. Biraq bir nársege hayran boldım. Jaydıń tóbesinen qara tútinge aralasıp, qıp-qızıl jalın shıǵıp atır eken!

— Ata, alımnıń jayı janıp atır? — dedim men tam basında turıp.
— Ne deydi? Adamı joq úy qalay janadı? — dep atam da, kempir apam da orınlarınan ushıp turdı.

Bizler awıl adamları menen jayǵa jetip barǵanda onıń ishindegi tutanatuǵın nárselerdiń barlıǵı janıp bolǵan eken...

***

Aradan biraz jıllar ótti. Kem-kem Ivan Kuzmichtiń ólimi de umıt bola basladı. Onıń jayı taw ústinen júretuǵın temir jolǵa dus kelip, qurılısshılar tárepinen buzıp taslandı.

Biraq onıń jayı sol gezleri qaraptan qarap turıp nege órtendi? Bunıń sebebin usı waqıtqa shekem awılda heshkim bilmey keldi. Tek te jay haqqında gáp bolǵanda adamlar órttiń sebebin qolınan tápsisi túspeytuǵın, Ivan ǵarrını ólgeyliden jaman kóretuǵın awılımızdaǵı dúmshe molladan kórip, óz ara gúmanlanıp, gúńkildesetuǵın edi.

Jaqında eski ilimiy jurnallardı aqtarıp otırıp, men qızıqlı bir maqalaǵa dus boldım. Onda Qaratawdıń basında jalǵızdan-jalǵız jasaǵan pidayı ájayıp bir alımnıń táǵdiri hám onıń jıynaǵan bay maǵlıwmatları menen birge qupıya bir jaǵdaylarda janıp ketken jayı haqqında aytılǵan edi.

Sonda ǵana maǵan meni kópten oylandırıp júrgen bir nárse málim boldı. Bayaǵıda atamnıń buyırıwı boyınsha ashqan, astronom-alımnıń jayındaǵı ishke jaqtılıq túsetuǵın aynalar qádimgi ayna emes, al ilimpaz quyash nurınıń kúshin tekseretuǵın lupalar eken!...

Men sondaǵı bizlerdiń sadalıǵımız hám onıń aqıbeti haqqında awıl adamlarına aytıp berdim. Endi alımnıń qoyımshılıǵı búgingi áwlad tárepinen qádirlenip, qásterlenip atırǵanı meni qattı quwandırdı.

*1975-jıl.*

## BÓZ KÓYLEK

*(Novella)*

Men áke diydarın kórmey óstim. Ákem men tuwılǵan jılı áskerlikke alınıp urıstan qaytıp kelmegen. Keyninen «qara qaǵız» kelgeli berli shańaraǵımızdaǵı awırmanlıqtı anam bayǵus bir ózi arqalap kiyatır.

Bizler kóp qıyınshılıqlardı bastan keshirdik. Biraq olardıń kóbisi waqıttıń ótiwi menen umıt bolıp ketti. Yadımda qalǵanı tek mına «Bóz kóylek» haqqındaǵı waqıya.

***

... Apamnıń sol kúngi keshki awqatı juwıq arada pise qoymadı. «Tuwramanı» kúte-kúte, eki ájapam da, men de uyqılap qalıppız.

— Turıń, «tuwrama»ńızdı tayarlap qoydım, jep bolıp, shaylarıńızdı iship, mektebińizge bara qoyıń, — degen anamnıń dawısın esitip azanda oyandıq.

Kún oǵırı suwıq eken. Túni menen jawın jawıptı. Onı bizler qalıń kórpeniń astında jatıp sezbedik te.

Dalaǵa shıqsaq túngi jawǵan jawın tońıp, jer betin juqa muz qabatı qaplaǵan eken. Japtıń ırashındaǵı soqpaq penen mektepke qaray tuwrılap júrip kiyatırman.

Qápelimde ayaǵımdaǵı aǵamnan qalǵan sherim etigim taydı da ketti. Qańǵalawım menen japtıń ultanına bılsh ettim. Sońımnan kiyatırǵan ájapamlar óldim azarda joqarıǵa shıǵarıp aldı.

Ústimdegi apam jaqında ǵana tigip bergen gúpi murnım qanap, qızıl qanǵa boyalǵanın qáyterseń. Quraq dorbaǵa salmay, «tógilip qaladı», dep qásterlep kiyatırǵan qaltamdaǵı shiyshe dáwetim de sınıp, aq bóz kóylegim wayran bolǵanın aytsesh!

Ábigerim shıǵıp úyge qaytıp keldim. Apam kiyimlerimdi sheship aldı da, júkten kishkene kórpesheni alıp berip, peshtiń quwısına otırǵızdı. Ústime ildirerge basqa zat joq bolǵanlıqtan ózi meniń kiyimlerimdi juwıwǵa kirisip ketti. Biraq aq kóylekke tiygen sıya daǵı juwıq arada kete me, ketpedi. Aqır sońında apam aq bóz kóylegimdi kók sıya túrge boyap berdi.

Solayınsha mashaqatlı qıs kúnleri de ótip ketti. Qaytadan quyash kúlimledi. Áne boyawdıń «ráhátin» sonda kórdim.

Íssıda terlemeytuǵın adam bola ma? Terleyseń! Sonda boyaw juǵıp, denem urmay-soqpay kók-kómbek bolatuǵın edi. Al keshte bolsa ájapamlar «Áskerbaydıń qasında jatpaymız, ústimiz kók boladı» dep bári mennen qashatuǵın edi...

Ne degen qıyın, turmıs mashqalasına tolı zamanlar edi ol!

***

... Mine onnan berli de neshshe jıllar ótti. Men házir sol bayaǵı jollarında talay mártebe jıǵılǵan mektepte muǵállimmen. Hár kúni qoltıǵım tolı dápterlerdi qushaqlap, sol bayaǵı ırash basındaǵı soq-

paqtan júrip, gúzar jolǵa túsemen. Sonda aq bóz kóylegim qalayınsha kókke boyalǵanın eriksiz esleymen hám taǵı «súrnigip ketpegeymen» dep qáweterlenip alǵa qaray adım ataman.

Ómir soqpaǵı. Ol tep-tegis emes. Onıń gúzar jollarına jetiw ushın adam ne degen mashaqatlardı basınan keshiredi. Iláyım, bul jollarda endi men súrnikpegeymen...

*1973-jıl.*

## TEŃIZ JAǴASÍNDA

*(Jurnalisttiń áńgimesi)*

Quyash kem-kem óz uyasına qaray jılıslap baratır. Tústegidey emes, kúnniń qızıwı ádewir páseyeyin dedi.

— Asıq ulım, balıqshılardıń qaytatuǵın waqtı jaqınlap qaldı, sál keshikseńiz ushırasa almay qalasız. Anaw bultlar jawın aralas dawıl alıp kiyatır. Balıqtı qabıl etetuǵın jerge shekem nedewir júriwińiz kerek, — dedi bizlerge kemesin berip, jaǵaǵa ertip kelgen ǵarrı eskekti qolımızǵa uslatıp atırıp.

Bizler qayıqqa ırǵıp mindik. Meniń qasımdaǵı suwretshi fotoapparatın kólegeylep, qayıqtıń aznasında otır. Men shúy qulaqqa eskekti ildirdim de, bar kúshimdi salıp, taban tirep, eki qollap eskekti tarttım. Qayıq teńiz tolqınına óshegisip, alǵa qaray enterildi. Há demey mańlayımnan shıp-shıp ter shıqtı. Sonda da hasla miynet kórmegen, endi qıyınshılıqqa dus kelip qızarǵan alaqanlarımnıń torsıldaqlanıp ketkenine qaramay eskekti esip kiyatırman.

— Keyin qaytayıq, bul tezlik penen báribir balıq qabıllaw jayına jete almaymız, — dedi qasımdaǵı joldasım.

Biraq men ójetlikke salıp onıń aytqanına kónbedim. «Yarım joldan qaytadı degen ne? «Jolǵa shıqsaq, joldasıńdı tawıp shıq» degen gápti ata-baba usındaydan aytqan ǵoy».

Meniń súwretshige ashıwım keldi. Biraq óshimdi eskekten aldım.

Sharshap, silemiz qatıp balıq qabıllaytuǵın jerge óldim azarda jetip keldik. Qalashları kún nurına shaǵılısıp, qayıqtıń ultanında tınımsız sekirip atırǵan sazan, shabaq, sılalardı kórgende barlıq qıyınshılıqlar umıt boldı. Qasımdaǵı súwretshi fotoapparatın tınımsız shırtıldatıp, ózine unaǵan kórinislerdi túsirip atır.

Kútpegende samal kem-kem kúsheydi. Silpilep jawın jawıp, ǵarrınıń aytqan boljawı durıs kele basladı. Tolqınlar shóldegi órkesh-órkesh qumlarǵa usap alıs jaǵalarǵa jónep baratır.

Barlıǵınan da beter endi meni jaǵada qalǵan ǵarrı tańlandıra basladı. Men onıń wáliyligine tásiyn qaldım. «Ǵarrı hám teńiz» dep at qoyıp, ol haqqında shıǵarma jazbaqshı boldım. Biraq ullı jazıwshı I.Heminguey yadıma túsip óz oylarımnan ózim túńilip kettim hám teńizge qarap turıp, dańqlı jazıwshıdan keshirim soradım «ápiw et, keshir meni, o ullı Heminguey, bálkim sizdey belgili jazıwshıǵa elikley almaspan da...»

Jaǵaǵa qaytar waqıt shamalastı. Balıqshılar motoflyugasınıń yakorların kótere basladı. Bizler arqan menen shandıp, olardıń sońına qayıǵımızdı tirkedik. Tábiyat ne degen tamasha? Qápelimde dawıl turdı, jawın jawdı. Mine endi qara bultlardı serpip taslap, taǵı da quyash kórindi.

Bararda sonsha mańlay terletip, azap shegip barıp edik, motoflyuga tez júredi eken, bizlerdi jaǵaǵa demde jetkerdi. Bizler qırǵa tústik. Qum ústine suw sewip ketkendey bolıptı. Men endi qayıǵı menen eskegin sorap alǵan ǵarrını izley basladım. Jaǵadan júz metrdey jerde teńiz boyınan tergen baqanshaqların sanap eki bala otırǵan eken.

— Sizler bul jerde bir ǵarrını kórmedińiz be, qayıǵı menen eskegin sorap alıp edim,— dedim men.

— Ákel mında, eskek te, qayıq ta biziki! — dedi murnı pushıqlawdan kelgen sarı bala baqanshaq sanawın dawam ettirip.

— Qaytpaysań ba úyińe?

— Yaq.

— Suw boyında júreberseń suw perisi seni teńiz túpkirine alıp ketedi ǵoy.

— Qorqıtpay aq qoy meni. Suw perisi bolmaytuǵınıń bilemen. Meni ertek aytıp alday almaysań. Onnansha ayt, akvalang bar ma sende?

— Akvalang mende ne jesin? Suw túbin izertleytuǵın ilimpaz emespen, jurnalistpen. Qáleseń gazetanıń qalay shıǵatuǵınıń bastan ayaq aytıp bereyin.

— Áy-iy, — dedi bala meniń kásibimdi mensinbey murnın jıyırıp. Sóytti de baqanshaqların celofan qaltaǵa sala basladı. Óz isi menen mashqul olar zatlarımdı salıstırıp atırǵan meniń bar-joǵımdı demde aq umıtıp ketti. Olardıń dáslepki gápi akula hám delfinler haqqında edi.

— Sen qalay oylaysań, Aral teńizinde akula bar ma?

— Joq, eger bar bolǵanda usı waqıtqa shekem bir adam kórmey me onı?

— Al delfinler she?

— Olardıń sirá da bolıwı múmkin emes! Biraq úlken, adam jutatuǵın jayın bar shıǵar?

— Jayın bar ǵoy, onı hámme biledi. Biziń atam «bul teńizdiń túbinde neler joq, altın da, gúmis te jatır onda» deydi. Sen qalay oylaysań, teńiz marjanları bar ma eken?

— Bar bolǵannan ne payda, ala almaǵan soń.

— Nege ala almaydı eken? Alıwǵa boladı akvalang bolsa.

— Alǵanda ne qılasań onı, ónirińe taǵıp júretuǵın qız emesseń.

— Ónirime taqpayman, akvariumnıń ishine qoyaman. Altın balıqlar onı aylanıp júzip júredi.

— Pay, dım qıyalpazsań da ózi! Ne keregi bar sonday iske aspaytuǵın ármannıń?

— Nege iske aspaydı eken? Men bir mártebe teńiz marjanın suwdıń ústine shıǵardım...

— Qalayınsha?

— Bul waqıya Artekte, Ayıw tawınan onsha alıs emes jerde bolıp ótti. Bir kúni bizler otryadımız benen teńizge ekskursiyaǵa shıqtıq. Sudno teńizdiń dál ortasına barǵanda suwǵa súńgip kettim. Sóytip teńizdiń túpkirine qaray júze berdim, júze berdim. Maqsetim — marjan tawıp alıw edi. Shalańlardıń arǵı túbinde juldızday bolıp bir nárse jatırǵan eken. Jańa qolımdı soza bergenim bir waqıtta dem alıwım qıyınlasa basladı.. Joqarıǵa qaray tez júzip shıǵıwǵa mende hal-dárman joq edi. Qápelimde ábeshiy bir nárseniń ózime qaray júzip kiyatırǵanın kórdim.

— Akula! — dep dawısladım men.

Teńiz túbinde meniń dawısımdı heshkim esitpedi. Sol waqıtta aq esten tandım. Állenemirde kózimdi ashsam, bir ájayıp bólmede jatır ekenmen. Átirapımdı aq xalatlı adamlar qorshap alıptı. Bul ilimpazlardıń suw astı laborotoriyası eken. Terezege qarasam, bir akula taǵı maǵan qaray júzip kiyatır.

— Delfin! — dep járdem sorap baqırǵanımdı ózim de sezbey qaldım. Delfinler adamdı akulanıń hújiminen qutqaradı, onı biletuǵın shıǵarsań.

— Qorıqpa, ol illyuminatordıń arǵı tárepinde, — dep qasıma senińdey bir bala jetip keldi.

— Seniń atıń kim? — dedi ol.
— Azat, — dedim men.
— Al seniń she?
— Salvator.
— Pay, qoysa jora, meni mazaq etpe, — dedim men.
— Haqıyqat sózim, atım Salvator. Inanbasań apamnan sorap kór, — dep shıja-pıja boldı ol.
Men inanbadım. Aqırı bolmaǵannan keyin:
— Apa, meniń atım kim? — dep dawısladı bala.
— Seniń atıń Salvator. Sen doktor Salvator bolasań, — dedi apası.
— Balalar, qáne, awqatlanayıq, — dep bizlerdi basqa bólmege shaqırdı kóz áynekli bir kisi.
Bul Salvatordıń ákesi eken. Stol ústine túrli awqatlar qoyıldı. Biraq olardıń barlıǵı da balıqlardan tayarlanǵan edi.
— Minekey nan, — dedi Salvator tabaǵa pisirilgen uwıldırıq nandı kórsetip.
— Al mınaw monshaqtay bolıp turǵan bekireniń uwıldırıǵı, — dedim men kópshiliktiń aldında ózimdi sawatsız etip kórsetkim kelmey.
— Awqatlanıp bolǵan bolsańlar, bir qol shaxmat oynay qoyıń, — dedi bizlerge Salvatordıń anası.
— Meyli, — dep kelisim berdim men.
— Bizler shatırash taxtaǵa taslardı dize basladıq.
— Haw, mınaw teńiz marjanları ǵoy, — dep taslardı kórip tańlandım men.
— Awa, — dep meniń gápimdi tastıyıqladı Salvator.
— Maǵan birewin ber, ya! — dep jalına basladım.
— Onı ne qılasań? — dedi Salvator.
— Akvariumıma qoyaman.
— Olay bolsa ekewin-aq al.
Teńiz marjanları qolıma tiygen soń qaytıwǵa asıǵa basladım.
— Házir seni shıǵarıp salamız, — dedi meniń qıyalımdı bilgen Salvatordıń ákesi maǵan akvalang berip atırıp.
— Biziń úyge qıdırıp kel, — dedim men ketip baratırıp Salvatorǵa. —Biraq yadıńda bolsın, túske shekem úyde adam bolmaydı. Tústen keyin kel. Biziń úydiń mákan jayı: Kishi rayon, 13 jay, 41 bólme.
— Meni akvalang kiygen birneshshe adam suwdıń betine shıǵarıp saldı. Joqarıda meni adamlar zer-zebil bolıp izlep atırǵan eken. Kórip quwanısıp qoya berdi. Soń:

— Qayda boldıń? — dep sorawǵa tuttı.

— Salvatordıń úyinde qonaqta boldım, teńiz marjanların terdim, — dedim men.

— Qáne,— dep hámme jabırlastı.

— Mine, — dep maqtanısh penen alaqanımdı ashqanım da sol edi, qayıq tolqınǵa shapshıp, meniń qolımdaǵı eki birdey marjan suwǵa shomp etti...

— Áttegene-áy! — dep suwıq demin aldı teńiz boyında kúni menen onı tıńlap turǵan bala.

Endi men gápke aralastım.

— Azat, sen Artekte qashan boldıń?

Ol meniń gápimdi esitse de, esitpegensidi.

— Sen oǵada qıyalparaz bala ekenseń, ádebiy kitaplardı kóp oqıytuǵın bolıwıń kerek, — dep taǵı gápke aralastım men.

Onıń qulaǵınıń ushına shekem qızarıp ketti. Negedur sonda da ol úndemedi. Bizler balıqshılar awılına shekem joldas boldıq.

— Azat, saǵan bir qızıq kitap bersem oqıysań ba? — dedim men.

— Oqıyman, qanday kitap? — dep qızıqsınıp soradı bala.

— «Adam-amfibiya» degen.

— Hey-i, onıń kinosın kórdim, kitabı mende de bar, — dedi de bala kóyleginiń ishine qolın tıǵıp, fantast jazıwshı Aleksandr Belyaevtiń romanın maǵan kórsetti.

Men endi onıń bul kitaptan úlken tásir alǵanına gúman keltirmedim. Ǵarrı haqqında jazbaqshı edim, endi dáslep onıń aqlıǵı haqqında jazıwǵa tuwra keldi.

Al endi gápleriniń haqıyqıy emesligine qarap «wáliy» ǵarrınıń qıyalpaz aqlıǵın ótirikshi dewge bola ma? Álbette, bolmaydı. Menińshe qıyal súre biliw, árman etiw degen de adamnıń ájayıp qásiyetleriniń biri ǵoy!...

*Moynaq, 1977-jıl.*

## SARÍ SHÍMSHÍQLAR

Awıldan qaladaǵı ájaǵasınıń úyine qıdırıp kelgen Jumaǵáliy sarıwızday sap-sarı bolıp temir tor ishinde turǵan shımshıqlardan azanlı berli kózin almadı. Hár saparı olar ushıp qonǵan sayın qıyalına shımshıqlar azaplanıp, qápesten qutıla almay atırǵan sıyaqlı boldı da turdı.

«Ózleri toğızınshı qabatta jasaydı. Sóytip otırıp bul quslardı saqlap ne qıladı eken? Biyshara dalanı, ashıq kógildir keń aspandı kúsep shırlap tur. Ash ta shığar?» dep oyladı ol hám temir tordıń ishine qızıqsınıp úńilip kórdi.

Tordıń bir mushında oymaqtay zerenge suw quyıwlı, onnan sál-pál úlkenirek ıdısta tarığa megzes bir nárse salıwlı turğan edi.

— Bul, álbette, tarı emes. Olar sarı shımshıqlardı aldap qoyıptı, — dep oyladı ol. — Eger dán bolğanda olar búytip shır-pır bolıp turmay, bas salıp jer edi. Sarı shımshıq tarını oğada jaqsı kóredi, onı kórse, áytewir aspannıń astında júrse jetip keledi.

Jumağáliy tağı oyğa shúmdi. Olar awıldağı joraśı Abat ekewi sebetti tóńkerip, bir shetine jıńğıl tirep qoyıp, shımshıq sebettiń astına kirgende jıńğılğa baylanğan jipti tartıp jiberip, sebettiń astında qalğan shımshıqtı ap-ańsat uslap alatuğın edi. Al bular shımshıqlardı qayaqtan uslap alğan? Bul átirapta shımshıq qonatuğın jer joq, qara jerdi asfaltlap miyday taqır etip qoyıptı, ızğığan mashın hasla tınbaydı. Sonda qayaqtan tutqan?

Sarı shımshıqlardıń ğamın oylap Jumağáliydiń ishken ası batpadı. Kún tústen awsa da, yadında mudamı temir tor, qápestegi shımshıqlar turdı da qoydı. Aqır sońında ol sol úydiń ekinshi klasta oqıytuğın Jamal degen balasın qasına shaqırıp aldı.

— Shımshıqlardı qayaqtan uslap alıp keldińiz?

— Qaysı shımshıqlar? Tordağını aytasań ba? Ol kanareyka ğoy. Kanar atawlarınan ákelingen qus.

— Onı biziń awılda sarı shımshıq deydi.

— Bilmey, túr-túsine qarap aytıp júrgen ğoy. Haqıyqat atı kanareyka bunıń!

— Kanareyka! Kanareyka!

Jumağáliydiń bul sózge tili kelmey aq qoydı. Degen menen ózinen bir klass tómen oqıytuğın balanıń bilgishligi onı tańlandırayın dedi. Írastan da adamlar onı túr-túsine qaray «sarı shımshıq» degen shığar! Biraq bárinen de áhmiyetlisi onıń bul úyde qalay payda bolğanı edi.

— Qalay tuttıńız onı?

— Tutqammız joq, dúkánnan satıp aldıq, hár qaysısın 15 somğa!

— 15 somğa deyseń be?! Ekewi otız som ba sonda? Oy-boy!

— Awa, sen de satıp almaqshımısań?

— Yağá, onı satıp alıp ne qılayın, kerek bolsa sebetti tóńkerip qoyıp, astına dán shashaman da tutıp alaman.

— Onda nege qalağa ákelip satpaysań?

— Óytip men sawdager emespen.

— Kanareyka satıp turğan adam da sawdager emes, dúkánshı.

Jumağáliy ashıwlanayın dedi. Biraq qıdırıp kelgen úydiń balası menen urısıwğa bolmaytuğın shığar, dep oyladı.

— Biziń awıldıń sarı shımshıqların saqlaw qıyın. Ayağınan baylap qoysań hár jerge bir basın urıp, ólip qaladı, tawıq qusap dán jep júre bermeydi, — dedi ol állen waqıtta.

Jamal kúldi:

— Shımshıqtıń ushatuğın qanatı bar dá.

— Tawıqtıń da qanatı bar.

— Bolğan menen ol onı kótere almaydı.

— Qanatı tawıqtı kótere almaytuğının sen qayaqtan bileseń, saqlap otırğan tawığıń joq.

— Bilemen, baqshada tárbiyashımız aytıp berip edi, quslar haqqında bir ertek aytqan waqtında.

— Al mınanday ertekti sizlerge aytıp bergen joq pa?

— Qaysınday?

... Ertede bir adam bir qustı uslap alıp, tordıń ishinde saqlamaqshı bolıptı. Qápeste qalğan qus kúni-túni «Watanım, Watanım, Watanım» dep zarlay beripti. Aqır sońında qustıń iyesi: «bunıń Watanı qay jer eken, qáyerde eken, bálkim, bağlar ırğatılğan ájayıp bir el shığar, qustı azatlıqqa jiberip kóreyin, ol qayaqqa ushıp barar eken, múmkin ol mağan tań qalarlıq bir eldiń jolın kórseter» dep oylaptı. Sóytip ol tordıń esigin ashıptı hám qustı shığarıp jiberipti. Biraq qus on adamday jer ushıptı da, taslardıń arasında ósken tikenektiń shaqasına qonıptı. Tikenektiń shaqaları arasında onıń uyası bar eken. Bul avar xalqınıń ańızı.

— Demek, uyası onıń Watanı eken dá?

— Awa, durıs túsindiń, solay.

— Suwıqtıń túsiwi menen quslar ıssı jaqlarğa ushıp ketedi, dep esitetuğın edim. Mına sarı shımshıqlar biziń balkonda tońıp turğan shığar. Házir gúzdiń ayı ğoy. Olardı ushırıp jibereyik, óz Watanına-Kanar atawlarına ushıp barsın!

— Ağań baqırmay ma?

— Yaq, baqırmaydı. Ol bul quslardı meniń ushın ákelip qoyıptı.

— Júr onda.

— Júr.

Balalar sarı shımshıqlardı ushırıp jiberip, birazǵa shekem sońınan qarap turdı. Keyin shımshıqlar bulardıń kózine kórinbey ketti.

Kanar atawlarına qaray keter me eken, yaki dánli atızlarǵa jaqın qalıń toǵaylarda qıslap qala ma?

Kim bilipti onı. Nede bolsa júdá alıslap ketken olardıń temir tor ishine qaytıp kelmeytuǵını anıq edi.

*Nókis, 1978-jıl.*

## BARLÍQBAY NEGE BALÍQ JEMEDI?

Awılımızdıń sáni — «Maqpal kól». Ol atına say maqpal sıyaqlı kók maysaǵa mudamı malınıp turadı. Awıl balalarınıń jazda shomılatuǵın, qısta sırǵanaq tebetuǵın birden bir ornı usı jer. Gúzde mekteptiń «kók gúzetshiler» toparınıń aǵzaları bul jerge aqaba suwlarda qalıp qoyǵan mayda shabaqlardı ákelip jiberedi.

Mine házir sol kól tárepten ústi-ústine gúrsildi esitilip atır. Inisi Raxmandı ertip kól betke qaray juwırǵan Barlıqbaydıń arba jol ústinde ar-sarı shıǵıp qaldı. Óytkeni bortına tórt adam mingen mashina bulardan ádewir alıslap ketip baratır edi.

Sonda da olar awhaldı bilmekshi bolıp kólge keldi. Mayda shabaqlar suw betinde japıraqtay qalqıp, ıǵıp júr.

— Obaldaǵ-áy, bunı islegen qanday jawızlar eken! — dep tańlandı Barlıqbay.

Olar qayıqqa minip, suwdıń betine shıǵıp qalǵan jansız shabaqlardı jıynay basladı. Jaz boyı islegen miynetlerin bir pul etip ketken bul adamlar kimler eken? Bile almay aq qoydı.

Olar kólden úyine qaytqanda gewgim túsip qalǵan edi. Asxana betten shıqqan balıq quwırdaqtıń iysi murındı jarıp baratır.

— Balıqtı kim ákeldi, apa? — dedi Barlıqbay ayaq kiyimlerin sheshpesten.

— Jańa qaladan qonaqlar kelip edi, solar quwırıp jedi, — dedi anası.

Olardıń quwırǵanı «Maqpal kól»diń balıqları emes pe eken, apa?

— Bilmedim, ózleri qırshıdı, ózleri quwırdı. Qaladaǵı jiyen balanıń atın aytıp kelgennen keyin kirgize qoyıp edim.

— Natuwrı etipseń, apa.

— Men qaydan bileyin, balam.

Barlıqbay endi olardan gúmanlana basladı. Biraq jınayattıń ústinen shıqpaǵan soń, birewge jala jabıw qıyın edi.

Erteńine «Maqpal kól» de júz bergen waqıyanı ol «Kamalat» jetekshisine xabarladı.

— Biz bunday islerdi keleshekte boldırmaw ushın, onıń aldın alıwımız kerek, — dedi sonda ol.

Endi olar ózlerin sergek sezip, mashın dawısı esitilse sol tárepke juwırar edi.

... Qápelimde kuzovı brezent penen jabılǵan mashina kól boyına kelip toqtadı. Olardı «kók gúzetshiler» toparınıń aǵzaları pishenliktiń arasında álleqashan kútip turǵan edi.

— Amanalını al, aw menen súzip júremizbe sonı, ónetuǵının isleyik! Biymezgil kelgen «balıqshılardıń» gápi balalardıń qulaǵına tal-tal esitilip turdı.

— Yaqshı, — dep ústine sarı brezent kiyim kiygen kisi endi kuzovqa asıla bergeni, Barlıqbay ornınan ushıp turdı da, heshkimniń gápin tıńlamastan mashinaǵa qaray juwırıp ketti. Ol sarı kiyimli kisiniń qasına bara sala:

— Ket, ketiń bul mannan! Balıqlardı búytip nabıt etiwge haqıńız joq! — dep atır.

Ol kisi buǵan burılıp qaradı:

— Haw, mınaw seniń dayıńnıń balası emes pe? — dedi ol ishten bir nárselerdi alıp berip atırǵan kisige.

Barlıqbay bul ret anasınıń «alıs jiyenimiz» dep aytqan adamın dárhal tanıdı:

— Hár saparı bizler aqaba suwlardan alıp kelip, órshitiw ushın jiberip qoyǵan shabaqlardı usınday usıl menen nıpqırt etedi ekensiz ǵoy. Bizler bunday iske jol qoymaymız. Eger anaw adamlarıń meni tıńlamasa, «Kamalat» jetekshisine aytaman.

— «Kamalat» deyseń be, «jetekshi» deyseń be ol birewlerińniń balıqta ne jumısı bar? — dedi dawısı darıldaǵan birew.

— Jumısı bar, sebebi bul jerdegi balıqlardı ósirip atırǵan bizler.

Sonıń arasında balalar menen birge «Kamalat» jetekshisi de bul jerge jetip keldi. Kúni menen bulardı balasınıp turǵan olar endi onı kóriwden dáskelerin jıynaw menen boldı. Nátiyjede «Maqpal kól»diń balıqları biykarǵa nabıt bolǵan joq.

Barlıqbay inisi Raxman menen úyine kelgende anası asxanada edi. Bul kúni pisirilgen balıqtan olardıń ekewi de dám tatqan joq. Ákesiniń jiyenine ashıwlanıp erte jatıp qaldı.

— Bir jeriń awırıp tur ma, nege úndemeyseń? — dep ákesi kishkentay balasınıń basınan sıypadı.

Raxman sonda da «illá» dep awzın ashpadı. Barlıqbay da únsiz edi. Ákesi balaların qáytip jubatarın bilmey tutlıqtı.

Aradan bir ayǵa shamalas waqıt ótti. Balıqshılar endi bul jaqqa hasla izep baspaytuǵın boldı. Bir kúni «Kamalat» jetekshisi bulardı úyine kelip, «Maqpal kól»diń balıqların saqlap qalıwǵa belsene qatnasqanı ushın Raxman menen Barlıqbayǵa lagerge mutlay jollama berilgenin ayttı.

Keshte jumıstan kelgen aǵası bunı esitip jiyeniniń jaqpas isine burınǵıdan da beter qısınıp qaldı.

*1976-jıl.*

## AYAZ BABA KIM EKEN?

Bólme ishi júdá ájayıp etip bezelip, onıń dál ortasına arsha aǵashı qoyılǵan, onıń shaqalarına hár qıylı jıltıraq oyınshıqlar ildirilgen edi. Bahadır menen Náwbáhárge bul kórinis oǵada unap qaldı.

— Bólmemiz bárhama usınday bolıp tura bersin, apa, — dedi Bahadır.

— Mına ildiriwli turǵan oyınshıqlardı heshkimge bermeymiz, — dedi Náwbáhár.

Olar bólme ishi usınday bolıp tursa, hasla uyqılamawǵa qayıl edi.

Qáne arsha aǵashın dógereklep, qosıqlarıńızdı ayta beriń, endi bir saattan keyin Ayaz baba menen Jańa jıl esikten kirip keledi, — dedi olarǵa aǵası.

— Bir saat degen kóp waqıt pa? — dep bala baqshaǵa baratuǵın Náwbáhár tınıshsızlanıp júr.

— Júdá kóp waqıt emes, saattıń eki tili de mına sanlardıń ústine kelse, Jańa jıldıń kirgeni, qızım, — dedi ákesi «12»ni kórsetip.

— Olay bolsa, sol eki tildi házir qosıp qoysaq bolmay ma, aǵa?

Náwbáhárdiń bul sorawına úydiń ishindegiler kúlip jiberdi.

— Onıń menen Jańa jıldı alıp kele almaysań, sen saattıń tilin qozǵaǵanıń menen basqalar qozǵamasa paydası joq-tá! — dedi Bahadır ákesine bilgishsinip.

— Onda qońsılarǵa da saatlarıńızdıń tilin qozǵań, dep aytamız!

— Aytsań bar, aytıp kel,— dedi Bahadır.

Esikke qaray juwırıp baratırǵan Náwbáhárdi apası zorǵa toqtattı.

— Óytkeniń menen Jańa jıl kelmeydi, onıń óziniń keletuǵın waqtı-sáti bar, qızım!

Bahadır menen Náwbáhár balalar baqshasında úyrengen Jańa jıl hám Ayaz baba haqqındaǵı barlıq qosıqların arsha aǵashı átirapında aytıp túwesti. Sóytip, ekewiniń de manawsırap, uyqısı kelip otırǵanda:

— Áne, Jańa jıl keldi, Ayaz baba menen! — dedi apası diywaldaǵı saattıń dıńıldısın esitip.

Bahadır da, Náwbáhár de esikke qaray juwırdı. Olar aǵasınıń: «Jańa jıl Ayaz baba menen keledi» degen gápin umıtpaǵan eken. Biraq esik iliwli edi.

— Apa, esikti ashıp qoy, Jańa jıl menen Ayaz baba kelse, kire almay júrer! — dep shawqımlastı olar.

— Jańa jıl sizlerdiń kózińizge kórinbey keledi, balalarım, al Ayaz baba ishki jayǵa kelip, sizlerdiń arsha aǵashı átirapına jıynalıwıńızdı kútip tur.

Olar quwanıshı qoynına sıymay ishki bólmege kirdi.

— Jańa jılıńız qutlı bolsın, balalarım! — dep appaq saqallı Ayaz baba olardı qutlıqladı.

Bul olardıń aǵası edi. Bahadır da, Náwbáhár de, hátteki birinshi klasqa barǵan ájapası Gúlbáhár de dáslepki waqıtta onı tanıy almadı. Soń aǵası ekenin sóyleskende, dawısınan sezdi.

Jańa jıldıń bul túninde Bahadır menen Náwbáhár uyqılamastan aǵası menen apasına qosıqlar aytıp bermekshi edi, biraq dasturqandı dógereklep, torttan awız tiygennen keyin, qalay uyqılaǵanın ózleri de sezbey qaldı.

*1975-jıl*

## KEWIL NÁZIKLIGI

Bizıń Gúlbáhár bıyıl birinshi klasqa baradı. Ol sabaqlarına tayarlanıp barıp, geyde úsh «5» ti qatarına alıp keledi. Sonda ol dárhal, esikten kirer-kirmesten quwanıshın bizlerge bildirmekshi bolıp, kúndelik dápterindegi «5»lerdi kórsetedi. Bizler onı kóremiz de, qoyamız. Sonda

marapattı súyetuǵın ol qońsımız Svetlana Mixaylovnanı kórgisi keledi. Sebebi onıń Alan, Artur, Ruxshar hám Ruxshana ismli egiz perzentleri menen birge ósken. Qońsımız balalardı jaqsı kóretuǵın bolǵanlıqtan kishkenelerge sirá qattı sóz aytpaytuǵın edi, tártipsiz balalardıń da jaqsı táreplerin tawıp, marapatın berip, maqtap qoyadı. Onıń Artur degen balası biziń Gúlbáhár menen jas, mektepte birge oqıydı. Qızıq qılıqları bar onıń, shańqay túste ol esigińdi qaǵıp turadı, «he-e, Artur ne gáp» dep sorasań, taslandı salınǵan shelegińdi ber, tógip kelemen, deydi. «Birewdiń balasın jumsaǵan uyat ǵoy», dep bermeseń, hasla esigińnen ketpeydi. Taǵı bir qásiyeti tórtinshi qabattan birinshi qabatqa deyingi baspaldaqtı suw serpip sıpıradı. Bul oǵan júklep qoyǵan biziń Gúlbáhárdiń tapsırması. Klasında tazalıqtı tekseretuǵın Gúlbáhár podyezdimizdiń de azadalıǵın óz moynına wazıypa etip alǵan.

— Men Svetlana Mixaylovnanıń úyine baraman, kúndelik dápterimdegi bahalarımdı oǵan kórsetpesem bolmaydı, — deydi Gúlbáhár.

— Olar úyinde joq, Osetiyaǵa ketti, — dep atır apası.

Buǵan qızım qattı qıynalıp, olardıń keliwin asıǵıslıq penen kútip júrdi. Aqır sońında: «olarǵa xat jazayıq» dedi bizlerge.

Biziń Gúlbáhár háriplerdi tolıq ótip bolǵanı menen, sózlerdi qurastırıp gáp dúze almaydı ele. Ol tek te xatta ne aytajaǵın biledi. Sonlıqtan anasın qasına alıp, xat jazıwǵa otıradı:

— «Sálem, Svetlana apa! Nege qaytpay irkilip atırsız? Ruxshar menen Ruxshana úlkeydi me? Muǵallim Arturdı sorap atır.» Sonıń menen onıń aytajaq gápi túwesilip qaladı hám apasınan: «taǵı ne jazamız?», dep soraydı.

— Bir kúnde sabaqlardan úsh «5» alǵanıńdı ayt, kúndelik dápterińdi kórsetpekshi ediń ǵoy, — deydi apası.

Ol alǵan «5» leriniń sanı 15 ke jetkenin, olardı qattı saǵınǵanın aytıp, tezirek keliwin soraydı. Soń xattı konvertke salıp, jibermekshi boladı hám qalay etse, tez kúnde jetip baratuǵınına qızıqsınadı.

— Pochta qutısına salasań, keyin jetip baradı, — deymiz bizler.

— Yaq, pochta qutısına salsam, usı jerde qalıp qoyadı. Olar Osetiyada ǵoy! Bul jerdegi pochta qutısına salǵan xattı qalay aladı? — deydi ol.

Pochta qutısına salınǵan xatlar kúnine eki mártebe alınıp, hár qıylı qalalarǵa jiberiletuǵının ol bilmeydi. Eger nabada úyimizge uzaq bir jaqlardan xat kelse, ol om pochtalyon sol jaqlarǵa barıp, ákelip beredi,

dep oylaydı. Bizlerdiń baylanıs, pochta haqqında bergen túsinigimiz oǵan kár etpeydi. Ol óz pikirinde turıp aladı.

— Samolyotqa aparıp salıw kerek, sebebi samolyot solay qaray ushadı. Ushıwshı aǵay olarǵa aparıp beredi, — deydi ol.

Sonda bizler Gúlbáhárdiń pochtalyonnıń kiyimi menen ushıwshınıń kiyimin bir-birine usatıp turǵanın ańǵara basladıq. Qarsı aldımızdaǵı jaydaǵı ushıwshı jigitten xattı berip jiberip ǵana qulaǵımız az-maz tınısh taptı.

Kewil degendi qoya ber sirá, ol ne degen názik boladı. Házir biziń Gúlbáhár alıstaǵı Osetiyadan xat kútip júr.

Ushıwshı meniń xatımdı olardıń qolına aparıp berip pe, olar meni sorap pa? — dedi qızım keshegide apasınan keshki awqat waqtında.

— Awa, awa, — dedi apası.

Men úndegen joqpan. Sebebi juwap kelmey atırǵanda, qápelimde onıń kewlin qabartıp alıw múmkin edi. Qızımnıń bul qılıqları meniń yadıma mına bir waqıyanı saldı.

Institutti pitkerip jumısqa jańa aralasqan kúnlerim edi. Jańa quralǵan shańaraq, bizler onda Jumaniyaz degen kisiniń jayında kireyge turamız. Úy iyesiniń Maliyka degen qızı bar edi. Tap házirgi biziń Gúlbáhárdiń jasında. Ata-anasınıń bul attı qızına qayaqtan tawıp qoyǵanın bilmedim dá, biraq qız atına say oǵada sulıw hám xoshirey edi. Kózleri qap-qara, tostaǵanday úp-úlken, shashları shıyraq, basına gúbelekke megzetip, appaq bántik taǵıp, joldıń boyında teppek oynap, sekirip júredi. Hár kúni redakciyaǵa jumısqa baratırıp:

— Maliyka, qalaysań? — dep basınan sıypap ketemen onıń.

Ata-anasınıń aytqanına qaraǵanda men jumısqa ketkennen keyin ǵana ol úyine kirip, tınım tabatuǵın, shay iship, awqatlanatuǵın qusaydı.

— Siziń Maliyka sonıńday teńi-tayı joq sulıw boladı, kóresiz ele, pútkil Qaraqalpaqstan tań qaladı onıń gózzallıǵına, — deymen ata-anasınıń aldında onı maqtap.

Sonda ol ábden mardıyıp, más bolıp qaladı, ayaq-ayaǵına tiymey ushıp júredi.

... Jaǵımsız samal esip, suwıq túse baslaǵan gúzdiń kúnleriniń birinde Maliyka ayazlap, awırıp qalıptı. Jumıstıń basa-bası menen men de eskermeppen. Sonda aradan bir-eki kún ótkennen keyin ol:

— Haw, sizler meniń awırıp atırǵanımdı Berdaqtıń papasına ayttıńız ba? Ol jatıp qalǵanımdı ele esitpegen shıǵar? — dep soraptı.

— He-e, nege olay dediń qızım? Qáydem, esitse esitken de shıǵar, keliwge qolı tiymey júrme, ol jumısta goy, depti anası.

— Yaq, ol esitpegen, awırǵanımdı esitse meni kóriwge keler edi, — depti sonda Maliyka.

Maliykanıń anası bul gáplerdi maǵan aytıp keldi. Men jumısqa ketip baratırǵan edim, irkiletuǵın bolsam da, barıp Maliykanıń kewlin soradım. Írastan da onıń awırıp qalǵanın esitpegen edim.

— Haw, Maliyka, qalaysań, awırıp qaldıń ba? — dep basınan sıypadım onıń.

— Awa, — dep juwap berdi ol.

— Sulıw qızlar dalada jeleń júrmewi kerek. Mine ayazlap qalıpsań, bantigiń de joq basıńda. Óziń erteklerdegidey Maliykasań, al Maliyka qızlardıń awırıwına bolmaydı, qáne, tez dúzelip ket, seniń oynap júrgenińdi men jumısqa baratırıp ta, kiyatırıp ta kóretuǵın bolayın, — dedim men.

— Yaqshı, yaqshı, endi awırmayman, — dep wáde berdi ol.

— Solay bolsın! — dep men onıń menen xoshlastım da, jumısıma kettim.

Men ketiwden ol awırıwın da umıtıp, ornınan ushıp turıp, oynap ketipti. Men jumıstan kiyatırsam, dalada júr eken.

— Mine, bantigim bar basımda, — dedi ol.

Meniń aytqan gápimdi umıtpaptı.

— Mine saǵan, — dep men oǵan arnap alıp kiyatırǵan shokaladtı qolına uslattım.

Mine onnan berli de biraz jıllar ótti. Kishi rayonnan jay berip, bizler kóship kettik. Biraq men jolım túsip sol kósheden ótsem, «qalaysań, ertektegi Maliyka» dep onıń menen hal-jaǵday sorasıp ketemen. Sebebi náreste kewli názik, ol hárbir adamnan mehir-muhabbattı, insanıy pazıyletlerdi kútedi.

*1974-jıl.*

## TAZALÍQ USHÍN BAHA

Aǵası menen apası jumısqa ketkennen keyin Gúlbáhár úyde bir ózi qaladı. Anası oǵan shıǵıp baratırıp:

— Úy ishlerin sıpırıstırıp, jıynastırıp qoy, qızım, — dep ketedi.

Gúlbáhár ózi til alǵısh, anasınıń aytqanların tap-tuynaqtay etip, orınlap qoyadı.

Bir kúni mınanday waqıya boldı: Ájaǵaları Berdaq penen Jamal oqıwǵa ketkennen keyin Gúlbáhár úyde baqshaǵa baratuǵın eki úkesi menen qaldı.

Keshte aǵası jumıstan kelse, úydiń ishi mintazday taza, esikten kirip kelgen onıń ayaq kiyiminiń patashıǵın jaqtırmay, kishkene qızı Náwbáhár de, balası Bahadır da bir túrli bolıp qaradı. Ol ústi kiyimlerin jańa sheshine bergeni:

— Mınanı qara, aǵa, — dep bir bet qaǵazdı kórsetti oǵan balası Bahadır.

Onda «5» degen baha bar edi.

— Bul ne? — dep juwıq arada túsine almadı ákesi.

— Náwbáhárde de bar, — dedi ol sonda.

Qarasa onıń qaǵazında da, «5» dep jazıp qoyılǵan eken.

— Bul ne, qızım-aw, — dep tań qaldı ákesi.

— Gúlbáhár ájapam jazıp berdi,— dedi ol.

— Awa, bunıń mına jaǵında da jazıw bar,— dedi Bahadır onıń gápin dawamlap.

Ne jazıw eken dep ákesi oǵan úńilse: «tazalıq ushın» dep qoyǵan eken.

— Sizlerge ájapań bul qaǵazlardı ne ushın berdi? — dedi ákesi hasla túsinbey.

— Úydi jıynastırıp, sıpırıstırǵanımız ushın, — dedi olardıń ekewi birden.

Keyin bilse, qızı Gúlbáhár úkeleriniń úy-ishin tazalaǵanı ushın olarǵa baha qoyadı eken. Mektepten kórgeni, muǵallimlerinen úyrengeni ǵoy, aqırı.

— Sizler usınday etip jazılǵan qaǵazlardı hár kúni ájapańızdan ala beriń, — dedi aǵası sonda olarǵa.

Mine sol-sol eken, olardıń úyiniń ishi burınǵıday emes, heshbir jayrap jatpaydı, mintazday tap-taza, jıynaqlı turatuǵın bolıp qaldı.

Demek, úlken be, kishi me orınlanǵan is itibarsız qalmay, mudamı bahalanwı kerek eken-dá!

*1976-jıl*

## TAM TÓBESINDEGI TENTEK

Ákesi áskerlikke alınıp, kishkene Berdaq pedinstituttıń sońgı kursında oqıp atırǵan anası menen qaladı. Onı baǵıwdan qıynalǵan jas ana balanı kúyewiniń qız apasınıń úyine ákelip tasladı. Apıl-tapıl júre baslaǵan Berdaq júdá shaqqan bala bolıp kamalǵa kele basladı.

Kúnlerdiń kuninde úydegiler azangı shayǵa dasturqan dógeregine jıynalsa, kishkentay Berdaq ya úydiń ishinde, ya háwlide bolıp heshbir jerde joq bolıp shıqtı. Úydegiler hámme jerdi izlep zer-zebil boldı. Biraq kózge kóriner Berdaq joq.

Sonıń arasında qońsı úydiń hayalınıń baybaylap baqırǵan dawısı esitildi. Qarasa, pochtashı Zarlıqtıń kempiri aybaraqtı salıp turǵan.

— Mına báleńizdi alıp ketegóriń, bizdi biyabıray eter! — dep qıyqıwlap atır ol.

— Newe, ne bolıp qaldı sheshe?! — dep sırtqa juwırıp shıqtı inisiniń balasın saqlawǵa alıp qalǵan Qayıl apa.

— Tamnıń tóbesine qara, ana bala tap qara jerde júrgendey arman-berman juwırıp júr!

— Ol qalay tóbege shıǵıp ketken?!

— Záńgi jaydıń diywalına súyewli turıp edi. Bala oǵan órmelep, tamnıń tóbesine shıǵıp ketedi, dep kim oylaptı?!

— Óyppey, qurıp qaldıq ǵoy! Endi ne qılamız, qapelimde qulap ketse, onıń ata-anasına ne deymiz? Ayawlı kózge shóp túser degen usı-dá! — dep hámmeniń basına aqırzaman túsip atır.

— Tınıshlanıń! — dedi sonda jezdey Qalbay aǵa, — házir ózim aldastırıp túsirip alaman.

Záńgiden joqarı kóterilip ol qolındaǵı mazalı shokoladtı kórsetip, tamnıń tóbesinde arǵı bastan bergi basqa juwırıp júrgen Berdaqtı aldastırıp qasına shaqırıp aldı.

Sol sol eken, «Altınkól» elatında heshbir úy, záńgisin tamnıń diywalına súyep qoymaytuǵın boldı. Berdaqqa házir onı aytsań ertektey kóredi. Balalıǵında tam tóbesinde kórsetken shoqlıǵın ol álleqashan umıtıp ketken. «Tártipsizlik etpeń» dep óziniń balalarına násiyat aytıp otıradı.

*2016-jıl, dekabr.*

## *«BOLAR BALA BES JASİNAN» DÚRKININEN*

## MENIŃ ÁLIPBEM

Nelikten de aǵam sol kúni jumıstan júdá kesh qayttı. Onı gewgim túskenshe jaǵada kúttim. Óytkeni ol azanda úyden shıǵarda: «awdı erterek qarap bolsam, kitap dúkánnan «Álipbe» satıp ákelip beremen, balam» dep ketken edi. Sol jılları biziń awılda bir de kitap dúkánı joq edi.

Qas qarayǵanda jaǵaǵa bir qayıq kelip tireldi. Qayıqtan mardan arqalaǵan bir adam tústi. Bul biziń aǵam edi. Quwanıp kettim.

— «Álipbe» bar ma aǵa?

Aǵam úndemedi. Birazdan soń:

— Búgin teńizde tolqın júdá kúshli boldı, balam. Moynaqqa bara almadım. Qoltıqtaǵı awlardı qaradım da, qayttım, — dedi.

Aǵamnıń miyrim-shápáátke tolı júzinen sharshaǵanlıqtıń belgisi attan-anıq biliner edi. Sonlıqtan men de úndegenim joq. Ózi boldırıp kiyatırǵanda oǵan ókpelep ne qılayın. Eki eskekti qolıma aldım da, aǵamnıń aldına túsip, úyge qaray jortıp otırdım.

Mekteptiń ústinen júrdik. Ol kúndegiden ózgeshe edi. Onıń kirer aldında borlatqa bir nárseler aq penen jazılıptı. Men ol waqıtta jazıwdı oqıyın desem, hániplerdi durıslı tanımayman. Aǵamnan soradım. Aǵam qarapayım balıqshı bolsa da, sol jazıwlardı sawatı jetip oqıdı. Libkezde (sawatsızlıqtı saplastırıw uyımında) úyretken ǵoy, aqırı. Onda «Xosh keldińiz!» dep jazılǵan eken.

Aǵam meni azanda usı mektepke ertip keletuǵının ayttı. Quwanıshım qoynıma sıymay ketti.

— Ájaǵamnıń góne «Álipbe»sinen aq oqıy turaman, aǵa, — dedim men.

Erteńine aǵam ekewimiz mektepke keldik. Balalar taza «Álipbe»niń birinshi betin ashtı.

— Seniń atıń kim? — dedi muǵallim onsha mazam bolmay otırǵan maǵan.

— Atamurat, — dedim ornımnan turıp.

— He-e, júdá jaqsı at eken. Demek, seniń atıń «A» háribinen baslanadı. Bul alfavittegi birinshi hárip, — dedi muǵallim.

Klastaǵılardıń hámmesi maǵan qaradı.

Sol kúni mugállim úyge «A» háribin tapsırma etip berdi. Men «Álipbe»mnen úyge berilgen tapsırmanı taba almay ádewir búlindim. Ájaǵam kitaptı taza tutpaǵanlıqtan «Álipbe» jırtılıp, onıń hár beti hár jaqta jıynaqsız shashılıp júrgen edi.

— Atamurat, sen ne izlep atırsań? — dedi meniń táshwishli awhalımnan biyxabar muǵallim.

Mennen burın partalasım Jumabay juwap berdi:

— Oǵan aǵası taza «Álipbe» ákelip bermegen. Kitabı góne, ájaǵasınan qalǵan, betleri jırtıq, — dedi ol.

Onıń kemsitip sóylegenine meniń ashıwım keldi. Bunı sezgen muǵallim dárhal meniń qaptalıma kelip, kitaptı biraz aqtardı da, «A» háribi jazılǵan betti tawıp berdi. Soń:

— Sen olay deme, Jumabay, kitap góneriwi múmkin, biraq bilim menen ilim hesh waqıtta da gónermeydi! — dedi.

Usı gápti esitkennen keyin ashıwım sál-pál tarqap, boyıma quwamsh sezimi taray basladı. Sonıń arasında sońǵı sabaqtıń da tamamlanǵanın xabarlap, qońıraw qaǵıldı.

Bizler shawqımlasıwımız benen úyli-úyimizge tarqastıq.

*1973-jıl.*

## BAWÍRSAQ

Mektepten úyge kelsem, apam asxanada bawırsaq pisirip atırǵan eken. Ózim de ash bolıp kelgen edim. Ishki jayǵa papkimdi aparıp qoya sala, bawırsaqqa tiyise bergenim, kempir apam:

— Muratjan, kelgeniń jaqsı boldı, balam. Anaw kishkene tabaqtaǵı bawırsaqtı Asqar jorańnıń úyine aparıp qayt, bileseń be, búgin «iyis» ǵoy. Kelgennen soń ata-babalarıńa «tiye bersin» aytıp, shay menen bawırsaq jerseń, — dedi.

Shının aytsam, kempir apamnıń «iyis», «tiye bersin» degen sózleriniń mánisine hasla túsingen joqpan. Degen menen, jası úlken adamnıń sózin jıǵıwǵa bolmaydı ǵoy.

Men ash bolıp tursam da, «yaqshı» dedim. Ishinde bawırsaǵı bar tabaqtı alıp, Asqardıń úyine qaray baǵıt aldım. Sharbaqtan shıqsam, balalar «tórt asıq»tı qızdırıp atır! Ishinde búgin sabaqta bolmaǵan Asqar da bar!

— Murat, kel oynaymız! — dep hámme bala birden jabırlastı.

— Meniń waqtım joq. Mına tabaqtaǵı bawırsaqtı Asqardıń úyine alıp barıwım kerek, — dedim men.

— Biziń úyge aparatugın bolsań, berman alıp kel, — dedi Asqar. Sóytti de, meniń qolımdaǵı tabaqtı ala sala, saqıysınıp, balalardıń hár qaysına eki bawırsaqtan úlestirip berdi, ózi úshewin aldı. Maǵan da ekewin sozıp edi, men almadım. Sonshama baladan ne awıssın, tabaq bosadı da qaldı.

— Má, úyińe alıp kete ber, — dedi Asqar bos tabaqtı maǵan usınıp, raxmet aytıw degen yadında da joq sirá!

— Onda Murat kishkene bir tabaq bawırsaq ákelip berdi, dep apańa ayt,— dedim men kempir apamnıń ótinishin orınlap.

— Nege eze bereseń, aytadı ǵoy, úyine alıp barǵanında da som Asqar jeydi, solay emes pe? — dedi boyı sobırayǵan, bir klasta eki jıl qalǵan Ermek degen bala.

Men úyge kelip, qolımdaǵı tabaqtı asxanaǵa qoydım da, tórgi jayǵa kirip kettim. Kempir apam shay demlep qoyǵan eken, onı ishtim. Onnan keyin sabaqlarımdı tayarlawǵa kiristim. Erteńine sabaqqa tayarlıqlı bardım. Biraq muǵallim bul kúni mennen sabaq soramadı. Asqardan soradı. Oyınnıń qızıǵına túsip sabaq tayarlamaǵan ol basın salbıratıp, taxta aldında juwap bere almay tur.

— Nege oqımadıń, hár kúni sabaqqa tayarlıqsız keliwge uyalmaysań ba?— dedi muǵállim.

— Qolım tiymedi, — dedi Asqar beti bılsh etpey, ótirik sóylep.

Bunı esitip men shıday almadım.

— Jalǵan, ol keshe keshke shekem «tórt asıq» oynadı, — dep aytıp saldım ornımnan turıp.

— Kórdiń be, bul jalqawlıǵı azday, ele ótirik te sóyleydi eken ǵoy! — dep muǵállim oǵan baqırdı.

Asqar bul kúni matematikadan «2» aldı. Qaytarsın ol jol boyı meniń menen urısıp keldi.

— Kóremiz, jaqsı oqıǵanıńa maqtanbay-aq qoy, — dedi ol sharbaǵınıń tusına kelgende.

Asqar sóyleniwi menen úyine kirip ketti. Birazdan soń biziń úyge dawısı jer jarıp birew kirip kiyatır. Qarasaq, Asqardıń anası — Máhiyda apa!

— Hey, bala! — dedi ol maǵan qolın shoshaytıp, — sen nege tınıshıńa júrmeyseń! Biziń Asqarda ne qastıń bar edi? Muǵallimge jamanlap oǵan nege «2» qoydırasań?!

Men kempir apamnıń bawırına tığıldım. Jumıstan kelip, jańa ǵana shayǵa otırǵan apam:

— Amanlıq pa, ne ózi balajan-aw? — dep gáptiń ashım-ayrıǵın bilmekshi edi, Asqardıń apası taǵı kóterilip:

— Qoy, sizlerdiń ózi musılmanshılıǵıńız shamalı, iyis shıǵarmaǵanıńızdan qorqıp edik... — dep awzına kelgenin ayttı, sóytti de qapını «tars» ettirip jawıp ketip qaldı.

Onıń sózlerine apam júdá úlken máni bergen joq. Biraqta peshtiń quwısında otırǵan kempir apamnıń nelikten de bul sózlerge janı shorshınıp, tınıshsızlandı:

— Bizler nege ata-babalarımızdıń ruwxına «iyis shıǵarmaydı» ekenbiz, ańgısın-ańlamay ol ne degeni? — dep qayta-qayta ayta berdi.

Bul gápler Asqardıń bir tabaq bawırsaqtı úyine jetkizbey, balalarǵa bólistirip, qalǵanın ózi jegeniniń aqıbetinde bolıp atırǵan edi. Men sol kúngi bolǵan waqıyanı kempir apama aytıp berdim.

Bizler qapa bolǵan onı táselle berip, zorǵa toqtattıq. Sonda men bárinen de beter, Asqardıń haqıyqatlıqtı burmalap, ótirik sóyleytuǵınına dım qıynaldım, oǵan ashıwım keldi.

*1974-jıl*

## ATAMNÍŃ KÁSIBI

Meniń atam ekinshi jer júzilik urıstıń mayıbı. Onıń bir ayaǵın fashist oǵı julıp ketken. Sonda da ol úyde qarap otırmaydı. Stadionnıń qasındaǵı kishkene budkada etik mayshı bolıp isleydi.

Bizler atamnıń islep tapqan aqshasına zárúr emespiz. Aǵam da, apam da, ájaǵam da jumıs isleydi. Bizler atama «jumıs islemey-aq qoy» dep talay mártebe aytqanbız. Sonda da ol isley beredi. Adamlardıń mútájin pitkergendi abzal kóredi. Óz pikirinen qaytpaydı. Ol qıyınshılıqtı jeńiwdi áskerlikte úyrengen.

Bizler atamnıń budkasınıń qasındaǵı stadionda hár kúni sabaqtan soń futbol oynaymız. Biraq atam meniń futbol oynaǵanıma qarsı. Meni ózindey, ayaqtan ayrılıp, mayıp bolıp qaladı dey me, sporttıń basqa túri menen shuǵıllan, balam, deydi maǵan.

Meniń futboldı taslap ketiwge kózim qıymaydı. Óytkeni, balalar sport mektebindegi trenerimiz «sennen nátiyje shıǵadı» dep, meni hámmeniń aldında bárqulla maqtaydı.

Bir saparı qońsı kósheniń komandası menen futbol oynap atırǵanımızda, top jırtılıp qaldı. Basqa top joq edi. Bizler bolsaq, 1:0 esabında utılıp turmız. Endi ne qılamız, dep qapa bolıp turǵanda kapitanımız:

— Azat, seniń atań etikshi ǵoy, apar, tigip bersin, — dedi.

Men toptı alıp, atamnıń budkasına qaray juwırıp kettim. Kelsem, úsh kisi tufliyin maylatıwǵa gezek kútip turǵan eken. Jumısımdı aytıwǵa batına almay, atamnıń qasına jırtıq toptı qoydım. Atam meniń ne ushın kelgenimdi dárhal sezdi:

— Mına adamlardı jibergennen soń tigip beremen, balam, — dedi ol.

— Joraları asıǵıs kútip turǵan shıǵar, tigip bere qoyıń, bizler kúte turamız, — dedi tufliyların maylatıwǵa kelip turǵanlardıń birewi meniń jaǵdayıma durıs túsinip.

Atam olardıń ruqsatı menen toptı tigip berdi. Men onı awzıma alıp, úrledim de, quwanıshım qoynıma sıymay, stadion betke qaray juwırıp kettim.

Erteńine sabaqtan soń bizler taǵı bir kóshe komandası menen joldaslıq ushırasıw ótkerdik. Ústi-ústine tewip turǵannan soń ne shıdasın. Top taǵı bir jerinen sótilip, jırtıldı.

— Azat, atańa aparıp, tiktirip qayt! — dedi qarsılas komandanıń bir balası.

— Yaq, atamnıń jumısına kesent etpeymen, — dedim men.

— Aparsesh! Búgin nátinde bir pátińke may pulın az ákeler úyińe! — dedi jańaǵı bala qazbalap.

Meniń qattı ızam keldi. Onıń menen tóbelesejaq edim, joralarım táselle bergen soń ózimdi bastım, jaman menen jaman bolmayın dedim. Oyındı taslap, úyge keldim.

Sol kúni mazam bolǵan joq. Awhalımdı atam dárhal sezdi.

— Saǵan ne boldı, nege kewil-xoshıń joq, balam? — dedi ol.

— Bul jumıstı qoy, ata! Etikshilik jaman kásip! — dedim men ishley kúyinip.

— Nege olay dediń, balam? — dep aldastırıp, atam meni aldına aldı.

Men bolǵan waqıyanıń bárin qaldırmastan atama aytıp berdim.

— Kásiptiń jamanı joq, balam, — dedi atam. — Qanday kásipte isleseń de, el-jurtıńa, xalqıńa, Watanıńa kerek bolıwıń kerek...

Atamnıń gáplerinen men bul sózlerdiń tereń mánisin uǵınǵanday boldım hám onı maqullap basımdı iyzedim.

*1973-jıl.*

# ORÍNSÍZ ÓKPE

Úydiń aldındağı japta balalar sırğanaqtı qızdırıp júr edi. Bunı kórgen Kamal shay ishiwdi de, umıtıp ketpesin be, ayağına etigin qońıltayaq kiydi de, paltosın qolına alıwı menen dalağa shığıp ketti. Jumıstan kelip, apası shaqırmağanda, ol oynawın dawam ettire beretuğın edi. Úyine ilajsız qayttı.

Azanda murnı pırıldap, bası awırıp, Kamal mektepten qaldı. Apası jumısqa keterinde oğan:

— Balam, basıńdı kótergendey bolsań medpunktke bar, dári alıp ish! — dep ketti.

Kamal medpunktke keldi.

— Qay jeriń awıradı, balam? — dedi oğan feldsher.

— Apam ayazlağansań deydi, men tońbadım, hesh te ayazlağan joqpan, — dedi Kamal.

Feldsher Kamaldıń dem alısın tıńlap, gradusnik salıp, ıssılığın baqladı. Sóytip:

— Apań durıs aytadı, ayazlağansań, temperaturań bar, burın da gripp penen awırıppa ediń? — dedi.

Grippti tábiyattanıwdan óttik, bizińshe zamarrıq deydi onı, biraq usı waqıtqa shekem men heshqanday zamarrıq jep kórmedim, sonda ol kesellik penen qalay awıraman, — dep tańlandı Kamal.

— Yaqshı, túsindim, — dedi feldsher kúlip. — Mına dárilerdi dárixanadan alıp ish, tez jazılıp keteseń.

Feldsher oğan recept jazıp berdi. Onı alıp Kamal dárixanağa barsa, ádewir adam gezek kútip turğan eken. Ol tereze aldına juwırıp bardı:

— Men awırıp turman. Mağan tezirek dárilerimdi berip jiberiń! — dedi ol gezekke qaramastan.

Jıynalğanlar oğan tańlanısıp qaradı da, «jas bala ğoy, intizamdı soń bilip alar, qáteligin túsiner» dep oğan ruqsat berdi.

Kamal úyine kiyatırıp, dárilerdiń sırtına qarasa, «vrachtıń buyırıwı boyınsha ishilsin» dep jazılğan eken.

— Haw! — dep shorshıp ketti ol. Mağan bul dárilerdi ishiwge bergen feldsher, al bulardı vrachtıń buyırıwı boyınsha ishiw kerek eken ğoy! Barıp, feldsherdiń buyırıwı boyınsha ishiletuğın dári alayın, — dep dárixanağa qaytıp keldi.

Ol tağı gezekke qaramastan qolın tesikke sozıp:

— Maǵan bul dárilerdi ishiwge buyırǵan feldsher edi, sonlıqtan maǵan feldsherdiń buyıratuǵın dárilerin beriń, siz aljasıp vrachtıń buyırıwı boyınsha ishiletuǵın dárilerdi beripsiz, — dedi ol.

Dáriger de, toplanıp turǵan adamlar da, biraz kúlisip aldı.

— Onıń hesh ziyanı joq, saǵan shıpa etse boldı emes pe, — dedi dáriger.

Kamal ar-sar bolıp úyine qayttı. Qápelimde oǵan taǵı bir oy keldi: «Haqıyqattan da, dári qaǵazdı feldsher nadurıs jazǵan. Ol ózi feldsher bola tura, vrachtıń buyıratuǵın dárilerin kórsetipti. Ol qalay?» dep gúmanlanıp, Kamal medpunktke qaytıp keldi.

— Feldsher aǵa, — dedi ol salmaqlı túrde. — Siz maǵan aljasıp, vrachtıń beretuǵın dárilerin jazıp beripsiz, má qaǵazıńız, ózińizdiń buyıratuǵın dárilerińizdi kórsetiń.

— Ol vrachtıń da, meniń de buyırıwıma bola beredi. Saǵan onıń nátiyjesi kerek emes pe? — dedi feldsher.

Kamal medpunktten úndemey shıǵıp ketti. Erteńine ol klasına kelip:

— Men awırıp qalǵan edim, medpunkttegi Sabır aǵa ózi feldsher bola tura, maǵan vrachtıń buyıratuǵın dárilerin jazıp beripti. Oǵan qattı ókpeledim, sonnan keyin gúmanlanıp, dárilerin ishpedim. Sóytip, dárisiz-aq jazılıp kettim... — dedi.

Kamaldıń gáplerine muǵallim de, oqıwshılar da duw kúlisip aldı.

*1974-jıl*

## JOLBARÍS

*(Shegarashınıń áńgimesi)*

Meniń armiya qatarındaǵı áskeriy xızmetim shegarada ótti. Shegarashı iyt — Jolbarıs haqqındaǵı bul waqıyanı maǵan meniń komandirim aytıp bergen edi.

***

...Jolbarıstı men kishkene gezlerimnen baslap biletuǵın edim. Om men bes jasqa tolıp, tuwılǵan kúnimdi belgilegenimde, aǵamnıń kásiplesleri — shegarashılar alıp kelgen edi. Dáslepki kúnleri Jolbarıs qulaǵın tikireytip, maǵan qaraǵanda, húreyim ushıp, dárhal apama tıǵılǵan payıtlarım da boldı. Ol qasqırǵa megzes iyt edi. Sońın ala

bizler bir-birimizge úyrenisip kettik. Jolbarıs hasla meniń qasımnan qalmaytuǵın boldı. Geyde oynaǵan jerimde birli-yarım kiyimlerim umıtılıp qalsa, tawıp alıp, úyge ákeledi. Usılardı kórip, shegarashılardıń qalayınsha maǵan kózi qıyıp, bul iytti bergenine hayran qalatuǵın edim.

Onıń sırın aǵam aytıp túsindirdi. Jolbarıs bunnan bılay áskeriy xızmetti atqara almaytuǵın bolıptı. Sebebi ol shegara buzıwshını iysinen sezse de, uzaqtan kóre almaydı eken, kózi ázzilepti.

Bir kúni qońsı úydiń balası Rustem menen eregisip qaldım.

— Biziń aǵam mayor, — dep maqtandı Rustem. — Onıń eki pistoleti bar. Birewin jumısına alıp ketedi, ekinshisi úyde qaladı.

— Jalǵan! — dedim men. — Biziń aǵam da áskeriy adam, kapitan. Onıń pistoleti birew. Ol onı mudamı qasınan taslamaydı.

— Eki pistolet tek mayorlarda boladı dá! — dedi Rustem meni gápten jeńbekshi bolıp.

— Ótirik, olay dep ustavta jazılmaǵan, — dedim men tap ustavqa qanıq adamday.

— Inanbasań házir alıp kelemen! — dep Rustem úyine juwırıp ketti.

Bizler Jolbarıs ekewimiz onı kútip turıppız. Állen waqıtta keldi-aw! Qayısına taǵılǵan koburanı kórsetip:

— Endi inanasań ba? — dedi Rustem.

Kobura quwıs kórindi maǵan. Onıń ishinde heshqanday pistolet joq ekenligine isendim.

— Nege inanayın, ol qurı qap, kórset qáne, ishinde pistolet bar bolsa?! — Men koburaǵa asıldım. Rustem maǵan qaraǵanda dástiyarlaw edi. Kókiregimnen iyterip jiberdi. Kegim qaynap ketti. Ekewimiz ayqastıq. Ol meni jıqtı. Sonıń arasında qaydan kelgenin bilmeymen, bir qúdiretli kúsh Rustemdi ústimnen ılaqtırıp tasladı. Ol qıyqıw salıwı menen juwırıp, úyine kirip ketti. Túrgelsem, qasımda Jolbarıs tur eken.

Gúzde birinshi klasqa oqıwǵa bardım. Aǵam shegarada, apam kúndiz medpunktte boladı. Jolbarıs úyde bir ózi qalıp júrdi.

Bir kúni mektepten kelsem, esiktiń aldında Jolbarıs jatır. Meniń qolımdı jalay beredi. Ábden ash bolǵan eken bayǵus. Jolbarıstı úyge alıp kirdim. Keshegiden awısıp qalǵan awqat barma eken dep qazandı ashtım. Heshteńe qalmaptı. Sonıń arasında kózime apamnıń keshki awqat ushın juwıp, tayarlap qoyǵan tawıǵı tústi. Apam, aǵam hám maǵan qalǵan góshi de bolar dep Jolbarısqa tawıqtıń bir satanın kesip berdim. Ol dáslep talpınbastan, tırp etpey turıp edi, men awzına tıǵa bergennen soń ǵabur-ǵubır jep qoydı.

Sol kúni keshke deyin Jolbarıs penen oynadım. Apam kelip, awqat asıwǵa kiristi. «Tawıqtıń bir satanı qayda?» dep mennen soradı. Men qorqa-qorqa iytke bergenimdi ayttım, apam baqırar dep edim, onsha tergemedi, natuwrı qılıpsań, balam, endi ol shiyki góshti kúseytuǵın boladı, — dedi de qoydı.

Erteńine oqıwdan kelsem, Rustemniń apası biziń apama óziniń tawıqları hám biziń Jolbarıs tuwralı bir nárselerdi aytıp atırǵan eken. Jolbarıs onıń tawıqların quwǵan qusaydı. «Mektepke iyt penen kirgizbeytuǵını qıyın-dá!» dep oyladım ishimnen.

Sabaqta otırıp mazam bolmadı. Jolbarıs yadıma túse berdi. Sońǵı qońıraw da, qaǵıldı. Úyge qaray juwırıp otırdım. Kelsem, Jolbarıs joq. Sharbaqtıń ishiniń bárin tintip shıqtım, taba almadım. Bizler qarmaq salıp, balıq tutatuǵın kól betke bara beretuǵın edi. Sol jaqta shıǵar, dep jolǵa tústim. Ara-tura «Jolbarıs, Jolbarıs!» dep shaqırıp qoyaman. Dawıs berer ol joq, tım-tırıs.

Kól jaǵasına keldim. Anaday jerde bir nárse qarawıtıp kórindi. Iyttiń dál ózi. Anıqlap qarasam, biziń Jolbarıs. Awzınan qan sorǵalap atır. Bara basınan kóterdim. Ol únsiz, álleqashan ólip qalıptı.

— Jolbarısqa góshtiń arasına salıp, iyne berip óltirgen eken, — dedi meniń keynimnen bul jerge kelgen apam ayanıshlı pishinde. Kózime qalay bolsa solay jas kele berdi. Iytke janım ábden ashıdı.

Bul jaramas istiń Rustemnen kelgenin sezdim. Awılda onnan basqanıń barlıǵı Jolbarıstı jaqsı kóretuǵın edi. Iytti góshke úyretken men de, buǵan ayıplıman.

Keshte aǵam áskeriy xızmetten keldi. Jolbarıstıń ólimine ol da qıynaldı. Sońınan:

— Qapa bolma, balam, shegarashılardan bir sulıw kúshik ákelip beremen, — dep meni jubattı.

***

Komandir birazǵa shekem únsiz qaldı.

— Sonda mınaw sol kúshik pe? — dep soradım men esiktiń aldında jatırǵan qasqır iytti nusqap.

— Awa, — dep qısqa juwap qaytardı komandir.

— Bunıń atı ne degen?

— Burıngı iyttiń húrmetine men bunı Jolbarıs, — dep atadım.

*1975-jıl*

## BEGDIYAR NEGE UYALDÍ?

Begdiyar óńirine znachok tağıp júriwdi úlken bir mártebe kóretuğın edi. Ájağası armiyadan dem alısqa kelip, onıń ábden jolı bolıp qaldı. Ol shifonerdegi ildiriwli turğan ájağasınıń áskeriy formasınan znachoklardı jazdırıp aldı da, óziniń mektepke kiyip júrgen kostyuminiń óńirin tesip, tağıp aldı. Qanday sulıw! Iynindegi jıltıldap turğan eki eli sarı tawardı da almaqshı edi, óziniń kostyuminiń iyninde bunı tağatuğın pagon bolmağan soń qozğamadı.

Begdiyardıń znachoklerine awıl balalarınıń hámmesiniń ıqlası ketti. «Znachogińniń birewin ber» dep onnan sorağanlar da boldı. Biraq Begdiyar kózi qıyıp, olardı heshkimge bergen joq.

Úlken balasınıń áskeriy formasındağı znachoklardıń joq ekenligin dáslep anası sezdi, sóytip táshwishlengen ol hámme jerdi tintip shıqtı. Begdiyardan sorap edi, ol «sır bermedi», óytkeni, ájağam mennen znachokların alıp qoyadı, dep qáweterlengen edi. Sol kúni mektep formasındağı znachoklardı alıp, heshkim taba almaytuğın jerge muqıyatlap jasırıp qoydı.

Begdiyardıń ájağasınıń dem alıs múddeti de pitip, onıń xızmet etetuğın ornına qaytatuğın waqtı keldi. Sonda ol kiyimlerin jıynastırıp edi, áskeriy formadağı znachokların taba almadı. Begdiyardan basqa olarğa qızıqsınıp júrgen heshkim joq edi, sonı bilse de ol inisin qapa etkisi kelmedi.

Ájağası xızmet ornına znachoklarsız jónep ketti. Aradan biraz kún ótken soń bársheni tańlandırmaqshı bolğan Begdiyar znachoklardı óńirine taqtı. Apası ótken iske ne qılsın, «báleniń sennen kelgenin bilip edim-aw» dedi de qoydı.

Begdiyar endi bul znachoklar menen mektepke barğısı keldi. Ol klassqa kirmey atırıp, balalardıń názerine tústi. Hámme oğan háwes etip qaradı. Sebebi bunday znachoklar heshkimde joq edi. Aldıńğı partada otırğan Begdiyardıń óńiri tolı znachoklardı kórgende múgallim de hayran qaldı.

— Haw, Begdiyar, bulardı qayaqtan aldıń? — dedi ustazı buğan qızıqsınıp.

Sır shashqısı kelmegen Begdiyar úndemedi. Murnı aspanda, mardıyıp tura berdi.

— Qaydan alǵanın men aytayın ba, — dep ornınan turdı Murat degen bala. — Ol áskerlikten dem alısqa kelgen ájaǵasınıń znachokların jasırıp, alıp qalǵan...

— Uyat is etipseń, — dedi muǵallim Begdiyarǵa. — Armiya qatarında xızmet etiwshilerge beriletuǵın znachoklardı kim bolsa sonıń taǵa beriwine bolmaydı. Ol jawıngerlerge Watandı qorǵawda kórsetken úlgili isleri ushın beriledi...

Bul gáplerdi esitkennen Begdiyardıń qulaǵına deyin qızarıp ketti.

*1976-jıl*

## BIR UWÍS TOPÍRAQ

Baxıtbektiń atası fermer, Ala báhárden atızda mańlay ter tógip, ol neshshe túrli daqıl óndiredi. Jer tońlaǵan qıstıń qaqaman suwıǵında ǵana ol azı-kem dem alıwǵa pursat tawadı.

Búgin ol úyge hár qashanǵıdan kewilli keldi. Keshki awqatqa shańaraq aǵzaları tolıq jıynalǵan payıt edi.

— Apa, — dedi ol tórde otırǵan, júzine ájim engen, aq shashlı anasına. — Maǵan sawǵa retinde mına jollamanı berdi. Kúni erteń qaharman qalalar boylap sayaxatqa jóneymen. Kimge ne bazarlıq ákeleyin, házirden baslap ayta beriń.

Hárkim hár nárseni aytıp ǵawırlasıp atır. Kiyim-kenshek, úy buyımların ákel, deydi. Biraq kempir heshnárse demedi, negedur ol qaytama qamsıǵıp, qápelimde kózlerine jınalǵan monshaq-monshaq jaslardı aqlıqlarına kórsetpey, aq jawlıǵınıń ushı menen súrte basladı.

— Quwanama dese, qaytama qapa bolıp, ne qıldıń apa? — dedi balası.

— Bay-boy yadıma kop nárseler túsip ketti, balam. Seniń atań da sol qaharman qalalardıń birinde jatır. Watan ushın sawashta mártlershe qaza taptı, dep qara qaǵaz kelip edi. Biraq qayaqta qaldı, bilmeytuǵın edik. Jaqında Moskvanı qorǵaǵanlar qatarında ismi bar eken, degen xabar esittik. Bunı ákeń esitpesten kóz jumıp ketti, mine endi meniń de jasım júzge shamalasıp tur. Ayanıshlı tamanı sol, atańnıń denesi tuwılǵan jeriniń topıraǵına buyırmadı, — dep qamsıqtı ol.

— Shúkir et apa, táǵdirdiń isi shıǵar, endi bizler barmız, aqlıqlarıń, shawlıqlarıń aldıńda, — dep shańaraq aǵzaları bári jámlesip, táselle berip, kempirdi zorǵa jubattı.

Olar azanda fermerdi sayaxatqa shıǵarıp saldı. Ketip baratırǵan oǵan hayalı, ul-qızları ózimizden tabılmaytuǵın zatlardı alıp keliwdi buyırıp atır.

— Apa, saǵan ne ákeleyin, — dedi sonda ol anaxandı qushaqlap turıp.

Nuranıy ana aqlıq balasın bawırına basıp, qulaǵına bir nárselerdi sıbırladı. Negedur aytqanların basqalardıń esitkenin qálemedi.

— Maqul, maqul, anajan! — dep atır aqlıǵı.

...Aradan kúnler ótti. Sayaxat múddeti tamam bolıp, fermer amansaw elge quwıstı. Onıń shańaraq aǵzalarına ákelgen sawǵaları oǵada kóp edi. Hámme shad, quwanısıp atır. Al kempir bolsa, aqlıǵına ırza, onıń quwanıshında shek joq edi. Awzı buwılǵan kishkene shekiyneni qolınan túsirmey, ol bólme ishinde arman-berman shaqqan júrer, kóz jasların da jasıra almas edi.

— Nege jılap atırsań, apa? — dedi sonda Baxıtbek.

— Hesh gáp balam, bul quwanısh jasları ǵoy.

— Mına shekiynenıń ishindegi ne?!

— Babań qaytıs bolǵan jerden ákelingen bir uwıs topıraq. Bul quraqım nesip etti, balam. Denesi ózge jurtlarda qalsa da, topıraǵı keldi, endi onı tuwılǵan jerindegi qábirstanǵa aparıp qoyamız, — dedi kekse ana.

Shańaraq iyeleri shekiyneni mańlayına tiygizip, qásterley basladı...

*1977-jıl.*

## EŃ KÚSHLI

Quwatlardıń úyi qorıq toǵaydıń bir shetinde jaylasqan. Aǵası sol qorıqtıń qarawılı. Qısqa qaray olardıń jumısı gújip ketedi. Toǵayda túrli ań bar. Qalıń qar jawsa, olar ashırqap qaladı. Sonda olardı qoldan azıqlandırıwǵa tuwra keledi.

Búgin de tap sonday boldı. Hár kúni azanda jadırıp shıǵatuǵın quyash kórinbedi. Aspandı qaplaǵan qoyıw qara bultlar todası onı kórsetpey qoyǵan edi.

— Quwat, há Quwat!

Atasınıń dawısın esitken bala jaydan sırtqa juwırıp shıqtı.

— Newe, ata?!

— Toǵayǵa baramız, balam. Arbaǵa min!

— Yaqshı.

Appaq qarda iz qaldırıp, arba alǵa qaray qozǵaldı. Kún oǵırı suwıq edi. Ayazǵa shıdamaǵan Quwat dárhal malaqayınıń qulaǵın túsirip aldı. Soń ańlar tuwralı atası menen sóylese basladı.

— Átirapta heshqanday ań kórinbedi ǵoy. Olar qayda ketken, ata? — dep soradı Quwat.

— Olar ma, — dep atası saqalı selkildep kúldi. — Suwıqtan qorqıp, inlerine tıǵılǵan ǵoy, balam.

— Mamıq júnli túlkiler de suwıqtan qorqa ma?

— Awa, balam.

— Al qasqırlar she?

— Olar da, qorqadı.

— Al jırtqısh jolbarıslar she?

— Barlıq ańlar da, suwıqtan qorqadı, — dedi ǵarrı aqlıǵınıń sorawlardı dawam ettire beretuǵınına kózi jetip.

— Sonda suwıqtan da, ıssıdan da, heshteńeden de qorıqpatuǵın, dúnyadaǵı eń kúshli zat ne? — dedi Quwat atasınıń júzine sorawlı pishinde tigilip.

— Adam! — dep maqtanıshlı túrde juwap berdi ǵarrı.

*1975-jıl.*

# «QARA PİSHİQ PENEN QARA KÚSHIKTIŃ QİLWALARİ» DÚRKININEN

*Genjetay ulım Ázizbekke arnayman.*

***Avtor.***

## 1. QARA PİSHİQ QAYDAN KELDI?

Jawın-shashınlı gúz kúnleriniń biri edi. Kún batıp, gewgim túse baslaǵan bir payıtta sırtqı esik betten qanday da bir pıshıqtıń muńlı miyawlaǵan dawısı esitildi.

— Áziz, tarǵıl pıshıǵıń dalada, jawınnıń astında qalıp qoyıptı ǵoy, balam, qara, miyawlap «jılap» atır, úyge tez alıp kel de, peshtiń qasına jatqıza ǵoy, shıraǵım, — dedi apam.

Men salpıldaq ayaq kiyimimdi asıǵıs ayaǵıma ildirdim de, sırtqa shıqtım. Qarasam, biziń tarǵıl pıshıq emes, kishkene ǵana, tırnaǵına shekem qap-qara, qanday da bir bala pıshıq, mayǵa túsken tıshqanday bolıp, jawın suwınan simeri shıǵıp, esikte tur. Onı kóterdim de, bawırıma basıp, ishke alıp kirdim.

— Mine, apa, pıshıq tawıp aldım, — dedim men quwanıshım qoynıma sıymay.

— Oy-boy, ústi-basınıń bári suw ǵoy bunıń, súlgi menen súrt te, ıssı jerge jatqız onı, — dedi apam.

— Ne qılasań onı óytip qásterlep, qońsılardıń baǵıp otırǵan pıshıǵı shıǵar, azanda iyesine tabıstır, — dedi aǵam meniń de, apamnıń da niyetin jaqtırmay.

— Úyge óz ayaǵı menen kelgen haywandı quwmas bolar, bálkim, ol baxıt, dáwlet, nesiybe ákelip turǵan shıǵar? — dedi taǵı pıshıqqa men qusap bir náwiye jaqın biziń apam.

— Qoyısh bir, qayaqtaǵını tappay, baxıt, nesiybe ákelip ol bir qumay qus ba edi? — dep aǵam sóyleniwi menen ishki jayǵa kirip ketti.

— Yaq, olay deme aǵası, mınanday bir ráwiyat bar: bir saparı Muhammed payǵambarımızdıń shapanınıń shalǵayına basın qoyıp, bir pıshıq uyqılap qalıptı, sonda túrgeliw zárúr bolǵan payǵambarımız, pıshıqtıń uyqısın bólmeyin, dep shapanınıń bir shalǵayın pıshaǵı menen kesip taslap ketken eken, degen gáp bar, — dedi apam.

— Pay, jolıń bolıp qaldı endi seniń, hádisler jıynaǵı sol kitaptı men úyge satıp alıp kelmegenimde sen bunday ráwiyatlardı qayaqtan biler ediń? — dep gúńkildedi ishki jaydan aǵam.

Sonıń menen pıshıq haqqındaǵı gápler tamam boldı. Apam puwın burqıratıp, palawdı tas tabaqqa salıp keliwden hámmemiz bilekti sıbanıp, onı jey basladıq. Qápelimde, álle qaylardan pıshıqtıń miyawlaǵan sesti esitildi, úydegi tarǵıl pıshıq pa desek, yaq bul baǵanaǵı men sırttan alıp kelgen, qara bala pıshıq eken. Awqattıń iysi murnına barǵan ǵoy onıń, ózi de ash bolsa kerek, dasturqannıń qasına keliwge batına almay, alıstan miyawlap, taǵam sorap tur.

— Push-push?— dep, aldındaǵı góshti qolına alıp kórsetip, qasına shaqırdı onı apam.

— Áne, jolı bolıp qaldı endi bunıń, palawdıń yarım góshin pıshıqqa berip tınadı bul, pıshıq degenniń óz aldına ıdısı bolıwı kerek, ol adamnan bólek awqatlanıwı tiyis! — dep aǵam taǵı narazı boldı.

Endi apam awqatın bólip, tarǵıl pıshıqtı da shaqırıp, eki pıshıqtı toydırıw ushın asxana betke ketti.

— Al, seniń kózińnen tasa qıldım onı, endi awqatıńdı biymálel jey ber?— dedi apam ol jaqtan kelip.

Awqat jep bolǵannan keyin televizor kórip, onnan berilgen saz-sáwbetti tamasha ettik, soń hámmemiz uyqıǵa jattıq. Jaqtılıqtı sóndirgenimiz de sol edi, bir waqıtta apam ekewimizdiń kórpemizge jup-jumsaq bir nárse jılıslap kirip kiyatır, ne eken desek, bul men daladan tawıp kelgen qara bala pıshıq eken.

— Kele ǵoy, kele ǵoy, Ázizbek, sen onnan qorıqpaysań ba, balam? — dedi qáweterlenip apam.

— Yaq, men onı jaqsı kóremen, qap-qara, kip-kishkentay, súp-súykimli ǵoy? — dedim men.

— Júdá bárekella, endi seniń «balań ekew» boldı? — dedi kek etip biziń apama aǵam.

Onıń astarlı gápine dáslep biziń apam túsinbey qaldı.

— Uqtıń ba, aǵań ne dep atır? — dep soradı ol mennen.

— Seniń balań ekew boldı, birinshisi — Ázizbek, ekinshisi qara pıshıq, dep atırman? — dep kúldi endi aǵam.

Men de oǵan qosılıp, keńkildedim. Biraq bárıbir biziń apamnıń párwayı pálek edi.

— Awa, awa! — dep qaytama aǵamnıń gápin tastıyıqladı ol.

Ashıwlanıw, ókpelew degen onıń qıyalına da kelgen joq, sebebi pıshıq degendi janınday súyetuǵın edi ol. Usılayınsha qara pıshıq biziń úydiń turaqlı turǵını bolıp qaldı.

## 2. JOYTÍLǴAN KOLBASA

Biziń apam pıshıqlardı qanshama jaqsı kórse, pıshıqlar da onı sonshama jaqsı kórer edi. Apam jumıstan keliwden eki pıshıq, eki tárepinde, onıń keynine eredi de júredi. Sebebi «iyis shıǵarıp», bawırsaq pisirse, aǵamnıń quran oqıp bolıwına shıdamay, ele bizler awız tiymey atırǵanda, bir-eki bawırsaqtı pıshıqlarǵa tuwrap beredi ol. «Áne barlıq nesiybeń solarǵa ketti, qudaytala olardı juwındı jew ushın jaratqan» deydi sonda aǵam. Apam báribir aǵamnıń ol sózlerine itibar bermeydi. Apam asxanaǵa awqat pisiriwge barsa boldı, eki pıshıq onıń eki jaǵında, artqı ayaqlarına minip, cirktegi artist maqluqlarǵa usap, tikke turadı. Olar soǵan úyrengen, óytkeni biziń apam qazanǵa gósh salarda, góshtiń shandırın, ulıwma mazasız jerlerin kesip alıp, alma-gezek eki pıshıqqa bólistirip beredi.

— Qam góshti pıshıqqa da, kúshikke de beriwge bolmaydı, berseń olar oba keseline ushıraydı, sen usı ádetiń menen úydegi iytlerdiń basına jettiń, biyshara iyt degen názik boladı, «atańa nálet» mına pıshıqlar olarǵa qaraǵanda awırıwǵa tózimli — dep eskertedi hám iyt penen pıshıqqa degen múnásibetin bildirip qoyadı sonda biziń aǵam.

— Yaqshı, yaqshı, — deydi sonda biziń apam, biraq óytpeyin dese, shiyki góshke úyrenip qalǵan pıshıqların ayaydı, sóytip kúndelikli ádetin dawam ettire beredi.

Haqıyqatında da, kúshikler shetinen qırılıp atırsa da, úydegi pıshıqlarǵa bále kelmeydi, olar qaytama semirip, anaw-mınaw góshsiz awqattı awzına da almaytuǵın halǵa keledi.

Bir kúni úyde mınanday waqıya boldı: Aǵam túslikke ózi menen birge eki jigitti ertip keldi. Olar birge isleytuǵın kásiplesleri bolsa kerek. Aǵamnan sál aldın bosaǵadan atlaǵan apam kúyip-pisti:

— Adam ertip keletuǵınıńdı burınıraq aytqanıńda, men bazardan aylanıp, azıq-awqatlıq zat alıp keletuǵın edim, endi miymanlardan uyatın aytsesh, muzlatqıshta gósh te az edi, — dep hayalǵa tán táshwish penen tońqıldap atır apam.

— Hesh gáp, qısınıp qalar dep, tompaq kolbasadan alıp kelip edim, sonıń yarımın bizlerge shay menen ishiwge kesip ber de, yarımın kartoshka menen quwır, — dedi aǵam.

— Yaqshı, yaqshı, qayerde edi ol? — dep apam asxananı tinte basladı, lekin hesh jerden kolbasanı taba almadı, aqır sońında ásteaqırın sıbırlap, aǵamdı asxanaǵa shaqırdı ol.

— Házir ǵana ákelip, mına stoldıń ústine qoyıp edim, seniń «baqqı pıshıqlarıń» alıp ketpedi me eken? — dep shır-pır boldı aǵam.

— Qoy-qoy, olar tiymeydi, — dep pıshıqlarına shıq juqtırmay atır apam.

— Tiymese qayaqta júr olar, Ázizbek, sen pıshıqlardı kórdiń be? — dedi aǵam.

— Awa, tarǵıl pıshıq sırtta, qara pıshaq házir ǵana edenniń astına kirip ketti,— dedim men.

— Awzında heshteńe joqpedi? — dedi aǵam.

— Anıq bilmedim, biraq bir nárse bar sıyaqlı kórindi, — dedim men.

— Onda kolbasa ketti desesh?— dep jelkesin qasıdı aǵam.

— Hámmemiz eńkeyip, edenniń astına úńildik, lekin qarańǵıdan heshteńeni ańlaw múmkin emes edi.

— Ázizbek, sen ana oyǵa sıyasań, astına úńilip, durslap qara, balam, — dedi apam.

Men jayǵa ıssılıq beretuǵın temir peshtiń qasındaǵı oyǵa túsip, edenniń astına názer tasladım. Írasında da, qara pıshıq kózi masaladay janıp, qarańǵıda nám-naǵan kolbasanı kemirip, jep atırǵan edi.

— Kórdim, kórdim? — dedim men.

— Neni kórdiń? — dedi aǵam menen apam birden ún qosıp.

— Kolbasanı jep atırǵan qara pıshıqtı kórdim?

— Qasıńa shaqırıp, awzınan julıp al ol ońbaǵırdıń? — dedi aǵam.

— Men «push-push»lap ári-beri shaqırıp atırman, ol zańǵar sirá qasıma jaqınlayın demeydi.

— Qoy onda, málel berme, aqırına deyin jey qoysın, báribir «mákiriw» boldı ǵoy, pıshıqtıń awzı tiygen astı adamlarǵa qalay beremiz? — dedi apam.

Aǵam kúyip-pisti. Biraq ilaj qansha? Sol kúni túslikke kelgen qonaqlar góshsiz kartoshka quwırdaqtı jep tarqastı.

Keshte aǵam jumıstan ashıwlı keldi. Onnan xabarı joq apam, dasturqandı jayıp, «ákeńdi shaqır» dep meni jiberdi, tústegi waqıyanı apam menen men álleqashan umıtıp ketken edik. Lekin aǵam onı umıtpaǵan qusaydı, ol qabaǵınan qar jawıp, dasturqan dógereginde birazǵa shekem ashıq sóylespesten otırdı.

— Aǵası, qolıńnıń kúshi bar ǵoy, gósh maydalaǵıshtan «farsh» ótkerip ber, bir qatırıp pelmen pisirip bereyin sizlerge, — dedi apam shaydan keyin.

— Awa, ózli-ózińiz otırıp pelmen jeń, qonaq kelse, góshsiz quwırdaq beriń! — dep doq urıp sóyledi sonda biziń aǵam.

— Ótken iske salawat, taǵı birde ertip kelerseń, sonda qálegen awqatıńdı pisirip beremen, — dep qáteshiligin juwıp shayǵan boldı apam.

Olar ekewi asxanaǵa kirdi. Hayaldıń isine kóp asa aralasa bermeytuǵın aǵam negedur bul ret apamnıń aytqanına kónip, qayılshılıq berdi.

— Mına súyeklerdi sorpaǵa salaman, mazası shıqsın, al mına qara kesek góshlerdi geshir menen qosa ótkere ǵoy, — dedi apam.

Apamnıń dawısı asxanada shıqqannan eki pıshıq, qayaqtan kelgenin quday bilsin, onıń qasına jetip keldi, olar qazanǵa salınatuǵın góshten támetip, kúndegishe apamnıń ekewi eki jaǵında tik ayaǵında turǵan edi.

— Hásseniy? — dep qara pıshıqqa oqlawdı alıp juwırdı sonda aǵam.

Lekin shaqqan qara pıshıq siltegen oqlawdı tiygizbesten asxanadan sırtqa qaray zıp berdi, qaytıp onı kórmedik. Sol kúni keshte bizler pelmen jedik, biraq hámmeden burın dasturqandı dógerekleytuǵın eki pıshıq bul saparı kórinbedi. Olar aǵamnıń qáhárinen qorıqqan bolsa kerek.

Sol sol eken, ásirese qara pıshıq aǵamnan qashıp, úyden alısta júretuǵın boldı.

## 3. SHÓJELER QAYDA KETTI?

Biziń aǵamnıń bir qızıq minezi bar, ol maǵan kóbirek ótmish haqqında ańız-ápsanalardı aytıp bergendi jaqsı kóredi. Ásirese, ol ákesi tuwralı áńgimelerdi júdá kámine keltirip aytadı. Sonday payıtlardıń birinde men aǵama:

— Aǵa, sen «meniń ákem oǵada puqta bolǵan, mákke egip, «Sultan mákkeshi» atanǵan, suw áspek bolǵan jılları da, tereń háwiz qazıp, onıń ultanına jıynalǵan suwlardı «serppe usılı» menen joqarı kóterip, qarıqlarǵa quydırǵan, esap-sansız tawıq baqqan, onıń qorazları da máyek tuwadı eken, puqtashılıǵı sonshelli, «tawıqlar jıynaqlı etip, bir múyeshke tuwsın» dep, qıstıń kúni «belgi ushın» qoyǵan máyekleri suwıqtan jarılıp qalmaslıǵı ushın hiyle oylap, hák tastan «máyek» jonıp qoyadı eken» deyseń, olay bolsa óziń nege tawıq baqpaysań? — dep sorap qoydım.

— Bağaman, tek te onıń ushın dáslep qoralardı sazlap qoyıw kerek, óytpeseń miynetiń bosqa ketedi, — dedi ağam.

Biraq usılay aytarın aytsa da, jumıstan qolı tiymedi me, yaki qunt etpedi me, kópke shekem bul iske qol urmay, qora dúzetpey júre berdi. Buğan ashıwı kelgen apam bir kúni bazardan on shójeni birden satıp ákelmesi bar ma. Ağam endi ilajsızdan gúbirlenip júrip, bar tor sımlardı kerip, qoy qoranıń bir múyeshinen tawıq qora soqtı. Bul endi biytalap júrgen mağan da, biraz ermek boldı. Shójelerdiń dán jegenine, suw ishkenine súysinip uzaq qarap turaman.

Lekin shalağaylığım da nedáwir bar ğoy meniń, tawıq qoranıń esigin durıslap jappay, eki shóje sırtqa shığıp ketip, zım-ğayıp boldı. Keshte jumıstan kelgen ağam shójelerdi sanap, olardıń kemis ekenligin kórip, qan basımı ábden kóterilip ketti.

— Tawıq qoranıń esigin ashıq qaldırğan kim? — dedi ol apama jekirinip.

— Kim ashadı onı, óziń shala japqan shığarsań, — dedi apam mağan shań juqtırmay.

Apam óytpegende meniń eki qulağım tawlanıp qıp-qızıl bolatuğın edi.

— Áy, yağ-aw, barlıq bále mına Ázizbekten kelgen shığar. Men jumısqa keterde ol qoranıń ishine kirip, shuńqıyıp, shójelerge qarap otırıp edi, — dedi ağam.

Sonnan keyin onıń ábden puqtalığı tutıp, tawıq qoranıń esigin qulıp penen jawılıp, gilt penen ashılatuğın etip qoydı. Biraq onıń bul isi shójelerdiń azayıwın toqtata almadı. Aradan eki kún ótkennen keyin bir shójeniń óligin qora betten alıp shıqtı ağam.

— He-e, buğan ne bolğan? — dep tańlanıstıq bizler.

— Moynı qayrılıp qalıptı, tislegen bolsa kerek, — dedi ağam.

— Kim tisleydi onı qoranıń ishinde, óziń temir tor menen qorshap qoyıpsań? — dedik tağı bizler.

— Pıshıq tisleydi dá, men qorağa kiriwden zıtıp shıqtı sol zańğar, tuta almadım, tóbeden tesik ashıptı, sonnan atlığıp shığıp, qashıp ketti sol «qara maqaw», — dedi ağam.

— Qoyısh, pıshıqtan kelgen bále emes shığar, bálkim bir ılań kelgendi dá? — dedi apam.

— Yaq, ılań kelse olardıń barlığı birden qırıladı, basqaları qaqańlap júr ğoy? — dedi ağam.

Usınıń menen gáp pitti. Erteńine ağam jumısı boyınsha xızmet saparına ketti. Tawıqlarğa qaraw wazıypası endi apam ekewimizdiń moynımızğa júklendi.

Ağam bes kún degende sapardan aylanıp keldi. Bes kúnde bizler bes shójeni joyttıq. Qayda ketti olar? Qapı bolsa qulıplı, bizlerdiń aqılımız hayran edi.

— Qarap otırmay ákeńe tawsılmas táshwish tawıp berdim-aw, — dep qıynaldı sonda apam.

Biraq artıqmash táshwishke emes, biyshara shójelerdiń ólimge jipájeksiz duwshaker bolıp atırğanına ağamnıń ábden gázebi qaynar edi.

— Bunı anıqlamay qoymayman, — dedi sonda ağam.

Ol endi júzim astındağı sıpağa tósek saldı da, tawıq urısın ańlıp jattı. Lekin túni menen heshqanday hádiyse bolğan joq.

Taza jayımızda islep atırğan usta bolğanlıqtan, apam olarğa shay demlep bereyin, dep azanda erte turdı. Sırttağı sıpada júzimniń astında jatqan ağam da endi peshexanasın jıynay basladı. Qápelimde Iniyat ustanıń balası Eliwbaydıń baqırğan dawısı esitildi:

— Bazargúl apa, anağan qara, qara pıshıq shójeni alıp baratır, — dedi ol.

Hámmemiz hawlığıp, «qáne, qáne» dep qora betke qaradıq. Tawıq bolıp qalğan námnáğan shójeni awzına tislegen qara pıshıq bizlerdiń kózimizdiń aldında tez pát penen juwırıp ótti.

— Tasla, háy, háy? — dep shawqımlastıq bizler.

Qara pıshıq awzındağı oljasın taslamadı. Ol úyge dálizden kirip, ısıtqısh peshtiń astı menen edenniń astına ótti de ketti.

Endi hámmemiz edenniń astına úńildik. Tayaq penen tumlı-tustı taqıldatıp atırmız. Qara pıshıqtıń awzında shóje biyshara pıtırlap atır. Lekin jawız qara pıshıq onı jazdırar emes, ayağına basıp, burımraqta kolbasanı jegendey etip, shójeni kemirip, jep atır.

— Edenniń taxtaların qoparıp taslasam ba eken? — dep ashıwlandı ağam.

Qara pıshıqtıń sebebinen ağam menen apam málellesip qalmasın, dep men olardıń ortasına arashağa túseyin dep turdım. Lekin olarğa aytar ujıbatlı gápim de joq edi-aw. Sonlıqtan shetleńkirep, apam shayğa shaqırsa da kelmey, tósekte dus tómenime túsip jata berdim. Sebebi jeme-jemege kelgende bul waqıyanıń barlığına gúzgi jawınlı kúni qara pıshıqtı úyge alıp kelgen men gúnákar edim.

## 4. MUZLATQÍSHTÍ KIM ASHQAN?

Qara pıshıq sebepli úyde júz bergen kewilsizliklerden keyin apam qanday awqat pisirse de, pıshıqlardı qasına jolatpaytuǵın boldı. Lekin gósh jep úyrenip qalǵan qara «maqaw» onnan támetip, uzaqtan kózin súzip qarap qoyar edi. Báribir ayaǵına súykenip qansha miyawlasa da, apam endi oǵan qam gósh bermeytuǵın boldı.

Lekin kópten beri apamnıń azandaǵı qara shayı kámine keltirilip bir demlenbedi. Qay waq kórseń qara shayǵa quyılǵan sút irip ketip, tóńkeriledi de qaladı.

Buǵan sebep muzlatqıshtıń esiginiń túni boyı ashıq qalatuǵını edi. Kim ashadı onı sonda?

— Usı erkeklerden de basım bálege qaldı, — dep onı qara suwdı muz qılıp ishetuǵın ustalardan kóredi apam. — Mine búgin de, muzlatqıshtıń esigi ashıq qalıptı, nátiyjede sút irip ketti, sonsha pulǵa alǵan qara shayımdı aytsesh? — dep tońqıldadı ol.

Bunı esitken aǵam dárhal gápke aralastı.

— Haw, ashıp ketetuǵın pıshıq shıǵar, sol qara «maqawdan» túrli bále keledi, mına úydiń bereketin ábden qashırdı ol, — dedi sonda aǵam.

— Yaǵ-aw, «ıyttiń jini diywana, kelinniń jini qáyin ene» degendey, seniń jiniń qara pıshıq, — dep qoydı naqıl-maqallardı dizip sóylep apam.

— Sonda da zatlarıńdı barlastırıp kór, — dedi aǵam.

Apam bul ret onıń gápin eki etpey, muzlatqıshqa qoyǵan zatların bir qatar kózden ótkerdi.

— Haw, «xolodec»ke qaynatamız, dep ákelip qoyılǵan tuyaqlar qayda? — dedi ol qápelimde.

— Áne, ayttım ǵoy, góshińdi ele eń joqarıdaǵı arnawlı bólmesine qoyǵansań, bolmasa onnan da ayrılar ediń, — dedi aǵam.

Endi bizler aǵam menen ekewimiz úyge buyırmaǵan tórt tuyaqtı izlep kettik. Jaydıń mushınan sırtqa aylansaq, pútkil kóshemizdiń pıshıqları menen kúshikleri tórt tuyaq tı «deńgene» etip atır eken. Apamdı shaqırıp kórsettik onı.

Apam jaqsı kóretuǵın pıshıǵın tuńǵısh mártebe usı ret bar ǵarǵısın aytıp ǵarǵadı.

## 5. QAZANDAĞÍ GÓSH QAYDA?

Sizlerdiń «tuwrama» degen awqattı esitkenińiz bar ma? Írasın aytsam sol awqattıń mazasın unataman dá, biraq tayarlaw mashaqatın jaqsı kórmeymen. Awqat pisip, ol dasturqanğa tabaq penen shığarılıp alıp kelingennen keyin jey beriw kerek emes pe? Al bul «tuwrama» degen awqattıń góshin bir tuwrap, gúrtigin geshir kartoshkası menen qosıp bir tuwrap, piyazın mol qılıp, sorpağa óltirip, óz aldına hár qaysısın bir maba qılıp otırğanıń.

Lekin bul awqat biziń apama oğada unaydı. Ol bul awqat jóninde gáp bolsa, eń jaqsı kóretuğın balası — meni de tıńlamaydı. Bolmasa men:

— Apa, usı ıp-ıssı gúrtikti qazannan shığarıp, tuwrap otırğansha, qazanğa salarda astaxtada qamırdı maydalap nege sala qoymaysız? — deymen men.

— Yaq, óy deme, balam, tuwrama degen ata-babamızdıń milliy tağamı, onıń dámi, mazası pútkilley basqasha boladı? — dep apamnıń gápine qosıladı ağam.

Mine, búgin biziń úyimizde sol tuwrama psirilip, onı kámine keltirip jemekshi boldıq bizler.

Apam bazardan satıp ákelgen deńgene góshin qazanğa saldı da, ol qalıwsız qaynağannan keyin qamır iylewge kiristi.

— Gósh shımbırlap qansha qaynağan sayın, onıń sorpasınıń mazası zor boladı, — dep qoydı ol.

— Boptı, tezirek ákel awqatıńdı, televizordan qızıqlı kórsetiw bolıp atırğanda «tuwrama tuwra» deytuğın ádetiń bar, — dep eskertip qoydı oğan ağam.

Apam onıń kewlinen shıqqısı keldi me, bul ret awqattı oğırı tez pisirdi. Gúrtikti qazanğa saldı da, ol pisti-aw degennen úlken taypaq tabaqqa shığarıp, ortağa ákeldi.

— Al mınanı tez tuwrap taslayıq, — dedi ol.

— Haw, góshi qayda bunıń? — dedi sonda ağam.

— Góshi qazanda, ıssı sorpada tura bersin, gazdi páseytip qoydım, bizler hámmemiz gúrtik tuwrap alayıq, — dep ol meniń de, ağamnıń da qolına bir pıshaqtan berdi.

Úshewimiz úsh jaqtan tuwrap, bir tabaq gúrtikti dem de túwesip tasladıq. Sonda:

— Aǵası, házir góshti ákelip bereyin saǵan, maydalap tuwrarsań, — dedi apam.

Lekin asxanaǵa ketken ol oǵırı qapa bolıp keldi, sıldır sorpanı ortaǵa qoyıp, qara pıshıqtı ǵarǵap atır ústi-ústine.

— He-e, ne bolıp qaldı? — dedi sonda aǵam.

— Gósh joq, — dedi ol állenemirde.

— He, qayda ketti? — dep aǵam hawlıqtı.

— Qara pıshıq edenniń astına áketip jep atır? — dedi ol.

— Jaqsı bolıptı, bir kúni seniń gellendi de sol jerge aparıp kemiredi, — dedi ábden ashıwlanǵan aǵam, soń ishki jayǵa barıp, heshteńe jemesten jatıp qaldı ol.

— Eń bolmasa bir kese sorpa ishseń-o, áp-ánedey taza soyılǵan deńgeneniń góshi edi, — dedi apam.

— Pıshıqtıń awzı tiygen sorpanı qalay ishedi adam, ayawlıńa aparıp ber, ház etip ishsin, endi ol «mákiriw ǵoy»? — dedi aǵam.

— Awa, solay eken-aw, — dep apam sorpa tabaqtı sırtqa alıp ketti. Sol-sol eken biziń apam pıshıq tuwralı gáp etkendi qoya qoydı. Biraq onıń hár mezgilde awqattı pıshıqtıń ıdısına quyıp atırǵanın kórip qalaman. Sonda:

— Pıshıqtıń zeynine tiyiwge bolmaydı, balam, ol ǵarǵaydı, — deydi apam. — Ol jolbarıstıń túshkiriginen dóregen, qáhárin keltirseń ol adamdı uyqılap jatqanında buwıp óltiriwden de qaytpaydı? — dep qanday da bir ańızdı aytıp beredi.

Bálkim ol qásiyetsiz qara pıshıqtı ertip ákelgen meni gúnákar etpeyin, dep aytatuǵın shıǵar bul ápsanalardı. Men báribir bul waqıyalardan keyin bizdi ırısqı-nesiybemizden ayırǵan sol pıshıqqa ishim jılımaytuǵın bolıp qaldı. Ol aǵamnıń shashlarına ne degen aq túsirdi, apam ekewiniń awızbirshiligin buza jazladı, úydiń bereketin qashırdı. Sonlıqtan men natuwrı isim ushın aǵamnan da, apamnan da keshirim soradım. Qara pıshıqtıń mırrıwlap ayaǵıma súykengenin kórsem de, kórmegendey bolıp, onı burınǵıday úyge, jıllı tósegime shaqırmaytuǵın boldım.

## 6. AǴAM KÚSHIK ÁKELDI

Apam, aǵam úshewimiz azanǵı shaydı iship otırǵan edik.

— Bileseń be, balam, iyt — adamnıń dostı, — dep qoydı maǵan qaray sóylep aǵam.

— He-e, nege óy dediń? — dedi sonda apam.
— Ázizbekke bir kúshik ákelip berejaqpan, — dedi aǵam.
Meniń quwanıshım qoynıma sıymadı.
— Qashan ákelip bereseń, aǵa? — dep onıń tóbesine minip kettim men.
— Bir eki kúnnen keyin, — dedi aǵam.
— Tap házir-aq, ákelse? — dep tınıshsızlandım men.
— Házir bolmaydı, onıń ele kózi ashılmaǵan, ana sútin emiwi kerek, — dedi aǵam.
Men ózim ele kórmegen sol kúshiktiń kóziniń tez arada ashılıwın asıǵıslıq penen kútip júrdim. Kúshik úyge kelgen kúngi quwanıshımdı aytpaysań ba? Hasla jatırqamay, apam, aǵam súyetuǵın betlerimdi jalap atır ol kúshik! Qıtıǵım kelse de, barlıǵına shıdap atırman men.
— Qáne, atın qoyayıq bunıń, — dedi aǵam.
Men oylanıp qaldım. Kúshikti asıǵıs kútsem de, bul nárseni sirá qıyalıma keltirmeppen.
— Ne dep ataw kerek onı? — dep soradım apamnan.
Ol iyt tuwralı durıslı túsinikke iye emes eken. Ujıbatlı heshteńe ayta almadı. Sonda aǵam:
— Bul kúshik nege usaydı ózi? — dep soradı mennen.
— Jolbarısqa uqsaydı, reńki de sonday? — dedim men.
— Onda sóydep qoyıw kerek, — dedi aǵam.
— Jaman iyttiń atın bórbasar qoyadı degen, basqa at qapılıp pa edi? — dep mısqıllap gápke aralastı apam.
Lekin aǵam tárepinen bul gápke onsha itibar berilmedi, nátiyjede men kúshigimniń atın Jolbarıs dep atadım. Ol kún sanap óse basladı. Lekin kóshemizdiń balaları ısqırsa, ol sırtqa shıǵıp kete beretuǵın edi. Sonlıqtan joytılıp keter, dep men qáweterlenip júrdim. Sonda aǵamnıń bir dostı maǵan mınanday bir aqıl berdi:
— Ázizbek, balam, iytti kishkentayında jupkerlestirip baǵıw kerek, sonda ol sırtqa da kóp asa shıqpaydı, ekewi birge oynaydı, joytılıp ta ketpeydi, — dedi.
— Sonda ne qılamız? — dedim men.
— Seniń kúshigiń erkek, onıń qasına taǵı bir nashar kúshik ákeleseń, sonda olar birge oynap óse beredi, — dedi aǵamnıń dostı.
Ol oynap aytqan bolsa kerek, biraq bunday astarlı gáptiń mánisin shaǵatuǵın men be, «taǵı bir kúshik kerek» dep qıyqańdı saldım kelip.

— Pay, sen de tınıshıńa otırmaysań, biziń úydi iytqoraǵa aylandırajaqsań-ǵo? — dep narazı boldı aǵam.

Lekin men olardıń degishpesin qaydan bileyin, aǵama «taǵı bir kúshik ákeleseń» dep turıp aldım. Aradan úsh kún ótkennen keyin aǵam maǵan taǵı da, nashar qara kúshik ákelip berdi de, tındı. Onıń atın bizler «Alfa» dep qoydıq.

Eki kúshik birge úyde óse berdi. Biraq Alfa oǵırı qańǵımay edi. Sırttan bir bala ısqırsa boldı, quyrıǵın bılǵańlatıp, kóshege shıǵadı da ketedi. Qasındaǵı kúshik ketken soń Jolbarsqa ne turıs, ol da qosatlap shapqılaydı.

Sóytip júrgende birew Alfanı taslap, Jolbarstı urlap ketipti. Zerzebil bolıp izlep, onı taba almadıq .

— Mınaw da ketip joq bolsın! — dep edi Alfaǵa sonda aǵam.

Biraq qarawsız júrgen onı úyimiz tusınan ótken-ketkenlerden heshkim qálemedi. Eki kún joq bolıp ketip te, ol úyge qaytıp kele beretuǵın ádetti shıǵardı. Sonda ol ashtan ábden silesi qatıp kele me, dasturqandı sharlaydı júredi, «ket há ket»ti salıp quwıp atırǵanımız, ol báribir ketpeydi.

## 7. KÁMPIYTKE QUSHTAR KÚSHIK

Bir kúni azanda bizler bet-qollarımızdı juwıp, jańa ǵana dasturqandı dógerekley bergenimiz, qarasaq Alfa álleqashan dasturqannıń basında otır.

— Haw, mınanı kim shaqırıp edi? — dedi sonda aǵam.

— Awa, sonday ǵoy bul, sońǵı gezde oǵada dasturqanshıl boldı usı qara kúshik, — dedi de, oǵan ǵázebin tigip, iytti quwa qoyǵan joq biziń apam.

— Qoy, quwıp jiber, iyt degenniń ornı dalada boladı! — dedi sonda aǵam.

Aǵamnıń jaqtırmaǵan sóz aytıp otırǵanın bilgendey, Alfa ásteaqırın dasturqannan alıslap ketti.

— Anası, kámpiytiń joq pa? — dedi bir waqıtta aǵam.

— Bar edi ǵoy, jańa ǵana ıdısqa salıp qoydım, tawsılǵan bolsa ana cellofan qaltada bar, sonnan alarsız, — dedi asxana betke shıqqan apam.

— Ol ıdısıńda da joq, — dedi aǵam.

— Haw, jer juta ma onı? — dep apam ishke kirip keldi.

İrasında da, ıdıslardıń hesh birinde kámpiyt joq edi.

— Yaqshı, túste ákelemen, endi kishmish bar, erik bar, sonı tislep-aq búginshe eplesiń, — dedi apam.

— Meyli, dep bizler bul hádiysege onsha itibar bermedik.

Túste dasturqandı dógereklep shayǵa otırsaq, ıdısqa salınǵan kámpiyt taǵı da joq bolıp shıqtı.

— Kámpiyt qayda? — dep baqırdı bul jaǵdayǵa shıdamaǵan aǵam.

— Seniń bir kámpiyt jewden basqa talabıń joq eken, ol ne bir nanbedi, bir kámpiyt penen bir kese shaydı ishpey me adam? — dedi apam.

— Ishedi, ishedi, kámpiyt bolsa ishedi? — dedi aǵam gápin nıqlap.

— Haw, jańaǵı ıdıstaǵı kámpiyt qayaqqa ketti? — dep tańlandı sonda dasturqannıń qasına kelgen apam.

— Bilmeymen, gilkiy urı pıshıq penen urı kúshikti saqlaysań sen, — dedi aǵam.

— Seniń jiniń ózi usı kúshik penen pıshıq boldı-ǵo, kámpiytke ne baylanısı bar edi onıń? — dedi apam.

— Haw, qara kúshigiń jańa tili sallańlap, usı jerden shıǵıp baratır edi-ǵo? — dedi aǵam.

— Pay, kelistireseń-aw, kúshik te kámpiyt jey me eken? — dedi apam.

— Kim bilipti, jese jeytuǵın shıǵar, men bul úydiń haywanlarına kepillik bere almayman? — dedi aǵam.

— Qayaqtaǵını tabasań sen, kisige ayta kórme bunı, masqara bolarsań, — dedi apam.

Gáp sol jerde bastırılıp qaldı. Keshte awqatqa otırǵan payıtta dasturqandaǵı ıdısta taǵı da kámpiyttiń joq ekenligin sezip qaldı aǵam.

— Áne, kúshigiń kámpiyt jeydi seniń? — dedi sonda aǵam.

— İrastan ba, inanbayman— dedi apam.

Bizler aǵamnıń basshılıǵında sınaq ótkerdik. İdısqa kámpiyt saldıq ta, Alfa atlı qara kúshikti shaqırıp, ózlerimiz sırtqa shıǵıp kettik te, esikten sıǵalap turdıq. Lekin óz kózimizge ózimiz isenbedik: kúshik ıdıstaǵı kámpiytti háp zamatta jep bolıp, juǵın tili menen jalap, ishindegi mazalınıń kóp bolıwın kúsep, taǵı tamsanıp turar edi.

Sol-sol eken bizler dasturqanda kámpiytti qarawsız qaldırmaytuǵın boldıq.

— Áne seniń ákelgen kúshigińniń hóneri, — dedi sonda apam aǵama.

— Awa, biziń ákelgen kúshik, «hóner máselesinde» Ázizbektiń ákelgen pıshıǵınan qalajaq emes! — dep kúldi sonda aǵam.

## 8. KÚSHIK ǴARBÍZ JEYDI

Biziń aǵam hár saparı xızmet babında bir jaqqa ketse, oǵırı úlken qawınlardı mashinasına tiyep kele beretuǵın edi. Sonda:

— Bul giddiman qawınlardı qaydan taptıń, aǵa? — dep qızıqsınaman men.

— Oy, nesin aytasań, pútkil bazardı aralap, saylap aldım, — deydi ol hám: Bul qawınlar qısqa saqlawǵa qolay, oǵada suwıqqa shıdamlı, — dep qoyadı.

— He-e, — dep onıń gápin quwatlayman men hám quwanaman, sebebi sol qawınlardı qısı boyı jeytuǵın men ǵoy.

Biraq bul ret aǵam qawın emes, gilkiy giddiman qara ǵarbızlardı mashinasına tiyep kelipti.

— Haw, túye qawın qayda aǵa? — dedim men sonda shıdamsızlıq etip.

Háy, mına ǵarbızlar túye qawınnan da beter adam ushın paydalı, qanıńdı kóbeytedi, bawır-bótekeńdi kerek emes nárselerden tazalaydı, juwadı! — dedi aǵam.

— Olay bolsa birewin házir-aq jep kóreyik, — dedim men.

— Boladı, kesip bereyin saǵan, — dep aǵam qolına úlken qazan pıshaqtı aldı.

— Áy, birotala keshte keskeninde bolmas pa edi, qatırıp palaw pisirip berer edim, — dedi narazı bolıp apam.

— Hesh gáp, palawınnan keyin jewge qalǵanı da jetedi, — dep aǵam qara ǵarbızdı teń ekige ayırıp tasladı.

Ol sonıńday mazalı eken, aǵam, apam, úshewimiz yarımın ǵayrat salıp jep, zorǵa túwestik.

— Qalǵanın muzlatqıshqa salıp qoya ǵoy, — dedi sonda aǵam.

Apam ǵarbızdıń qalǵan yarımın kóterip aparıp edi, ol muzlatqıshtıń taxtasına sıymadı, aqır sońında apam onı «júzin alıp taslap jermiz» dep sıpanıń ústine qoydı. Soń apam menen aǵam jumısqa ketti, men oyınǵa kiristim.

Keshte hámmemiz dasturqanǵa jám boldıq. Apam qatırıp demlegen palawǵa ózi qayttıdan toyǵannan keyin:

— Áne, endi ǵarbız jesek boladı, — dedi aǵam.

— Yaqshı, házir ákelemen, — dep apam sırtqa shıǵıp ketti.

Birazdan keyin ol bizlerdi dalaǵa shaqırdı:

— Anaǵan qara, kim aytadı bunı iyt dep, mal shıǵar, kámpiyt jegeni azday, bul endi ǵarbız jeytuǵın ádetti shıǵardı, — dep apam kúyip-pisti.

Írasında da, yarım ǵarbızdı úńgip jep, endi ház etip onıń suwın iship turǵan edi qara kúshik.

— Qoy, bul bir aqırzamannıń belgisi shıǵar, bolmasa iyttiń ǵarbız jegenin usı jasıma shıǵıp esitpegen de, kórmegen de edim, — dedi apam.

— Hesh gáp, jese-jesin, Ázizbektiń pıshıǵı qusap, shóje, kolbasa, góshiñe tiymese bolǵanı emes pe? — dedi biziń aǵam.

Bizler sonda qılar isti qılıp, endi úyden qashıp, tek túnlerde oralatuǵın qara pıshıqtıń qılwaların eslep, shaqalaqlap kúlistik.

— Endi bul iyt taǵı bir qılıq kórsetse, qara pıshıq penen teńesedi, — dedi sonda pıshıǵın jaqlap apam.

— Asıqpa, kórsetedi ele, mazalıǵa úrdis bolǵan, ǵarbız jeytuǵın kúshikten onday neshshe qılwa shıǵadı ele! — dep qoydı nıqlap biziń aǵam.

Qullası, bul kún xojalıǵımız ushın qızıqlı hám kúlkili boldı. Taǵı bir ǵarbızdı kesip jep, qarnımızdı tır-tır qasıp, uyqıǵa jattıq.

## 9. JÚZIM NEGE QUWRADÍ?

Bizlerdiń Aytjan degen aǵayinimiz bar edi. Úydegilerdiń barlıǵı onı baǵman baba deydi. Sebebi Óteniń sorı yańlı kebir ashıp ketken atızımızdı ırǵalǵan baǵqa aylandırdı ol. Erik, alma, shabdal ekti. Ásirese onıń atızdı dógereklep ekken «kelin barmaq» júzimlerin aytsesh. Adam jep toymaydı onı.

Lekin úyde qara kúshiktiń payda bolıwı menen sol júzimlerdiń ayırımları quwray basladı. Aǵam ári-beri júzim túplerin aylanıp, bunıń sebebin bile almay-aq qoydı. Aqırında úyinen baǵman babanı shaqırıwǵa májbúr boldı.

Aytjan atam esikten kiriwden qara kúshik — Alfanıń atızda bos, kók maysa jońıshqanıń ústinde awnap jatqanın kórip, táshwishlene basladı.

— Haw, mına iyt mudamı uslaytip bos júre me? — dedi ol.

— Awa, baylasań qańsılap jılaydı da turadı, sonlıqtan bos júre bersin, dep bosatıp qoyıppız, — dedi aǵam.

— Natuwrı etipsiz, ústinde iyt awnasa jońıshqa da durıslı óspeydi, onıń ústine iyttiń atızda bos júrgeni miywe aǵashlarınıń sorı, ásirese júzimge júdá qáwipli? — dedi ol.

Biziń aǵam da, men de baǵman babanıń bul gáplerine iseninkiremey turdıq. Sonda ol:

— Qáne, quwray baslaǵan júzimdi kórset, onıń ne sebepli bul awhalǵa túskenin anıqlaymız, — dedi ol.

Aǵam sıpanıń tusındaǵı jap-jasıl japıraqları demniń arasında solıp qalǵan júzim aǵashların Aytjan atama kórsetti.

— Mine, kórdiń be, iyttiń izleri bar bul jerde, júzimniń túbin qazǵan ol, — dep qara kúshik awdarıp taslaǵan topıraqtı kórsetti baǵman baba.

— Awa, awa, sóytipti-áy! — dep onıń gápin xoshladı biziń aǵam.

— Tamırı ashılıp qalǵannan keyin ol quwramay ne qıladı, onıń ústine iyttiń bul jerge kómgen oljaların qaray ǵoy! — dep gilkiy jilik súyeklerdi júzimniń túbinen birme-bir shıǵara basladı Aytjan atam.

— Haw, bul súyeklerdi nege kómgen eken, bul qara bále? — dep tańlandı aǵam.

— Nege bolatuǵın edi, qıyamet kúnine saqlap qoyǵan oljası onıń, awqat salınbaǵan, ash bolǵan kúnleri, bunı qaytıp qazıp alıp, kemiredi ol, — dedi baǵman baba.

Írastan da solay eken, japıraǵı solǵan júzimlerdiń túbin tintip, Aytjan atam dúnyanıń súyegin taptı.

— Áne, iytti baylap qoy degenimniń mánisin endi bildiń be? — dedi sorawlı pishinde bizlerge qarap baǵman baba.

— Bildik, bildik, endi onı shınjırlap baylap qoyamız! — dep wáde berdik bizler.

Lekin solay desek te, qara kúshiktiń jipte tawlanıp, qańsılaǵanın kórsek, meniń de, aǵamnıń da janı tózbeydi, onı jazdırıp jibergenimizdi bilmey qalamız.

Kórdiń be, tábiyatta bir nárse — bir nársege ósh, bir nárse — bir nársege ziyan etip júredi, demek, júzim jeymen deseń — iytten, iytti erkin baǵaman deseń — júzimnen beziw kerek eken dá!

## 10. QARA KÚSHIKTIŃ «KONCERTI»

Biziń ağam jazıwshı, shayır, al apam qosıqshı bolğanlıqtan olardıń dosları dım kóp edi. Kóbinese biziń úyge nama qosıqların jazatuğın kompozitorlar keledi. Endi bir qızıq jeri, nama sesti shığıwdan biziń qara kúshik artqı ayaqlarına shógedi de, adam sıyaqlı boyın tiklep, qulağın túrip, kózi jıltırap, úydegi waqıyanı baqlap otırğanı-otırğan.

— Mına kúshik neğıp otır, quwsań-o dalağa, — deydi sonda biziń ağam apama.

Kúshiktiń «kewline tiymeyin» dep apam úndemeydi, sonda úyge kelgen miyman gápke aralasadı:

— Onıń bizge ziyanı joq, otırsa-otıra bersin, qarań, ol qunığıp nama tıńlamaqta, — deydi kompozitor Qádir ağa.

Ol bul sózlerdi kúlki ushın aytqan shığar desek, yaq hár kúni olardıń qasına kelip otıratuğın ádetti shığardı bul kúshik.

Demek ol qulaqqa jağımlı namanı jaqsı kóredi eken dá! Men onı sınap kórmekshi boldım. Qalay etip sınayman?! Qádir ağanikindey «Yamaxa» joq mende. Sonda da pikirimnen qaytpadım men. Tórgi jaydağı gilemge qıstırıwlı turğan ala moynaq duwtardı qolıma aldım da, qara kúshikti qasıma shaqırıp, kelistire almasam da, dıńğırlatıp sherte basladım men.

Bir waqları qarasam, qara kúshik duwtardıń sestine qosılıp, ózinshe bir hawaz shığarıp otır. Duwtar shertkendi qoysam, ol da hawaz shığarğanın qoyadı. Bul onıń «namağa salıp, qosıq aytıp otırğanı» eken.

Bul isime men ushıp-ushıp quwandım. Ağam menen apama bir tamasha kórseteyin, dedim men.

Biraq sol kúni keshte úyge qonaqlar keldi. Apam qulapáreń bolıp xızmet islep júr. Ağam da miymanlardıń betine túsip otır, soğan qarağanda júdá bir húrmetli adamlar bolsa kerek.

Birinshi awqattı jep bolaman degenshe-aq, miymanlar biraz yoshtı.

— Pay, Qádirdi shaqırmapsań dá, qosıq esitip, bir qulağımızdıń qurıshın qandırar edik, — dedi sonda qonaqlardıń birewi.

Sonda nege ekenin bilmeymen, men júdá «batır» bolıp kettim. Onday koncertti ózim qoyıp beremen, dedim men.

Miymanlardıń barlığı bir-birine qarasıp, tań qalıstı. Apam menen ağam mağan «tártipsizlik etpe» dep kózin alarttı.

— Haw, hóneriń bolsa ayt, balam, — dedi sonda bir qonaq.

Bunnan men ábden yoshlanıp kettim. Tórdegi gilemge qıstırıwlı duwtardı aldım da, qara kúshigim Alfanı ishke shaqırdım.

— Kúshikti ishke shaqırıp ne qılayın, dep ediń, — dep kiylikti maǵan aǵam.

— Yaq, toqtap tur, qızıqtı házir kóresiz, aǵa, — dedim de men duwtardı dıńǵırlata basladım.

Qara kúshik Alfa duwtar seslerin esitiwden artqı ayaqlarına minip, adam qusap boyın tiklep, ulıy basladı — bul onıń namaǵa salıp «qosıq» aytqanı edi.

Qonaqlar ishin uslap shaqalaqlap kúldi, aǵam da, apam da kúlkisin tıya almadı. Lekin bunday «koncert» penen miymanlardıń kewline tiyip almadıq pa, dep qáweterlendi olar.

Apam ekinshi awqattı alıp kelgeninde men qara kúshikti alıp sırtqa shıqtım. Ishtegi miymanlar awqat jewge shaması joq, ele gá jatıp, gá turıp kúlisip atır edi.

Qonaqlar keterinde miymandoslıǵı ushın aǵam menen apama minnetdarshılıq bildirdi. Al maǵan bolsa, tapqırlıǵım ushın oǵada ırza boldı.

Mine biziń úydiń pıshıǵı menen kúshigimiń usınday qılwaları bar. Zerikkende bizler úyge kelgen miymanlarǵa úydegi haywanatlardı qatnastırıp, «koncert» te qoyıp bere alamız.

*Nókis, 1999-jıl, 4—5-dekabr.*

## *«ÁKEM HAQQİNDA ÁŃGIMELER» DÚRKININEN*

*Besinshi awıl balalarına estelik.*
***Avtor.***

### BESINSHI AWİL

*(Sóz bası)*

Men ákemniń jalǵız ulı bolǵanlıqtan ba, negedur biziń úydiń iri-ǵaba zatlarınıń barlıǵı maǵan, meniń atıma baylanıslı edi. Olar haqqında birew qızıqsınıp sorasa ǵana, aǵam ańız-ápsana etip aytıp otıradı onı.

— Qonısıń qutlı bolsın! — deydi biziń aǵama Shomanaydan úyge qıdırıp kelegen jorası Sultamurat.

— Raxmet, raxmet! Kópten berli tuwılǵan ul perzentimiz turmay, intizarlıq penen balalı bolǵanlıqtan ırım etip mákan jańaladıq, usı jaydı tikledik, bolmasa sizlerden bólekleneyin degenimiz joq edi, — deydi sonda biziń aǵam.

— Haw, Kupriyakovlardan qalǵan «Zinger» tigiw mashınıńız kórinbeydi me?! — deydi sonda Qońırattan kelgen áǵáyini Niyetulla erikshi (ol Moynaqqa jazda jas erik, qısta qaq erik ákelip satatuǵınlıqtan usınday laqapqa iye bolǵan).

— Bar ǵoy, «qızlar tigip úyrensin» dep solardıń jayına qoyıppız, onıń ústine bul pútkil awıl boyınsha jalǵız mashın bolǵanlıqtan hámme kiyim-kenshegin biziń úyge ákeledi, xojalıqtı asırap, ǵárejet tawıp berip turǵan da sol, — deydi istiń jón-josaǵın túsindirip aǵam.

— Al, digirman qayda, om sol Qońırattan usı jerge ákeliwiń de ańsat bolǵan joq shıǵar, ne degen zil qara tas edi ol,—deydi Niyetulla erikshi.

— Awa, nesin aytasań, biyshara ǵashırdıń sorı boldı ǵoy ol, ǵayratlı kólik edi, sol digirmannıń salmaǵınan beli qayısıp, qabırǵası mayısıp, zorǵa keldi usı awılǵa. Qońırat qayda, Besinshi awıl qayda, jániwar mertilgen bolsa kerek, kóp uzamay qazıǵında turıp-aq ólip qaldı. Pay ǵashır bolǵanda qanday edi, júktiń haqıyqıy piri edi. Sonda onı arbaǵa jekkende hesh bále joq edi-aw, men sorlı sol saparı digirman alaman deppen be, kóp bolsa eki qap júweri alarman, dep kelip edim ǵoy, usı digirman degen sawdanı sen taptıń! — dep qápelimde ǵashırın qayǵırıp, aǵam erikshi aǵayinine asıla ketedi.

— Qoy endi, ótken iske salawat! — dep gápti basqa jaqqa burıp, zorǵa qutıladı ol.

Solay etip, ótmish haqqındaǵı gápler umıt boladı. Biraq men ata-anama, Arzıgúl shesheme, qıyametlik qońsımız Qarlıbay aǵaǵa, biyǵubar balalıqtaǵı doslarıma, qońsınıń qızı — anası «Maǵrupa, Keńesgúl» dep eki túrli at penen erkeletip aytatuǵın, sup-sulıw, aq-sarı qızǵa baylanıslı waqıyalardı hasla umıta almayman. Olar meniń tap keshegidey ele yadımda.

## «ZINGER» MASHÍN

Ákemniń aytıwına qaraǵanda bul «Zinger» mashın Kupriyakov degen orıstiki eken. Men tuwılǵan jılı onı biziń aǵam Kupriyakovtıń hayalınıń inisi Yakov degen aǵash ayaqlı, aqsaq kisiden satıp alǵan. Bir qızıq jeri, mashınnıń ústi beti taza da, ayaq beti dım góne kórinetuǵın edi. Bunıń bulay bolıw sebebi, fashist basqınshıları menen baslanǵan urıs jıllarında úyine bomba túsip, bala-shaǵasınan ayrılǵan urıs mayıbı — Yakov, Kupriyakovlardı amanger tutıp, Moynaqtaǵı Besinshi awılǵa kelgen. Lekin Kupriyakovlar bul gezleri álleqashan awıldan kóship ketken eken.

Al endi bul «Zinger» mashındı Yakov qayaqtan tawıp alǵan deseń-shi?

Ol bılay bolǵan. Kóship baratırıp, Kupriyakovtıń hayalı inisi — Yakovqa xat jazǵan. Onda «úydegi ákemniń kózi hám ózi bolǵan, men uzatılǵanda sawǵa sıpatında maǵan berilgen, «Zinger» atlı ayaq mashındı satayın desek, «nemistiń zatı» dep heshkim almadı, (men kúyewge shıqqanımda da, Braynenger bolıp, óz ákemniń familiyasında qalǵanımdı óziń bileseń ǵoy), sonı edenniń astına kómip ketemiz, biz betke tabanıń tiyse, qazıp, tawıp alarsań, ol teńi-tayı joq zárúrli zat», — degen eken.

Sonda mashınnıń ústi beti sandıqqa salımp, al, ayaq beti heshteńege sıymasa kerek, solayınsha jerge kómilipti. Besinshi awılda temirshi usta bolıp islegen Yakov, onı urıs tamam bolǵannan eki jıl soń biziń aǵama satqan.

Mashınnıń ústi betinde barı, ya joǵın bilmedim, bar bolsa, óshirilgen shıǵar, bálkim, al onıń ayaq betinde hasla óshirip bolmaytuǵın, shoyınnan quyılǵan «Zinger» degen nemisshe jazıwı bar edi.

Bir kúni, elege shekem yadımnan shıqpaytuğın, mınanday bir waqıya boldı. Mektepke burın barmağannan keyin, sawatım bolmağan soń eskermeydi ekenmen, (Álipbeni ótkennen keyin, dus kelgen jazıwdı oqıytuğın boldım ğo) bir ózim úyde sabaq tayarlap otırsam, qońsımız Bekbergen ağanıń balası, meniń klasslas dostım Orazbay:

— Anaw ne degen jazıw, sen oqıy alasań ba? — dedi mağan.

— Oqıy almayman, al sen she? — dedim men.

— Men de oqıy almayman, bul qaraqalpaqsha emes, orıssha da emes jazıw, — dedi ol.

Bizlerdiń gápimizge meniń úlken ájapam Qayıl aralastı.

— Durıs, bul sóz qaraqalpaqsha da, orıssha da emes, — dep irkilip qaldı ol.

— Sonda qaysı tilde? — dep ğawırlastıq bizler.

— Nemisshe! — dedi ol.

Bizlerdiń júregimiz suw etti. Ol aytıwın aytsa da, óz gápinen ózi qorqıp ketti.

— Sonda nege ol biziń úyde tur?! — dedim men.

— Ol seniń tuwılıw húrmetińe satıp alınğan.

— Nemistikinen basqasın satıp alıwğa bolmas pa edi?! — dedim men.

— Onı ağam biledi, — dedi ájapam.

— Bilse, onnan qalay sorayman, ol tiri bolğanda edi! — dedim men hám kewlim eljirep, júregim qanasına sıymay, eńirep jılap jiberdim.

Nege ekenligin bilmedim, men nemistiń zatınıń úyde turğanın qálemedim. Dálizde jatırğan baltanı alıp kelip, mashınnıń «Zinger» dep jazılğan jerine qulashımdı kerip bir urdım. Muqıyatın qáyterseń onıń, shoyınnan bekkem etip quyılğan eken-dá, balta onı sındıra almadı, qaytama júzi qıysayıp, ózi shil-párshe boldı.

Ájapam meniń jelkeme jeti qoyıp, qolımnan júzi qayrılğan baltanı alıp, sırtqa shıńğıtıp jiberdi. Birazğa shekem ókpelep, ishke kirmey júrdim. Báribir meniń menen heshkimniń isi bolmadı. Aqır sońında «iytten xor, pıshıqtan zor» bolıp, tósekke kelip jattım.

Aradan jıllar ótti. Biziń ájapamlar sol «Zinger»mashındı urshıqtay aylandıratuğın sheber mashınshılar bolıp jetilisti. Ata kásibine uqıp ta, qızığıwshılıq ta bolmağan men, dáslep Nókiste, keyin Tashkentte oqıp, eki joqarı oqıw ornın pitkerdim. Sóytip júrgende ákemnen qalğan múlkti hárkim bólisip ketipti.

Jaqında qıdırıp, Qanlıkólge barǵanımda sol bayaǵı «Zinger» tigiw mashının Qayıl ájapamnıń úyinde kórdim. Ol kózdiń qarashıǵınday etip, onı elege shekem saqlap, iygiligine jumsap otır eken.

— Ájapa, mınaw bayaǵı «Zinger» mashın ba? — dedim men.

— Awa, sol sen baltalaǵan mashın, — dedi ájapam.

— Xabarıń bar ma, jaqında men jaǵısınan alıslaǵan Araldı birge kinoǵa túsirip júrgenimde, Moynaqqa kelgen bir nemisten mınanday bir gápti esittim, «Zinger» markalı mashın shıǵarǵan adamnıń áwládları Germaniyada ele bar eken, olar bul mashınnıń urıstan burıńǵı nusqasın saqlap otırǵan adamlarǵa úlken sıy-sawǵa beredi-mish, — dedim men.

— Sıyıńdı da, sawǵańdı da bilmeymen, maǵan esheyin dúnya kerek emes, biraq anaw úyińdegi hayalıń mashın tigip bilse, al da keteber onı, oǵan gápim joq, — dep ájapamnıń kewli buzılıńqıradı.

— Qoya gór, ájapa, onıń ondayǵa uqıbı joq, mashın tikpek túwe, ápiwayı iyneni zorǵa sabaqlaydı, — dep Qayıl ájapama jalınıp, zórǵa gápti basqa jaqqa burdım.

Endi nabada Qanlıkólge, ájapamnıń úyine qıdırıp barsam, negedur eki kózim báribir sol ózim tenteklik etip, balta urǵan, aqıbetinde ájapamnan dákki jegen, Kupriyakovlardan qalǵan «Zinger» mashında boladı da turadı. Bálkim, ol maǵan arnap alınǵan, anamnıń uslaǵan múlki, ákemniń kózi hám ózi bolǵanlıqtan shıǵar?!...

## DIGIRMAN

Biziń úydiń qası qashan kórseń adamlarǵa tolı, úmbá-dúm boladı da turadı. Buǵan sebep, mına jayımızdıń aldındaǵı digirmanxana. Pútkil Besinshi awıl hayalları bul jerge kelip, dánin tartıp, un qılıp ketedi.

Aǵam digirmanxanaǵa ayrıqsha kewil bóledi, onıń ishin mintazday etip tazalap, hárbir zattı óz ornına tártiplestirip qoyadı. Digirmanxana diywalındaǵı tekshelerdi aytpaysań ba, hár tekshede bir ala qapshıq turadı, onıń birewiniń ishinde biyday un bolsa, ekinshisinde — júweri, úshinshisinde — mákke, qalǵanlarında hárqıylı dánlerden tartılǵan jarmalar turadı. Bulardı digirman tartqan hárbir hayal úskenemizden paydalanǵanı ushın ala qapshıqlarǵa salıp ketedi. Nátiyjede ózimizdiń úydegi qapshıq-qapshıq dánlerdiń bası buzılmastan tura beredi, biziń xojalıǵımızda awqatlıq zatlarǵa zárúrlik bolmaydı.

Bendeshilik, geyde toqshılıqtıń qádir-qımbatına jete bermeymiz ǵoy.

— Usı digirmanxanadan basım bálege qaldı, qay waq kórseń adamlardı́ gezegin belgilep júrgenim, hárkimniń asıǵıs isi bar úyinde, bári de jumısın tez pitkerip ketkisi keledi, olardıń qaysı birine bolayın, — dep tońqıldaydı ara-tura apam.

Aǵam sonda oǵan keyip taslaydı:

— Bilseń, seni heshkimnen kem qılmay, xojalıǵıńdı baǵıp otırǵan usı digirman, bolmasa, kimniń úyiniń qapshıqları bizikindey bolıp unǵa tolıp tur? Qudayǵa shukir, qálegen asıńdı iship otırsań. Alpısjannıń tuwılǵan kúnin bánelep, bunı Qońırattan alıp kelmegenimde seniń halıń neshik boların bileseń be? Dúnyada kisiniń qabaǵına qarap is tutqannan qıyını joq. Al seniń bolsa, jegeniń aldıńda, jemegeniń artıńda, heshbir kemisiń joq, bunıń barlıǵı digirmanxananıń arqasında, — dedi aǵam.

Sonda, anam paqır qattı ketkenine qudadan keshirim sorap, kún kórisine mıń qátle shúkirlik etip, áwel aytqan gáplerin juwıp-shayadı:

— Áy, ǵarrı, mázi aytıp atırǵanım ǵoy, bolmasa, digirman tartıw degenniń qanday aqırzaman ekenin bilemen, bir adamnıń kúshi jetpey, eki hayal qoldasıp zorǵa aylandıradı onı, — deydi anam.

— Awa-dá, awır bolmasa mákkeńdi de, júwerińdi de, biydayıńdı da un qıla alar ma edi ol. Qasındaǵı kishi digirmandı iske qosqanda bul bir kishigirim un qaraz ǵoy, — dep maqtanadı aǵam, jáne:

— Usını qaraz dárejesine keltiremen, dep anaw ǵashırımnan ayrılıp qaldım, bul úlken digirmannıń eki tasın Qońırattan kóterip kelemen, dep mayrılıp óldi jániwar.

Ol usılay dep, álleqashan qumran qapqan ǵashırın esleydi hám «pay, nayatıy ǵayratlı edi-aw, ózi» dep qoyadı.

...Báhár keliwi menen úyde anamnıń jatısı kóbeyip ketti. Anaw-mınıw nárseni emlep júrgen Áshirbek táwip te, oǵan hesh ilaj ete almadı. Onıń haram qandı alaman, dep murınǵa salǵan nishteri de payda bermedi.

Qawın pisikte anamnıń awırıwı ózine ábden batıp, ol tósekte tek ǵana ǵarbızdan qaynatılǵan, murınnıń qanınday qıp-qızıl sherbet suwın iship jatatuǵın edi. Sonda anam halı bolmay, digirman tartpaǵanlıqtan ájapamlar tekshedegi ala qapshıqlardan un alıp, úsh mezgil awqatımızdı pisirer edi. Endi aǵamnıń «xojalıǵımızdı digirmanxana baǵıp otır» degen sózleriniń shın mánisin apam awırıp, tósek tartıp jatqannan keyin uǵına basladıq bizler.

— Balam, sağan aytar pándiw-násiyatım, «kerek tastıń awırı bolmaydı» degen ata-babalarımızda gáp bar, usı digirmandı awır, dep heshkim almay, aqır bazarda iyesi mağan jalınıp, «ne berseń de, beregenińe qayılman» dep ğashırğa júklep edi, mine endi kúnimizge jarap otır, — dep tağı da tastıyıqlap qoydı sózin sonda ağam.

Adamnıń táğdirinde qayğı qosaqlasıp júredi geyde. Anamız biymezgil kóz jumıp, kewlimiz qabarıp júrgen kúnlerimizde qasqır iyt jetelegen, shápkili birewler kelip, digirmanxanamızğa mór basıp ketti. Ákemniń janın terige qamap, eskiden qalğan «kulak»sań, dep atırğanın házir emeski esime keltire alaman.

Bunıń mánisi ne eken, sorastırsaq, nákás birewler: «Besinshi awılda Sultan degen adam úyine qaraz qurıp qoyıptı, sonlıqtan dúkannıń unı ótpey atır, bul burınğı awqam sawdasına tikkeley qastıyanlıq» dep joqarığa arza jazıptı.

— Írjanaydıń unınıń ótpey atırğanın bizden kóripti-dá! — dedi sonda ağam.

Biziń digirmanxana jabılıwdan Besinshi awıldıń ishi toz-toz boldı. Bul awıl xalqınıń qara nandı jaqtırmağanınan emes, al onı satıp alıwğa pulı bolmağanlığınan edi, shınında.

Sóytip júrgende dúkánğa tekseriw keldi hám zatı kemis shığıp, onıń ústine xalıqtıń haqın jegeni ushın ayıplanıp, satıwshı sotlanıp ketti. Biziń ağamnıń ústinen arza jazıwdı shólkemlestirip júrgen de sol eken.

Jalaxor jazasın tarttı, biraq ol qurı ketken joq, ózi zorğa kún kórip otırğan xojalıqlardıń ábden dińkesin qurtıp, biziń ağamdı da keselbent etip ketti.

Kóp uzamay ağam qaytıs boldı. Ata-anadan erte jetim qalğan bizler gá ákemizdiń tuwğan-túwısqanlarınıń qolında, gá dayı jurtımızda, ózge esiktiń otı menen kirip, kúli menen shığıp, xızmet etip, kún kórip júrdik.

Soń ájapamlar turmıs qurdı. Ákemnen qalğan, meniń húrmetime alınğan aq otaw-altı qanatlı qara úy de, azı-kem pulğa satıldı, dúnya-múlikti talas-tartıs qılıp, ağayinler, jezdeyler bólisti...

Biraq digirman qay jerde qaldı? Birew alğan shığar? Eski qonıstağı jaydı buzıp, ağashların da iygiligine jaratqan ğoy, bizge tuwısqanbız, degen adamlar!

Joqarı mağlıwmat alaman, dep oqıwdıń keynine túsip júrip, meniń onnan xabarım bolmadı. Jaqında jolım túsip, sol Moynaqtağı —

kindik qanım tamǵan topıraq — Besinshi awılǵa barıp qaldım. Ol jerden biziń ágayın-tuwısqanlardıń kóbisi kóship ketip, ata mákanda Aytgúl ájapamnıń Qayırbay, Nawrızbiyke, Jumabiyke atlı qızları hám ákem Sultannıń jalǵız qız apası — Arzıgúl kempirdiń aqlıǵı, aǵashtan túyme oyatuǵın sheber usta — Álmurat aǵa Bekpolat ulı qalǵan edi.

Biziń keliw húrmetimizge bir jan soyıldı. Bir kún, bir tún jatıp sóylestik Almurat usta ekewimiz. Bizlerdiń tawsılmaytuǵın gápimizge bólem — Ikmet ulı Sultamurat hayranlar qalıp otırdı.

Gápten gáp shıǵıp, házir kún-kóristiń qıyınlasıp baratırǵanlıǵı, ayırım adamlar esiginiń aldındaǵı kúrttaqanday qıytaq jerine de egin egip, sonnan alǵan dándi digirmannan ótkerip, un etip iship atırǵanlıǵı haqqında aytıldı. Sonda Álmurat aǵaǵa men, biziń úyde digirmannıń bolǵanlıǵın, onıń qayda qalǵanlıǵınan bizlerdiń biyxabar ekenligimizdi ayttım.

— Ol usı Moynaqtıń ishinde. Biraq Sultan dayımnan qalǵan, jalǵız balası — saǵan arnap alınǵan sol digirmannıń álle kimlerdiń qolında júrgeni oǵada ókinishli, sol digirman meniń kózime ottay basıladı da turadı, — dedi sonda Álmurat aǵa.

— Haw, dep tańlandım men. — Demek biziń aǵayinler dúnyaǵa talasıp-tarmasıp júrip, onı awır tas, dep taslap ketken eken-dá!? Biraq, «kerek tastıń hasla awırı joq» deytuǵın edi biziń aǵam.

— Awa, awa, ákeń bir dana adam edi ǵoy, — dep kózine jas aldı Álmurat aǵa sonda.

Meniń de júregim ábden eljirep ketti...

## ARZÍGÚL SHESHEMNIŃ SHÍPA EMI

Men ákemniń jalǵız ul balası, úydegilerdiń eń genjetayı bolǵanlıqtan ba, hámme meni erkeleter, aytqan gáplerim, islegen islerim durıs, yaki nadurıs bolsın, barlıǵın keshirer edi. Hámme betime túsip otırǵannan keyin men de, kún sayın bir óner shıǵaraman.

Bir kúni qar jawıp, átirap appaq túrge endi. Sol kúni shananı azanda jetelep ketken men, oyınnıń qızıǵına túsip, túste de úyge kelmedim. «Ash bolıp qaldıń ǵoy» dep ájapamlar keynimnen tandır shórekti ákelip, berip júr. Sonı jep, shóllesem, qardı uwıslap awzıma salıp, qullası, dúzde kúndi batırdım.

Keshte úydegilerdiń barlıǵı awqatqa otırǵanda, tamaǵım qımırshıtıp, jótellegim keldi deyseń, ústi-ústine «shókkishti» urdım. Apam menen

ağam, Aytgúl, Qayıl, Jańıl ájapamlardıń úshewin de, men ushın ğarğap-silep, baqırıp atır. Al men bolsam, demdi tereńnen alıp, kózimdi awdarıp taslap, ábden keselbentlikti kelistirip atırman.

— Há-á, ońbağan eshkibaslar túwe, úshewińiz júrip bir balağa qaramağanıńız ba, neni bağıp júrsiz ózi, sizler?! — dep apam ájapamlardı shımshıp-shımshıp aldı, onıń ashıwına shıdamağan olar sıńsıp jılasıp atır.

— Sen ğo, ákel úyge desem, ákelmegen, — dep endi olar bir-birewin gúnákar etiwge qaradı.

Men negedur, kishkentayımda oğırı xoshametgóy edim, adamlardıń tek te meniń betime úńilip, otırğanın qáley beremen. Usı rette de, pursattan paydalanbasam bolar ma edi, shalqortama jatıp aldım da, ıńqıldını ábden kúsheyttim.

Buğan úydiń ishindegilerdiń barlığı abden qorqısıp qaldı. Mańlayımdı uslap kórip, apam ábden hawlıqtı:

— Óyp-pey, ağası-aw, mına balanıń ıssılığı bolarlıq emes-ğoy, sheshemdi shaqırta-gór! — dew menen boldı ol.

Kóp uzamay Arzıgúl kempir úyge jetip keldi, ol meniń ákem Sultannıń jalğız qız apası edi. Bayağı ğarğıs ğarğıs pa, ol qızlarğa awzına kelgen sózin aytıp baqırdı, «jaza»dan apam da, ağam da bos qalmadı.

— Áwliyege at aytıp, Xorasanğa qoy aytıp, ul balanı qudadan tilep alğan ekenseń, júzińdi suwıqqa aldırıp, qısta muz ústinen Toqpaq atağa qatnap, betińdi qabartqanıńnan ne payda boldı endi, onı usláytip te qarawsız qaldırıwğa bola ma?! — dep kiylikti ol dáslep apama, soń ağama.

— Hesh gáp bolmas, ájapa, bala degen tońar bolar, ıssı-suwıqtı bilmese, ol qalay adam boladı?— dedi bir waqıtta ağam.

— Hey, otır sen bala (biziń ağam ájapası ushın ele bala edi), qızlar degen ketesi, olar kisiniń úyiniń qazanın qaynatadı, sol yadıńda bolsın, jaqsa — usı bala, basıńa shıraq jağatuğın seniń! — dedi Arzıgúl sheshem.

Bul gáplerden keyin qızlar tıshqan tesigi mıń teńge bolıp, basqa bólmelerge qashıp ketti.

— Hey, Náziyra, tabanı qızdırıp ákel, «tabaushıq» etpesek, bul balanıń kele bolıwı qıyın, aldın almasaq bolmaydı, suwıqtan ábden sileygen, awırıwı ótlesip ketedi, — dedi ol biziń apama.

— Boladı, boladı,— dep apam asxanağa juwırıp ketti.

Men endi bolar-bolmas nársege úydiń ishin astan-kesten etip, páteńge keltirgenime ókine basladım. Ásirese, qaraptan-qarap

ájapamlardıń baqırıs esitkenin aytsesh. Azanda olardan keshirim sorayman, dep jatırman men.

Sonıń arasında apam tabanı qızdırıp ákeldi. Arzıgúl kempir endi meni qıynaydı. Istiń aqıbeti usıǵan shógedi, dep oylap pa edim sirá?!

— Qáne, shaqır ana eshkibaslardı, ózlerińizdin de kózińiz tiygen bolıwı itimal, usı balaǵa, qáne jelkesine túkiriń, «biziń Áleke aqıllı» dep qaqıldap, sizler awırtqan usını, aqıllı bolsa, azannan keshke shekem qar basıp júrer me edi?! — dep Arzıgúl sheshem kóylegimniń jaǵasın túrip, aǵama da, apama da, ájapamlarǵa da, jelkeme túkirtti meniń.

Qanalaspısań degen, ózlerin gúnakar bilip, ájapamlar sıńsıp, qıynalıp júr. Kim aytadı so, «qız bala, kisi balası» dep, ne bolǵanda da, qanshama mehriban, tuwısqanshıl olar!

Otqa qızdırılǵan taba keliwden Arzıgúl kempir aldı betinen meniń kóylegimdi kóterdi de, ózimdi tabanıń ústine iyildirdi hám maǵan túsiniksiz qanday da bir gáplerdi aytıp, tabaǵa suw serpti, meniń túsingen sózim tek «shıpa bolǵaysań» degeni.

Tabadan appaq ıssı puw kóterildi, omń háwirine shıdamay bay-baydı salıp atırman men, ózime de sol kerek edi, tınıshıma júrgenimde bul bále joq ǵoy, maǵan. Lekin juwıq arada Arzıgúl sheshem tabanı alar emes. Ishim bir qıylı kúydi, «haqqıńnan» dep atırǵan shıǵar ájapamlar, bolmasa, hámmeni betime qarataman, ózimdi jaqsı kórsetemen, dep ıraslı-ótirikli shirene beriwdiń ne keregi bar edi maǵan?!

— Way-way, qarınım kúydi, part boldı! — degennen keyin barıp, taba meniń bawırımnıń tusınan alındı.

Sonnan keyin Arzıgúl sheshem meni qalıń kórpeshege oradı da, peshtiń quwısına jatqızdı.

— Áwele quday, attay bolıp, shapqılap ketedi! — dedi ol.

Írastan da azanda heshteńe kórmegendey bolıp, ormmnan ushıp turdım men. Sol-sol eken, sál-pál nársege «awırdım», dep jatpaytuǵın, qaytıp ótirik sóylemeytuǵın boldım men.

## QARA QUS

Bizler onda Moynaqtıń Tikózek awıl keńesine qaraslı Besinshi awıl degen jerde turatuǵın edik. Ákem sol átirapta «kimseń — Sultan» degen belgili adam bolsa da, ul balası shetney berip, júdá qapa bolıp júredi eken.

Quday taaladan ul perzent tilegen ol, táńriniń isine qayıl bolıp, tuwılǵan qızlardıń úshewiniń atın — «Qayıl», dep qoyǵan, solardan

júrim berip, birewi ǵana tiri qalǵan, sonda ul perzent bermegen Alla taalaǵa: «isińnen jańıl» dep, mennen burın tuwılǵan qızdıń atın, — «Jańıl» dep ataǵan. Kóz aldında júrgen Aytgúl, Qayıl, Jańıl ismli qızlardan keyin, ákem alpıs jasqa kelgeninde tuwılǵan maǵan «Alpısbay» dep at bergen.

Men sál awırsam, úy ishindegiler qorqınıshtan kózleri tas tóbesine shıǵıp, meni qoyarǵa jer tappaydı eken. Ákemniń Arzıgúl atlı qız apası inisine bir kúni:

— Sultan inim, ulıń seniń jalǵız, onıń ústine kóz tiyip awıra beredi, sonlıqtan onıń ómiri uzaq bolsın deseń, basınan qara qus aylandırmasań bolmaydı! — depti.

Búgingi kúndegidey ele esimde, átiraptı tolıq qarańǵılıq qaplaǵan waqıtta bizler úyden shıqtıq. Eń aldında aǵam, onıń keyninde qońsımız Qarlıbay aǵa, izinde Arzıgúl sheshem, olardan keyin meni arqalaǵan apam hám qıyametlik qońsımız — Záriw apa.

— Náziyra, balań tońıp qalmasın, ústine japqanday kishkene bir kórpeshe alıwdı umıtpadıń ba? — dedi aǵam.

— Umıtpadım, aldım aǵası, — dep eljirep sóylep atır apam.

Sonıń arasında onıń kózi Záriw apamnıń jalǵayına asılıp júrgen qızı — Keńesgúldi kórip qaldı.

— Haw, bul kim?! — dedi ol dawısın kóterip.

— Kim bolatuǵın edi, Keńesgúl ǵoy. Kúni menen balań menen birge oynap júrip edi, náreste ne bilsin, hámme shubırısıp shıqqanǵa, ol da ere bergen ǵoy.

— Pay, inim-áy, seniń so nashar dese, jiniń atlanadı turadı, — dep oǵan táselle bermekshi boldı Arzıgúl sheshem.

— Endi ne dep ediń?! Bul bir kiyeli is, nashar aralastıratuǵın nárse emes! — dep taǵı áwelgi gápin tastıyıqlap qoydı aǵam.

Bunnan keyin inisine ashıwlanǵan Arzıgúl sheshem, Záriw apam menen onıń qızı — Keńesgúldi ertip, keynine qaytıp ketti. Nashar áwládınan meni arqalap kiyatırǵan tek te apam qaldı.

Bizler suwı qurǵap qalǵan say ultanına keldik. Ol jerde ot janıp turǵan edi. Jaqtıda iri deneli bir kisi kórindi. Ol usı átirapta Áshirbek dep atı keshken táwip — biziń aǵamnıń jorası edi.

Endi aǵam apamnıń arqasınan meni qolına aldı. «Ottan aylandırıń!» dedi táwip atam. Aǵam meni janıp turǵan ot ústinen úsh mártebe

aylandırdı. Soń Áshirbek táwip bizlerdiń qasımızǵa jaqınıraq keldi. Onıń qolındaǵı zatın kórip men qorqıp kettim! Ol nám-naǵan, tiri, keń qanatlı, giddiman qara qus edi! Kózleri otqa jıltırap, iymek tumsıǵın ǵá ashıp, ǵá jumıp, ol qanatların jayıp qoydı. Táwip endi bir nárselerdi gúbirlenip sóylep, qara qustıń tumsıq qabın basına kiydirdi de, meniń basımnan onı aylandıra basladı.

Bizler taǵı ottı aylanıp júrdik. Tumsıq qabı jazdırılıp ketip, qara qus meni shoqıp alar, dep qáwipsingen men, endi tas qılıp kózimdi jumıp aldım. Keyin aǵam meni apamnıń arqasına saldı da, kishkene kórpesheni ústime japtı.

Úyge kelip te, men jumǵan kózimdi ashpadım. Qorıqqamımnan apamdı bawırlap, qasımnan kóp waqıtqa shekem jibermey, onıń qoynında uyqılap qalıppan...

Mine onnan berli de neshshe jıllar dizbegi ótti. Quday taala jas berip, alpıs jıldıń asqarınan atladım. Jigit bolıp turǵan, ırım etip, Jambıldıń jasın bersin, dep ataǵan ul balası da, ólip ketkennen keyin, kórgen ákemniń jalǵız ul perzenti — men, allaǵa mıń qátle shúkir, tirimen.

Lekin buǵan ne sebepshi? Gewgim túsken sol bir keshte basımnan aylandırǵan qara qus pa? Yaki insanıylıq pazıletlerim ushın adamlardan alǵan «ómir jasıń uzaq bolsın, balam» degen alǵıslarım ba?!

Bilmedim...

## SERPPE YAMASA ÁKEM OYLAP TAPQAN ÚSKENE

Meniń ákemdi Besinshi awılda hámme «Sultan mákkeshi» deytuǵın edi. Negedur awıl adamları kólden malları ushın pishen orıp, qırılıp-joyılıp atırǵanda biziń aǵam onday islerge hasla qol urmaydı. Onıń sebebi, ol erte báhárden baslap mákke egedi. Ekkende de, áweli dándi suwǵa salıp bórttirip, soń jerdi qarıqlap, hárbir dán ushın uya tesip, oǵan tuqım mákkeni taslap shıǵadı.

— Óziń dım erinbeytuǵın adam ekenseń, shashqanda ne qıladı ol dándi? — deydi aǵamnıń qarıqların kórip, qońsımız Qarlıbay aǵa.

— Áy, sen balıq penen kúneltken neme, bunıń parqın bilemiseń, mákkeni óytip ekseń, ol tıǵız bolıp shıǵıp, pashalamaydı, dán bermeydi, ǵawıshtıń dál ózi boladı da qaladı, onıń ústine suw áspek, qarıq arqalı eplep nárlendirmeseń, olarǵa suwdı qaydan jetkizeseń? — deydi aǵam.

Mağrupa ismli qızın, «seniń balańa beremen, sóytip bizler qıyametlik qońsı ústine, qıyametlik quda bolamız» dep niyet etip júrgen Qarlıbay ağa bul sózlerge ádewir irenjip qaladı. Sonda onıń zayıbı Záriw apa ğarrısınıń «háwkesin qasıp», «qoy, bunday puqta adam jer júzinde joq shığar, qońsı bolğanıńa quwan» dep biziń ağamnıń abıroyın aspanğa kóteredi.

Úydegilerdiń barlığı egis penen bánt bolğanlıqtan, jay ishinde jata beriwge zerigip, súnnet etilgen men ústimdegi Jańıl ájapamnıń kóylegin súyretip, esik aldına shığaman. Sonda qońsımızdıń qızı Mağrupa: «ájapasınıń kóylegin kiyip júr, a-ya-yay, qızteke» dep meni mazaqlaydı. Al men bolsam, oğan dákki bereyin, dep keyninen quwıp, uzın kóylekke shubatılıp, jığılaman da, jaraqatımnan awırsınıp, shırlap qalaman.

— Hey, eshkibas, bar úyińe! — dep islep atırğan jumısın qoyıp, qolın siltep baqıradı apam sonda Mağrupağa.

— Qoy, keyime, Náziyra, qalıńlığı ğoy, oynawğa haqısı bar, — deydi tağı biziń ağam házillesip.

Mákke hám basqa daqıllardı egip bohwdan, úydegiler tağı da olardı suwğaramız dep, táshwishke túsedi. Salmalardıń ultanınan sızatlanıp aqqan suw atızlarğa jaramaydı. Sonda biziń ağam «serppe» degen quraldı oylap tabadı. Ol shelekti basına ildirip, tamnıń tóbesine ılay shığaratuğın úskenege usaydı, lekin onıń basında shelektiń ornına qádimgi-kemelerdegi suw tókkishke megzes zat boladı.

Ağam jerdi kishigirim háwizdey etip qazıp, oğan suwdı jıynap, tókkishke megzes úskeneniń ekinshi tárepine baylanğan jipti tartıp, suwdı joqarıdağı qarıqlarğa quyıp, jetkizedi. Mine sonlıqtan da, suwdıń áspek bolıwına qaramastan biziń úyde jerden ónetuğın daqıllardıń bári ósip, ırğalıp turadı.

Balıqshılıqtan kóre diyqanshılıqqa oğada beyim biziń ağam bul jaqqa — teńiz boyındağı Besinshi awılğa qalay kelip qalğan sonda?

Men ağamnan qansha sorasam da, ol bunı aytpaydı. Tek te, bul sırlı waqıyanıń ushhq-pushlığın ákemniń qız apası — Arzıgúl sheshem bir saparı aytıp berip edi mağan.

Ilgeride kolxoz degenler házirgi xojalıqlarday iri emes, júdá mayda bolğan. Bir kolxozdıń quramı on-onbes úyden-aq turadı eken. Biziń ağam sol Ketenler qalasına jaqın — «Jalańayaq awıldıń» («Ashamaylı» ruwınıń bir tiresi) xalqınan quralğan kolxozdıń baslığı eken sonda. Házirgidey texnika joq, ógiz benen jer súrip, paxta egedi eken.

Qırta-qırt egistiń payıtı eken, biziń aǵamnıń bir inisi tosattan awırıp, qaytıs bolıp qalıptı. Sonda onı pútkil awıl bolıp, úsh kún azalaptı. Xabar jetkennen keyin namazǵa uzaqtaǵı aǵayinler de kelipti. Sóytip, marhumdı shıǵarǵannan keyin jetisin berip, kúni erteń japa-tarmaqay egiske kirisemiz, dep atırǵanda, qolında qamshısın oynatıp, Qońırattan atlı wákil kelipti.

— Egis nege toqtap qalǵan?! — dep hákireńlepti ol attan túspesten.

— Ishkerile, inim, tuwısqanımız tosattan qaytıs bolıp, qıyın jaǵday júz berip qaldı. Mine, jetisin berip atırmız, quda qálese, kúni erteń hámmemiz atızǵa shıǵamız, — depti meniń ákem.

— Erteń-perteńińdi bilmeymen, egisti bir saat ta irkiwge bolmaydı, hámmeńiz házir atızǵa shıǵıń! — depti wákil.

— Bir kúnniń ne ári-berisi bar, erteń hámmemiz atızda bolamız, qáne sen de, attan tús, awqat pisip tur, awız tiyip ket, — degen eken ákem.

Wákil ábden ójetlenip, qaynap turǵan shúlen qara qazannıń qulaǵın qamshısına ildirip, astında janıp turǵan otqa awdarıp jiberipti.

— Ne qılǵan kórgensiz adamsań ózi?! — depti sonda aǵam kúlge tógilip qalǵan, bir qazan astı ne qıların bilmey.

— Meni kórgensiz deytuǵın sen be?! Má saǵan, ma saǵan! — dep wákil at ústinde turıp, aǵama qaray qamshısın siltep, onıń jawırınına tartıp-tartıp jiberipti.

Biziń aǵam da ǵaybar jigit eken, «sen be bizge qamshı jumsaytuǵın» dep onı attan awdarıp urıp, ıras tepkige alıptı. Sonda adamlar «óltirip qoyar» dep wákildi zorǵa degende arashalap úlgergen eken. Sol ketisten ol wákil biraz kúnge shekm awılda qarasın kórsetpepti.

Aradan anıq tórt kún ótkennen keyin aǵamnıń jorası Sultamurat úyge qáweterli xabar tawıp kelipti.

— Áy, Sultan, — depti ol sonda, seniń mańlayıń qurıp qaldı, tez qashpasań bolmaydı, anaw kúngi wákil arqa betten, keynine mıltıq asınǵan eki NKVD xızmetkerin ertip kiyatır, kúnshıǵıs betten aylan da zıt...

Ol aǵama astındaǵı júyrik atın beripti. Sol ketisten biziń aǵam Qońırattıń ústinen shıǵıp, «Aqbaslı»dan at penen júzip ótip, Aral boylarına taman — Tikózekke kelip, mákan basqan eken. Ketenler qalası tárepte — «Jalańayaq awılda» qalǵan biziń apam, ájapamlardı ertip, bir jıldan soń usı jerge kelip, ákemdi tawıp alǵan, deydi.

Mine sonnan berli, ádepten diyqan biziń aǵam balıqshılıqqa anda-sanda aralasıp, kóbinese kolxozdıń egisine basshılıq etip, qawın-qámek, baw-baqsha egip, eldi támiyinlep kiyatırǵan qusaydı...

## QAWÍN QOSTAǴÍ QÍSÍNÍSPA

Awılımızǵa báhár hár qashanǵıdan erte keldi. Lekin soǵan qaramastan atızlarda egis mapazı baslana qoymadı. Sebebi dárya suwı jap-salmalarǵa waqtında jetpey, kanallardıń ultanı kewip, qaq-qaq ayrılıp atırǵan edi.

Suwdıń tańsıqlıǵına bárinen de beter biziń aǵam qattı qıynaldı. Óytkeni máwsimine ılayıq diyqanshılıq etpese, onıń kewli keshimeytuǵın edi. Sonlıqtan háwizdı tereńletip, onıń ultanınan qudıq qazdı da, úyrenshikli serppesin qurıp, oq qarıqlar arqalı atızǵa suw shıǵarıp, shanaqlap, dáslep jambılsha, soń tuqımı úyimizde saqlawlı turǵan túrli daqıllardı ekti.

Jaqtılıq, suw bar jerde ómir bar, qarıqtan barǵan azǵantay suwdan nár alıp, shanaqlarda kógerip shıqqan qawın nálleri ıssılıqtı ózine tartıp, demde taqıya pálek bolıp, gúl shıǵara basladı. Buǵan suw jetkere alsaq bolar edi, dep qıynalıp júrgende qudanıń qúdireti menen az-kem jawın silpilep, lámgershilik, shóllep atırǵan páleklerdi ıǵallap ótti. Sonıń nátiyjesinde náller tolıq túynekke otırdı.

Aǵam bum korip quwanıp, «ótken jılǵıday bolıq bolmaǵanı menen, sizler bir toyıp jegendey qawın jetisip shıǵar» dep úmit etip júrdi. Hámmeniń úyinde bolmaǵanlıqtan ba, barlıq balalar biziń atızǵa kóz tiger edi.

— Qıyar alıp kelse, — dep jalınadı olar maǵan.

— Bizler qıyar ekpedik, biziń aǵam onı «dámi joq» dep mise tutpaydı, tek te atızımızda jambılsha menen qawınnıń túrleri kógerip atır, — dep maqtanıp qoyaman men.

Biraq sol maqtanshaqlıq degen payda bermeydi ǵoy, adamǵa. Bir kúni keshte mallardı qoraǵa qamap, peshexana qurayın dep ǵamlanıp atır edim, úyimizdiń qublasındaǵı «Dáwlen terek» betten balalardıń ısqırıǵı esitildi.

Ádettegishe, «joralarım meni jasırınbaq oynawǵa shaqırıp atır» dep pámledim men. Sóytip halıqlap jetip barsam, olar juǵırlasıp, dóńgelenip otır, ortasında úsh-tórt qawın jatır.

— Haw, — dep tańlandım men, — bular qayaqtan payda boldı?

Orazbaydıń ağası Qońırattan ákelgen, «balalar jańalıq etsin» dep berip jiberipti, — dedi Jiyenbek.

— Boptı, jeymiz. Pıshaq bar ma?

— Bar! Sen kes, sondayğa dım sheberseń ğoy!

Men qolıma pıshaqtı aldım da, tórt qawındı izli-izinen tiliklep, kesip tasladım.

— Ózıń basla, — dedi Orazbay.

Men bir tilikti aldım.

— Mazalı emes, ele kók, pispegen ğoy!

— Onda mınam kór!

— Sizler nege jemeysiz?

— Sen ruqsat etseń jeymiz!

Men gúmanlana basladım.

— Demek, bul qawınlar Qońırattan ákelinbegen eken-dá?! Bular biziń atızdıń qawını, solay ma?

— Awa, — dedi Jiyenbek.

— Urlıqshılar! Sonda nege birden aytpadıńlar?!

— Óytkende sen bul qawınlardı kespeytuğın ediń, — dedi Orazbay.

— Yaqshı, bolar is boldı, meni bapladıńız, endi jey berińler!

Zorğa shıdap turğan balalar dárhal qawın tiliklerine tаslandı.

— Ağań baqırmas pa eken?

Orazbay awzındağısın juta almay sóylenip atır.

— Baqıradı, qawın jegenińiz ushın emes, urlıq etkenińiz ushın baqıradı!

— Óziń de jediń ğoy!

— Awa, jedim! Búgin qawın urladıńız, erteń júzim urlań, sóytip Qarlıbay ağanıń balası — Muratbekti shaqırıń, onıń júzimleri pisip, shamalasqan shığar.

— Onı sen bileseń, qazan qosısıp otırğan.

Jiyenbek gápti basqa jaqqa burıp, astarlı gápi menen meni ermeklemekshi bolıp kiyatır. Mağan atastırılğan — Mağrupanı aytpaqshı. Men ashıwlamp, ormmnan ushıp turdım da, úyge qaray juwırıp kettim.

Azanda uyqıdan tursam, ağam ertelep qawın atızdı aralap júrgen eken. Endi tergew isleri baslanadı, dep ishim «ğımm» etti.

Shınında da, solay boldı. Túski payıt shamalasqanda ağam meni qasına shaqırıp aldı da, «joralarıńdı qawın qosqa mirát et, jambılshalardıń aldı pisipti, bir toyıp jesin» dedi.

Joralarımdı izlep juwırıp kettim. Jámáát demde-aq jám boldı. Tek te bizlerden kóre sumlıǵı basım Jiyenbek, «aǵań keshegi qılmıs qılǵanımız ushın qulaǵımızdı tawlamay ma» dep sál-pál gúmanlanıp turdı.

Men balalardı qawın qosqa ertip keldim, birli-yarım qızlardı da shaqırıp edim, ol «shaytanlar» mirátime kele qoymadı. Túski payıtta kún ǵıjlap tursa da, bálent jerge dúzetilgenlikten be, qawın qostıń astı salqın hám payızlı edi.

Aǵam bizlerge atızdan ákelip qoyǵan jambılshaların tilip bere basladı. Onnan keyin qawınlardan da dám tattıq, olar biri-birinen mazalı edi.

— Keshegi jegen qawınlarıńızdıń dámi qalay eken? — dedi bir waqıtta aǵam.

Balalardıń únine suw quyılıp qaldı. Uyalǵanlıǵı sonshelli, «tıshqan tesigi mıń teńge» boldı. Sonda tınıshlıqtı men buzdım.

— Olar pispegen eken, — dedim men. — Pıshaqtı alıp, ótinishi boyınsha men tiliklep edim.

— Qawınnıń pisken-pisbegenin biliw ushın olardı qarańǵıda emes, kúndiz úziw kerek-dá!

Aǵamnıń gápi jeti júyremizden ótip ketti. Óytip sóz benen bizlerdi túyregenshe, qulaǵımızdı qıp-qızıl etip, tawlaǵanı jaqsı edi, dep otırman men.

— Qáne, ayaǵıńızdı kóreyin, jazı menen jalań ayaq júrgenlikten birqansha ósken shıǵar? — dedi aǵam hám sızǵıshqa megzes qamıs sınıqları menen bizlerdiń ayaqlarımızdı ólshey basladı. — Mınaw seniń ayaǵıńa teń, al mınaw senikine, al senikine teń keletuǵın ólshem shıqpadı ǵoy, balam, tún ishinde pálek basqılaǵanlardıń ishinde sen joq pa ediń? — dep maǵan tiklendi aǵam.

— Joq edim, lekin ol qawınlardan birinshi bolıp men awız tiydim, awılımızdıń balaları qawındı júdá saǵınıp qalǵan eken, sonda da, «Qońırattan Orazbaydıń ákesi ákelipti» dep dáslep maǵan jarǵızıp jegizdi, soń ózleri de awız tiydi, — dedim men.

— Áne, bul aqıllılıq, insan ırısqı-nesiybesi menen bólisip te biliwi kerek, nápsi degendi tıya almasań, ol adamdı nelerge duwshaker etpeydi, — dedi aǵam. — Lekin awqattı pisirip jegen sıyaqlı, miywe-palız eginlerin de kókley jewge bolmaydı! — dep taǵı nıqlap qoydı ol.

Sol-sol eken, qawın qostağı sol qısınıspadan keyin, biziń awıldıń balaları urlıq etpeytuğın boldı. Shınında da, iyesiniń ırzashılığın alıp jegen asqa ne jetsin!

## PUQTALÍQ YAMASA HÁKTEN JONÍLĞAN MÁYEK

Biziń úyde mal, janlıq ta, tawıq ta oğada kóp edi. Mallarğa ağam mákkeniń shińgirigin balta menen maydalap, shawıp beretuğın edi, al dáni sıtılğan mákkeniń ağashın tezek pıqsıtıp otırğannan abzal kórip, áteshtanğa jağıp, átirapına bizlerdi jıynap, apam menen maza qılıp otırar edi.

Bir qızıq jeri, biziń úydiń kóp jasap ketken ata qorazları da, máyek tuwatuğın edi. Al tawıqlardıń máyek tuwıp atırğanın ağam olardıń dawısınan, úyde otırıp-aq biledi.

— Balam, máyeklerdi jıynap kel, kún suwıq, ákelmeseń, sol jerde jatıp jarılıp qaladı, — deydi ol.

Men juwırıp ketemen de, tawıq qoradağı máyeklerdi etegime salıp, jetip kelemen.

— Oy, sada gene nárestem-aw, hák tastı da, alıp kelipseń ğoy! — deydi mağan ol.

— Ağa, sen keshe mağan, ata qorazlar da tuwadı, dep ediń, bul awır máyekler solardiki emes pe?! — deymen men.

— Yaq, qorazlardıń ózi úlken bolğanı menen máyekleri kishkentay boladı. Bul hák tastan jonılğan máyekler. Bunı men tawıqlar jıynaqlı etip, bir jerge tuwsın hám de tuwğan máyekleri suwıqta jarılıp, zaya bolmasın, dep soğıp qoyıppan. Tawıqlardıń bir ádeti — máyek qoysań, tek sonıń ústine kelip ğana tuwadı. Al hák tastan jonılğan máyekler qısta qanday qaqaman suwıq bolsa da, jarılmaydı, jazda ıssıda haqıyqıy máyeklerdey bolıp, buzılıp ketpeydi! deydi sonda ağam.

— Demek, ağa, sen tawıqlardı aldaydı ekenseń ğoy?! — deymen men balağa tán sadalıq penen.

— Yaq, bul puqtalıq degen, ol awzına túsip turğan asıńdı berip qoyıp, aldańgannan nádewir abzal nárse! — deydi ol.

— He-e,-deymen men sonda hám ağama: «men de sağan usap, puqta bala bolaman» dep wáde beremen.

Ağam buğan más bolıp, kewilli kúlip, quwanıp qaladı.

## JİLLAR ÓTKEN SOŃ

*(Sońgı sóz ornına)*

Mine onnan berli de neshshe jıllar dizbegi ótti. Biraq men wádeme say, ákemdey puqta bola almasam kerek. Shım-shırqaday bala-shağam menen úshekte-húkimet jayınıń tórtinshi qabatında turaman. Úyimde hadaldan-tawıgım, haramnan pıshıgım, yaki kúshigim joq. Ómirim boyı tapqan-tergenlerim, maqtanıshım — jıynağan kitaplarım, jazğan shığarmalarım ğana.

Jigit bolıp, murnıma batpan samal engeninde, qońsımız Qarlıbay ağanıń qızı — Mağrupağa da úylene almadım. Záriw apa: «qızımdı Náziyranıń jalğız balasına beremen» dep jelbiregeni menen bizdi duznesip qospadı. Áke-shesheden erterek ayrılğan men, internatta oqıp, soń institutti pitkerip, qalalı bolıp kettim. Mağrupa da mennen eki jıl keyin Nókiske kelip, medicina uchilichesine oqıwğa túsken edi. Onı pitkerip, ol ózi menen birge isleytuğın vrach jigitke turmısqa shıqtı, al jurnalistlik, jazıwshılıq joldı tańlağan men muğállim qızğa úylendim.

Ákem pútkil bir eldi awzına qaratqan dilwar, kátquda adam bolğan eken. Bálkim, men onday bola almağan shığarman. «Perzent atadan batpan kem tuwıladı» deydi ğoy. Sol gáp, ıras shığar?!...

*Moynaq — Nókis.*
*1995 — 1998-jıllar.*

## JAW SHİMSHİQ

*(Ákem aytqan ańız)*

Áyyemgi zamanlarda, Jayhun-Sayhun tamanlarda, dáryanıń Aral teńizine quyatuğın jerinde, bağları miywege malınğan, eginleri ogırı pitik bir el bolıptı. Ol jurtta turıwshı hámme adam teńdey atızğa shığıp, miynet etedi eken. Sonlıqtan da ol jerde jatıp isher adam bolmaptı.

Qońsı eldiń patshası bunı mudamı qızğanıp, qoldan kelse, basın alğısı keler eken. Olardıń tağı bir ayrıqshalığı, elge hújim jasamastan burın, dáslep shımshıqların barlawğa jiberedi eken. Onı bilmegen adamlar, bul ápiwayı «ózimizdiń awıldıń qusları ğoy» dep seziklenbesten júre beredi eken. Ol shımshıqlar sonıńday górqaw bolıp, barlıq dáńdi jep ketedi eken. Soń ğállesiz qalğan, ash eldi dushpan áskerleri ap-ańsat jawlap aladı eken.

Bul saparı da qońsı eldiń patshası burıńģısınsha hiyle etip, eldi jawlap almaqshı bolıptı. Solay etip, atızda dán pisken bir payıtta shımshıqların jiberipti.

El ústine dóńgen qáwipti sezgen ádil patsha xalqı menen atızlarda kún demey, tún demey jumıs islep, dánniń tiykarģı bólegin jıynap alıptı hám uralarģa salıp, kómip taslaptı. Atızlarda tek birli-yarım masaqlar ģana qalģan eken. Jaw eliniń shımshıqları kelip, onı ģabur-ģubır jewge kirisipti, lekin báribir toyıp jarımaptı.

Sonda eldiń ádil patshası xalqın jıynap, ģálleni únemlep ishiwge shaqırıptı hám kelesi jılı dánli eginlerdi ekpeytuģının aytıptı.

Toyıp dán jewge dámikken shımshıqlar sol jılı ketpey, qıslap qalıp, jerge shashılģan tuqım dánnen nárlenbekshi bolıp, kelesi jıldıń báhárin kútipti.

Biraq sol jılı aqıllı, ádil patsha dánli eginlerdi ekpepti. Onıń ornına kartoshka, geshir, piyaz, shalģam tuqımların jerge sewipti. Nátiyjede jewge jer ústinen heshteńe taba almaģan jaw shımshıqlar óz eline ushıp barıp, tuqım dándi jep qoyıptı, ashtan eline jetiwge halı kelmegenleri qırılıp qalıptı.

Qońsı eldiń patshasınıń sumlıģı óziniń basına jetipti, sóytip olar heshkimge de hújim jasay almaptı.

Al endi jaw shımshıqlardıń eplep dán, jıllı mákan tapqan birli-yarımları elege shekem awıllarda bar deydi. Házir de atızlarģa topar menen ushıp kelip, górqawlıq penen dán jep júrgenleri olardıń qalģanları qusaydı.

*2010-jıl*

## SUW QABAQ

*(Ákem aytqan ańız)*

Biziń aģam awılımızda heshkimge usamaytuģın, hayran qalarlıq bir adam. Bir mártebe ol sharbaqtı jiyekletip, gilkiy suw qabaq egipti. Gúzde átirap bir teńkeyisken qabaq boldı ma deyseń, hámme bunı ersi kórip júrdi. Sonda shuģıl gápke shıdamaģan men ákeme «kerek emes bul egindi nege ektiń, aģa, dep» mazasın ala berippen.

Aqır sońında aģam meni qasına shaqırıp aldı da, men jalģız bala bolģanlıqtan ádettegidey erkeletti de:

— Balam, yadıńda bolsın, tábiyatta kerek emes egin bolmaydı, barlıq nársenıń de zárúrli ornı bar, — dep maǵan usı ájayıp ańızdı aytıp berdi.

***

... Ertede bir jarlı jigit kóp sanlı bala-shaǵasın baǵıw ushın el aralap, kúnlikshilik etedi eken. Biraq qansha tabıs tawıp kelse de, ol xojalıǵınıń qıs azıǵına zorǵa jetip, kelesi jılı jigit taǵı da kúnlikshilik etiwge májbúr boladı eken.

Kúnlerden bir kún ol úsh júz alpıs áwliye tárepke talap izlep kelip, bir musılmanshılıǵı basım, saqıy hám adamgershilikli, dana insannıń esigine tap bolıptı. Dana adam onıń úsh mezgil awqatın berip, waqtı menen dem aldırtıp, jaqsı kútip jumsaptı. Gúzde qırman jıynalǵannan keyin kúnlikshi jigit miynet haqısın alıp, eline ketpekshi bolıptı.

— Al, kewlińde ne múddáháń bar, hadal xızmet ettiń, miynet haqıń ushın ne bereyin saǵan? — depti dana adam.

— Astıma bir árebi at ber, ústime duǵat shapan jap, elime úlken mártebe, abıray menen barayın, sizge de ırza bolayın! — depti jigit.

— Boladı, boladı! Biraq natuwrı is etip atırıpsań, balam, tek ózińniń mápińdi gózlediń, bala-shaǵańdı oylamadıń, bunnan jalshımaysań! — depti dana kisi.

Jigit sonda da pikirinen qaytpaptı hám óz bildigine barıp, árebi atqa minip, duǵat shapandı jamılıp, kewlin jámlep, más bolıp, eline qaytıptı.

Xalıq ash-áptada bolıp shojıp júrgen, jollarda urı menen qaraqshılar kóbeyip ketken zaman eken onda. Urı sayda jigit qaraqshılarǵa tap bolıp, duǵat shapanınan ayrılıp, tek te attıń júyrikligine bola, urılardan qashıp, zorǵa qutılıptı. Úyine kelse, bala-shaǵası ash, hayalı isip-kewip, tek shıqpaǵan janı bar, iyek atıp, zorǵa jatırǵan eken. Atın bazarǵa aparıp satıp, azıq-awqat alıwǵa da pursatı bolmay, dárhal bawızlap, bala-shaǵasına jegizipti, sóytip xojalıǵınıń tirishiligin saqlap qalıptı.

Keyin jayawdan-jayaw júrip, bayaǵı jaqsılıq islegen, dana adamnıń aldına kelip, ahıw-zarın aytıp zar-zar jılaptı ol.

— Áne, ayttım ǵoy saǵan, — depti sonda dana adam. — Astıńa árebi at minip, ústińe duǵat shapan kiyiwiń ushın barlıq jagdayıń soǵan say bolıp, kelisiwi kerek...

— Keshiriń meni, men endi siziń aytqanıńız benen júremen, kelesi jılı isleytuǵın kúnlikshilik xızmetimniń esabınan bir nárse berip jiberiń maǵan, bolmasa bala-shaǵam ashtan qırılıp óledi, — depti jigit.

— Boladı, biraq aytqan gáplerimdi yadıńda tut, sonda heshkimnen kem bolmaysań, — depti dana adam, sóytipti de, qısta ishkendey azıq awqatlıq dándi eshek arbaǵa júkletip, altaqtada otırǵan jigittiń qolına suw qabaqtı usınıptı.

— Bunıń maǵan ne keregi bar? — dep tańlanıptı sonda jigit.

— Júdá keregi bar, balam, suw qabaqtıń ishindegi dándi ekseń, kelesi jılı kúnlikshilik etip, maǵan kelmeytuǵın bolasań! — depti dana adam.

— Ol ne nárse, ata? — dep tańlanıptı sonda jigit.

Bunıń oǵırı sadalıǵın sezgen dana adam sonda óziniń bunday qurǵın turmısqa qalay eriskenliginiń sırın túsindirip beripti.

— Mına eshektiń eti haram bolǵanı menen xızmeti hadal, onı soyıp jey almaysań, kúshinen paydalana bereseń, al mına ıdıstıń ishinde jer tańlamay óse beretuǵın egin — suw qabaqtıń tuqımı bar. Báhárde ek te, zúráátin keptirip, jayıńa jıyna da qoyaber. Gúzde dárya, jap, salmalardıń suwı tartılıp, hámme awız suwǵa zar boladı. Adamlar qudıqtan suw tasıydı. Sonda suw qabaq xojalıqlarǵa hámme nárseden de beter zárúr boladı. Biraq sen onı pulǵa satpa, hárbir ıdıstı sol ıdısqa sıyǵanday dánge almastırıp bere ber, alǵan adamlar da sonda qıynalmaydı. Taǵı bir pándiw-násiyatım, dándi ilajı bolsa urada saqlama. Suw qabaqtıń ishinde saqla, sonda heshteńeni ısırap etpeyseń, dániń de shirimeydi, tıshqanǵa da jem bolmaydı, hasla shıǵınǵa ushıramaysań, — depti dana adam.

Dana adamnıń aqıl-násiyatın alǵan jigit tezirek úyine jetiwge asıǵıptı. Írasında da jolda eshekli kiyatırǵan bum urılar da, qaraqshılar da uslamaptı. Eline kelip, suw qabaqtı egip, hárbir ıdıstı dánge awmastırıp, oǵırı mol ǵálle jıynaptı. Bir qızıq jeri, bunıń ǵálleleri suw qabaqta saqlanǵanlıqtan shirimey, tıshqan jey almay, hasla ısırap bolmaptı. Al uraǵa dán kómgen adamlardıń ǵálleleriniń yarımın tıshqan jep ketipti.

Sol-sol eken, jigit Ámiwdáryanıń Aralǵa quyar jerindegi ataqlı, qurǵın xojalıqqa aylanıp, dańqı pútkil dúnyaǵa taralıptı. Soǵan qaramastan ol jigit jılına keminde bir mártebe aqıl-násiyat bergen dana ustazına barıp, sawǵa aparıp, aq pátiyasın alıp qaytadı eken.

*2010-jıl*

# NANNIŃ QÁDIRI YAMASA QARǴA AYNALǴAN UN

*(Anam aytqan ápsana)*

Men onda ele kishkentay, mektepke de barmaytuǵın edim. Qılarǵa isimiz joq, qońsınıń balası Orazbay ekewimiz «Dáwlen terek»tiń astında azannan keshke shekem oynaymız, túste de úyge barmaymız. Oyınnıń qızıǵı ash bolǵammızdı da umıttıradı biziń.

Awıllıq mektepke baratuǵın jol «Dáwlen terek»tiń ústinen ótetuǵın edi. Quraq dorbaların asınǵan úsh-tórt bala bir nárselerdi ózara soylesip baratır, qollarında tandırǵa japqan nan. (Ol gezleri mektepke nan alıp barıw, tánepiste nan jew ayıp emes edi, sebebi mekteplerdiń qasında házirgidey asxana, yaki bufet degen bolmaytuǵın edi.)

Úlken klasslar tústen keyin oqıydı, olardıń oqıwǵa baratırǵam tústiń bolǵanın ańlatadı.

— Ash boldım, úyge qaytayıq, — dedim men Orazbayǵa.

— Toqta, azıraq oynayıq, ábden ash bolsaq, mektepke baratırǵanlardan nan sorap alıp jeymiz, — dedi ol.

Bul waqıtta biziń ájapamlardıń qurdasları — úsh qız bizlerdiń tusımızǵa jaqınlap qalǵan edi.

— Nan ber ya? — dep soradım men dáslep qızlardan, Orazbay da alaqanın tutı.

— Má, — dep qızlar bizlerge mektepke aparatırǵan shóreklerinen hár qaysısı yarımın sındırıp, berip ketti.

Bizler górqawlıqqa salıp, onıń ústine qızıq kórip, tusımızdan ótkenniń bárinen nan soray berippiz. Jıynalǵan shórekler ádewir bolıp qaldı. Onıń bárin jep, túwesiw qayda, meylimiz alǵansha jedik te, qalǵanların terektiń túbine qoydıq.

— Birew bolmasa birew olardı alıp ketpey me? — dedim men.

— Ayaq kiyimlerimizdi ústine qoyayıq, sonda onı heshkim taba almaydı, — dedi Orazbay.

Balamız ǵoy, solay ettik. Nandı ayaq astı qılıwǵa bolmaytuǵının qaydan bilippiz. Soń, bir maydannan keyin, taǵı ash bola basladıq. Biraq endi shóreklerge ayaq kiyimimizdiń astındaǵı topıraqlar túsip, jewge jaramsız bolıp qalıptı, ilájsız úyge qayttıq.

Men kelgennen soń bolǵan waqıyanı apama aytıp berdim. Sonda apam:

— Tez bar da, sol nanlardı alıp kel! — dep baqırdı maǵan.
— Onı ne qılasań, apa!
— Qaytıp nan jeytuǵın bolsań, ózińe jegizemen!
Usı erkeligim, apamdı tıńlamay, men qashıp kettim. Gewgim túskennen keyin apam meni jasırnıp otırǵan jerimnen tawıp aldı. Soń arqalap júrip:
— Natuwrı etipseń, balam, gápimdi jaqsılap tıńlap al, soń nannıń qádirine jetetuǵın bolasań, — dedi hám maǵan usı ápsanam aytıp berdi:

***

... Bunnan kóp ertede, adamlar búytip egin ekpeydi eken. Jıldıń házirgidey tórt máwsimi boladı eken. Qıstıń kúnleri aspannan appaq bolıp un jawadı eken. Sol waqıtta barlıq adamlar qalta-qapshıqların, ıdısların, hátte, shanashına shekem unǵa toltırıp aladı eken. Soń sol unnan jıl dawamında, yaǵnıy kelesi qısqa shekem, awqat pisirip, kún keshiredi eken.
... Qıs máhálinde bir hayaldıń tilep alǵan jalǵız balası «dalada oynayman» dep shataq shıǵarıptı. Hayal qamır iylep otır eken. «Bara ǵoy» depti ol balasına. Keyin úy mashqalaları menen aralasıp, balasın qadaǵalawdı umıtıptı. Oyınnıń qızıǵına túsken bala ábden tońıptı hám ıshtanın sheshiwge shaması kelmey, dizkiyimine dáret sındırıp qoyıptı, keyin apasın shaqırıp, jılaptı. Jan iynine ot túsip, halqılap juwırıp barǵan hayal, albırap sıpırıwǵa heshteńe tappaptı, átirap appaq un, al adamlar onı qapshıqqa salıp, jıynap júrgen eken. Sonda hayal bir uwıs undı alıp, balasınıń pataslanǵan denesin súrtken eken, qápelimde átiraptaǵı appaq un — appaq qarǵa aylanıp, isirapıldıń súrgini urıp, hámmeni ábigerlendirip, tońdıra baslaptı.
Qapshıqlap un jıynap júrgen xalayıq zirdek qatıp, úyli-úylerine tıǵılıptı. Ele heshkim de, jıl boyı jeytuǵın azıǵın jıynap bolmaǵan eken. Sol jılı sonıńday ashlıq bolıptı, hátte adamlar, mush-mushlarda, qıspaqlarda, tekshelerde qalǵan qattı nan bóleklerin áshirepilep, ǵayzap jepti. Jerge túsken usaqlardı da qásterlep, mańlayına tiygizip, terip alıptı.
Biraq ana-tábiyat adam balasınıń islegen qáteshiligin keshirmepti. Sol-sol eken, aspannan qaytıp hasla un jawmaytuǵın bolıptı. Adamlar mańlay ter tógip, taban etin tildirip, jer súrip, egin egipti. Ala báhárde dán sewip, jaz boyı tárbiyalap, gúzde pisirip, awır mashaqatlar menen awqat etipti. Lekin, olar sonda ǵana unnıń hám nannıń qádirine jetken eken...

***

... Apam áńgimesin aytıp túwesti. Gáptiń maǵan tásir etkenligi sonshelli, men ózimdi qoyarǵa jer tappadım.

— Qáteligimdi qáytkende óteymen, apa? — dedim men.

— Alıp kel, sol nan bóleklerin, men shańın qaǵıp, suwǵa juwıp beremen, sen mańlayıńa tiygizip jeyseń, sonda ǵana seniń gúnáń óteledi, — dedi apam.

Men «Dáwlen terek»ke qaray juwırıp kettim. Biraq ol jerden nan bóleklerin taba almadım. Qanǵımay iytler onı álleqashan jep ketipti.

... Mine onnan berli de aradan neshshe jıllar ótti. Anam biyshara álleqashan qaytıs boldı. Ómirde ne bolmaydı, geyde quwanısh, geyde qayǵı júz beredi. Orazbay joram da universitetti pitkereyin dep turǵanda, ańǵa ketip baratırıp, mashinası awdarılıp, avariyadan ólip ketti.

Lekin quwanıshtı bilmedim dá, biraq endi qayǵı-hásiret bolsa, bunıń barlıǵı sol bayaǵı balalıǵımda islep qoyǵan qáteligimniń zawalı sıpatında túyiledi de turadı maǵan.

*2011-jıl.*

## TANDÍR YAMASA MIYMANDOS XALÍQ HAQQÍNDA ÁPSANA

*(Qaraqalpaqlardıń shıǵısı haqqında anam aytqan ertek)*

Áyyem-áyyem zamanlarda, sheksiz Turan sahralarında, aq kókirek, tek te qara miyneti — taban eti, mańlay teri menen kún keshirip, hadal ómir súrgen bir xalıq bolıptı. Olardıń erkekleri duǵıjım deneli, shetinen palwan, oǵırı ǵayratlı insanlar eken.

Basqalardan ayrılıp turatuǵın bir ózgesheligi — olar basına qara qalpaq kiyip, om hasla taslamaydı eken, hátte uyqıǵa jatar gezde de, qalpaǵı menen júzin kólegeylep, betiniń ústine bas kiyimin qoyıp uyqılar eken. Al qızları bolsa, oǵada iybeli bolıp, basına ǵazna maqpaldan pópekli taqıya kiyip, er jetkenshe tulımshaǵı-ǵulpaǵı menen júrer eken.

Bul xalıqtıń nasharları sóz benen sıpatlap bolmaytuǵın oǵırı sulıw, teńi-tayı joq gózzal — názálimler eken. Olardıń tań qalarlıq bir qásiyeti — bul xalıq hayal-qızların úlken húrmet-izzetke bólep, tapqan-tergenin, ulıqpanında barınıń eń bahalı, eń sulıwın, eń jaqsısın qızlarına kiyindiredi eken. Sonlıqtan bul elde hayal-qızlar jipek lipasqa malınıp, ayrıqsha kiyinip, tillá óńir-monshaqlardı taǵınıp

júredi eken, qımbat taslı, merwert qaslı júzik, sırǵa, árebek bul elde hárbir nasharda boladı eken.

Kúnlerde bir kún qońsılas eldiń patshasınıń balası bul eldiń húkimdarınıń jalǵız qızınıń sulıwlıq dańqın esitip, ahıw-zar áylep, ashıq bolıp qalıptı. Ol arnawlı túrde jawshı jiberip:

— Qálegenińshe qalıń mal beremen, — dep gózzal qızdıń qayılshılıǵın soraptı.

Lekin ata-anasınan, ustazlarınan jaqsı tárbiya alǵan aqıllı qız óziniń kindik qanı tamǵan áziz topıraǵın, tuwǵan mákanın, qanalasların, qurbı-qurdasların, birlikli elatın taslap, baylıq, dańq, mártebe ushın ózge jurtqa ketkisi kelmey, qarsılıq bildiripti.

Kútken juwabı kewildegidey bolmaǵan soń ózge eldiń patshası:

— Eger aytqanımızǵa kónbeseńiz, biz elińizge urıs ashıp, sizlerdi qural menen jawlap alamız, qul bolıp jasaysız, biz jurtıńızdı baǵındırıp qoyatuǵın bunday qúdiretli kúshke iyemiz, biziń shártimizge qayıl bolıp, aytqanımızǵa kónbeytuǵın bolsańlar, tez arada xabarın beriń! — depti bul gáplerden qorqıp, seskener degen olar.

Aqıllı qız egil-tegil jılaptı, jalǵız qara basınıń ǵamı ushın pútkil eliniń búlginshilikke túsetuǵınına qattı qıynalıptı. Sonda kópti kórgen kekse, nuranıy aqsaqallar kelip, qızdı jubatıptı:

— Jılama, qızım, biz elmiz, perzentimizdiń kóz jasın kórip, ózlerimiz qalayınsha tınısh jasaymız, ózge elge, súymeytuǵın adamnıń qol astına seni jiberip, ata-anańdı, qurbı-qurdaslarıńdı, tuwǵan mákanıńdı ómir boyı saǵındırıp qoyıw insaptan bolmas, biz ózimizdiń tegimizdi, ar-namısımızdı neshshe qırǵın sawashlarda da, qorǵap qalǵanbız, áwelhá quda, ele de qorǵap qalamız! — depti olar.

Solay etip aqsaqallar el basshıları menen, áskerlerdiń sárdarların jıynap oylasıp, bir sheshimge kelipti: tań atıwdan óz jurtınıń shegarası boylap, tandır dúzetiwge kirisipti. Buǵan kempir-ǵarrılar, qatın-qalashlardan baslap, kishkene, apıl-tapıl júretuǵın nárestelerge shekem qatnasıptı.

Sonda awır ılay jumısınan sharshaǵan, máseleniń túp-tiykarın durıs ańlap jetpegen ayırım adamlar:

— Bunshama tandırdıń ne keregi bar, biykardan-biykar miynet etip atırmız, az sanlı xalqımızǵa burınnan bar tandırlardıń ózi de nan jabıwǵa jetedi ǵoy, onnan da, el qorǵaytuǵın jigitler mashqı etip, jawǵa qarsı shıǵıwǵa tayarlansa bolmas pa edi! — dep tońqıldasıp-gúńkildesipti.

— Joq! — depti sonda bul gáplerdiń ushlıq-pushlıǵın esitip qalǵan kekse, nuranıy bir aqsaqal. — Biz tandırdı óz elimizdiń shegarası boylap qoyıp shıǵamız, bul birinshiden — biziń ata-babalarımızdan qalǵan miyras — jurtımızdıń uzınına-enine qanshama keńlikti alıp atırǵanın ańlatadı, ekinshiden — bul biziń miymandos, haq niyetli xalıq ekenimizdi, sırttan adam kelse, jıllı júzlilik penen, ıssı nan menen kútip alatuǵınımızdı bildiredi, al eger jaw tákabbırlıq etip, tandırdı buzıp, shegaramızdan ótse, ol hesh waqıt mandımaydı, sebebi tandır buzǵandı táńirim jaqsı kórmegen, ol qudaydıń qulı emes, — dep tamamlaptı ol gápin.

Sóytip bul xalıq úlken awızbirshilik penen eliniń shegarası boylap tandır dúzetip, keleshek áwládqa ata-mákanın belgilep beripti hám ózleriniń oǵırı miymandos xalıq ekenin dálillep kórsetipti.

Belgilengen múddet pitkende erkekleri qara qalpaqtı bas kiyim etip kiyetuǵın elge, dushpan basıp kirmekshi bolıptı. Sóytip bul eldiń shegarasına san mıń atlı áskerler menen kelse, ayaq basar orın joq, shegara tandır menen qorshalıp turǵan eken.

— Endi ne qılamız, bul neniń mánisi eken? — dep áskerler ań-tań bolıp, hayran qalısıptı.

— Áy, buzıp kireyik, bizge qarsı turıwǵa tayarlanıwdıń ornına, bul aqmaqlardıń qılǵan isine qara! — dep alǵa qaray dápinipti sonda bir qopal jawınger.

— Yaq, yaq! — dep toqtatıptı onı aqıllı áskerbası. Qorǵan salmay, shegaraǵa tandır ornatqanına qaraǵanda bul bir biymálel, ózine tiymeseń, seniń menen isi joq, márt, mómin xalıq bolıwı kerek, tandırlarda biziń ómirimizdiń ózegi bolǵan házireti nan-shórekler pisedi, onı buzıw insanıylıqqa jatpaydı, bulay is etiw — pútkil tirishilikke qarsı shıǵıw degendi ańlatadı! — depti ol hám áskerlerdi irkip, keynine qaytarıptı.

Eline kelgennen keyin, patsha buǵan narazı bolıp, buyrıqtı orınlamaǵanı ushın áskerbasınıń gellesin almaqshı bolıptı. Lekin ádalatsız húkimge heshkim qol urmaptı. Qaytama narazı xalıq áskerlerge qosılıp, sarayǵa hújim jasap, jawız patshanı qulatıp, ádil áskerbasını húkimdar etip saylaptı.

Sonda onıń danalıǵı hám tapqırlıǵın moyınlaǵan qızdıń ákesi:

— Qızım, men seni heshteńege májbúrlemeymen, súygenińe qosıl, qálegen adamıńa qostar bol, lekin ózge jurtqa ketejaq bolsań, seniń

salǵan tandırlarıńdı buzbaǵan sol ásker basıǵa basıńdı shatqanıńdı qáler edim, — degen eken.

... Shınında da sonday bolıptı. Ákesiniń qızına aytqan násiyatın elshilerden esitken, házir húkimdar bolıp taxtta otırǵan áskerbası bul miymandos eldiń patshasınıń qızın ayttırıp kelipti hám qızdıń ata-anasınıń, eliniń, óziniń qayılshılıǵın alıp, ekewi qıyametlik qostar bolıp, awızbirshilikli jasap, esap-sansız úrim-putaq kórip, dańq-dáwletli bolıptı.

Al endi ata-babasınan qalǵan miyras mákanın qásterlep, óz jurtınıń shegarasın dógereklep tandır dúzetken miymandos el-xalıq kim deysiz ǵoy?!

Bul biziń ata-babalarımız — qaraqalpaqlar eken!..

*2012-jıl*

## MAZMUNÍ

### «BESINSHI AWÍL BALALARÍ» DÚRKININEN

Aral boyındağı awıl *(Kinoqıssa)*....3
1. Mátekeniń mashını....3
2. Baldaqlı adam....5
3. Temirbek shofyor boldı....8
4. Biytanıs atlı yamasa «Dawlen terek»tegi tún....10
5. Qanxor qolğa tústi....14
6. Yakov kim?....17
7. Jalaxor jazasın tarttı....22
8. Ayaq pa, kósew tayaq pa?....24
9. Yaqıptıń balası....25
10. Temirshiniń qońırawı....27
Teńiz tuwlaydı....30
Táğdirim *(Novella)*....35
Aq atlı, yamasa atamdı kórgen adam....40
Aq tal ayıplı ma? *(Tuńğısh muhabbat báhári)*....44

### «NAZÍBAYGÚL» DÚRKININEN

Nazıbaygúl....47
Taw tóbesindegi jalğız jay....48
Bóz kóylek (novella)....50
Teńiz jağasında *(Jurnalisttiń áńgimesi)*....52
Sarı shımshıqlar....56
Barlıqbay nege balıq jemedi?....59
Ayaz baba kim eken?....61
Kewil názikligi....62
Tazalıq ushın baha....65
Tam tóbesindegi tentek....67

### «BOLAR BALA BES JASÍNAN» DÚRKININEN

Meniń álipbem....68
Bawırsaq....69
Atamnıń kásibi....71

Orınsız ókpe .......... 73
Jolbarıs *(Shegarashınıń ańgimesi)* .......... 74
Begdiyar nege uyaldı? .......... 77
Bir uwıs topıraq .......... 78
Eń kúshli .......... 79

## «QARA PÍSHÍQ PENEN QARA KÚSHIKTIŃ QÍLWALARÍ» DÚRKININEN

1. Qara pıshıq qaydan keldi? .......... 81
2. Joytılǵan kolbasa .......... 83
3. Shójeler qayda ketti? .......... 85
4. Muzlatqıshtı kim ashqan? .......... 88
5. Qazandaǵı gósh qayda? .......... 89
6. Aǵam kúshik ákeldi .......... 90
7. Kámpiytke qushtar kúshik .......... 92
8. Kúshik ǵarbız jeydi .......... 94
9. Júzim nege quwradı? .......... 95
10. Qara kúshiktiń «koncerti» .......... 97

## «ÁKEM HAQQÍNDA ÁŃGIMELER» DÚRKININEN

Besinshi awıl .......... 99
«Zinger» mashın .......... 100
Digirman .......... 102
Arzıgúl sheshemniń shıpa emi .......... 105
Qara qus .......... 107
Serppe yamasa ákem oylap tapqan úskene .......... 109
Qawın qostaǵı qısınıspa .......... 112
Puqtalıq yamasa hákten jonılǵan máyek .......... 115
Jıllar ótken soń *(Sońgı sóz ornına)* .......... 116
Jaw shımshıq *(Ákem aytqan ańız)* .......... 117
Suw qabaq *(Ákem aytqan ańız)* .......... 117
Nannıń qádiri yamasa qarǵa aynalǵan un *(Anam aytqan ápsana)* .......... 120
Tandır yamasa miymandos xalıq haqqında ápsana *(Qaraqalpaqlardıń shıǵısı haqqında anam aytqan ertek)* .......... 122